РЦИ-АЛАНИЙ АХУРАДÆ ÆМА НАУКИ МИНИСТРАДÆ

**Тезити Маргаритæ**

# АЛФАНБУЛАЙ ДУЙНЕ БАЗОНУН

## РÆВДАУÆНДÆНТТИ ХЕСТÆР КЪУАР (5–6-АНЗДЗУД)

## МЕТОДИКОН ÆНХУСИ КИУНУГÆ (АХУРИ УСМИТИ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцудæй Уæрæсей Федераций Ахурадæ æма науки министради барлæвæрдæй*

Дзæуæгигъæу
2012

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская

*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**Тезиева М. С.** Ознакомление с окружающим миром; (старшая группа ДОУ) – Владикавказ: Издательство СОГПИ, 2012. – 170 с.

© СОГПИ, 2012
© Тезиева М. С. 2012

Аци методикон ӕнхуси киунугӕбӕл бакустонцӕ ЦИППИ ЮНЕСКО-й кафедри ӕмкосгутӕ «Дигорон националон ахуради концепций» бундойрон гъудитӕмӕ гӕсгӕ. Конспекттӕ арӕзт ӕнцӕ Л.А. Парамоновай редакцигонд «Рагагъон ӕма скъолаагъонмӕон кари сабийти гъонбӕладӕ, ахурадӕ ӕма ирӕзти дӕнцон ӕмахуради программӕ»-мӕ гӕсгӕ. Программи медеси бундор ӕй скъолаагъонмӕон учреждении ахурадон процесстӕ царди рауадзун. Аци программӕ ӕвзурст ӕрцудӕй, дууӕӕвзагон рӕвдауӕндони архайди фӕлтарунӕдтӕ си ке ес, уомӕ гӕсгӕ. Программӕ арӕзт ӕй куд бундор, регионалон ӕма автори методикон куститӕн, уотӕ, ӕма, уомӕ гӕсгӕ, хунгӕ дӕр кӕнуй «Дӕнцон». Бацӕттӕгонд конспекти националон-регионалон компонент ӕфтуд ӕй скъолаагъонмӕон учреждении ахурадӕмӕ, куд барӕуадзӕ хай сабийти ахур ӕма ирӕзтӕн, уотӕ. Еумӕйаг ахурадон итигъдадӕ искӕнунмӕ рӕвдауӕндони арӕзт ӕрцудӕй хецӕн перспективон-тематикон пълан. Тематикон еудзийнадӕ бӕрӕг ӕй еугур ахури усмитӕ, уӕдта иннӕ режимон процессти дӕр. Еугур ахури усмити организацион формӕ ӕй дӕлкъуарон, ӕвӕрд ба ӕй сабийти уӕгъдебар архайди бундорбӕл ахуради медӕгӕ.

Скъолаагъонмӕон сабийти ахуради медӕгӕ сӕйрагдӕрбӕл нимад ӕй дидактикон гъазт. Алли теми ахур дӕр райдайуй алфанбулай дуйней ахури усмити, кӕцитӕ фӕуунцӕ алли къуӕрейӕн дӕр ӕ райдайӕни.

Идарддӕр ба, ахурадон ӕма гъонбӕладон иннӕ архӕйдтити фӕрци урухдӕр ӕма парахатдӕр ӕвдист цӕуй ахуркӕнуйнаг темӕ.

Авторти къуар сӕ зӕрдӕ дарунцӕ ӕма корунцӕ, цӕмӕй аци методикон ӕнхуси киунуги туххӕн уӕ феппайуйнӕгтӕ ӕма фӕндӕнттӕ ӕрбарветайтӕ мӕнӕ ауӕхӕн адресбӕл:

*Адрес:* 362003, РЦИ-Алани, Дзӕуӕгигъӕу, К. Маркси гъ., 36 х., Цӕгат-Иристони Паддзахадон педагогон институт, ЮНЕСКО-й кафедрӕ.
*Телефон:* (8672) 53-89-73.

## Хестæр къуари ахурадон план

| № | Ахури усмæ | I вариант (ахури усмитæ къуæрей медæгæ) | II вариант (ахури усмитæ къуæрей медæгæ) |
|---|---|---|---|
| 1. | Хумæтæги математикон зонунæдти ирæзт | 1 | 1 |
| 2. | Дигорон æвзаги ирæзт | 3 | 1 |
| 3. | Уруссаг æвзаги ирæзт | 2 | 1 |
| 4. | Алфанбулай дуйне зонунадæ | 1 | 1 |
| 5. | Музыкалон аййевадæ | 2 | 2 |
| 6. | Хузтæкæнуни аййевадæ | 2 | 2 |
| Æдеугур | | 11 | 9 |

## Ахури усмити темитæ хестæр къуари САУ

| № | Темæ | Усмити бæрцæ |
|---|---|---|
| 1. | Бийнонтæ | 2 |
| 2. | Алци зонун мæ фæндуй | 2 |
| 3. | Мæ бæстихай | 2 |
| 4. | Мæ бæстæ | 2 |
| 5,6. | Фæззæг | 4 |
| 7. | Зайæгойти дуйне | 2 |
| 8. | Цæрæгойти дуйне | 2 |
| 9. | Дæлдон дуйне | 2 |
| 10. | Ӕрдзæ – нæ хæдзарæ | 2 |
| 11. | Мæ бауæр | 1 |
| 12. | Музыкалон жанртæ | 3 |
| 13. | Хуæруни уаг | 2 |
| 14. | Националон дарæс | 2 |
| 15. | Транспорт | 2 |
| 16,17. | Зумæг | 4 |
| 18. | Дæсниæдти дуйне | 2 |
| 19. | Спорт | 2 |
| 20. | Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ | 2 |
| 21,22. | Уалдзæг | 4 |
| 23. | Тæссаг уавæрмæ гъосдард | 2 |
| 24. | Зундгин машинттæ | 2 |
| 25. | Космос | 2 |
| 26. | Мæргътæ | 2 |
| 27. | Минкъий цæрæгойтæ | 2 |
| 28. | Уæлахези бон | 2 |
| 29. | Театр, кино | 2 |
| 30. | Ӕгас цо, сæрдæ | 2 |

## Перспективон-тематикон план
## Хестæр къуарæн (5–6-анздзуд) алфамбулай дуйне базонунмæ

| № | Темæ | Ахури усмити бæрцæ | Нисан |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1 | Бийнонтё | 1 | – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ бийнонти туххæй, цæмæй зононцæ, хеуонтæй син ка куд бауй, уой. Сабийтæй алкедæр гъæуама раст зæгъун зона, бийнонти иуæнгтæй кæмæн куд хæстæг æй, уой.<br>– Ирæзун кæнун, сабийти логикон гъудикæнунадæ.<br>– Сабийти гъонбæл кæнун, цæмæй сæ бийнонти уарзонцæ æма сæбæл еузæрдон уонцæ. |
| 2 | Алци зонун мæ фæндуй | 1 | – Сабийти ахур кæнун еу предметти нихмæвæрд функцитæ дзорун, уæдта хатдзæгтæ кæнунбæл.<br>Бæрæг формитæмæ гæсгæ, сæ алливарс предметтæ иссерун. Исбæрæг æма ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ цæрæгойти туххæй, сæ цард æма сæ бакаст сæ цæрæнбунат æма климæти хæццæ куд баст æй, уой туххæй.<br>Æримисгæ ихæслæвæрдтæ хинцунбæл сæ ахур кæнун.<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъосдард, логикон гъудикæнунадæ.<br>– Гъонбæл кæнун сабийти, ести нæуæг зонундзийнæдтæ базонунмæ разæнгард куд уонцæ, кæрæдземæ ба игъосун куд зононцæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 3 | Мæ бæстихай | 1 | – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ райгурæн бæсти туххæй. Сабийти базонгæ кæнун горæттæ, гъæутæ æма цæугæдæнтти нæмтти хæццæ.<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.<br>– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй сæрустур уонцæ сæ райгурæн бæстæй. |
| 4 | Мæ бæстæ | 1 | – Арфдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ Уæрæсей туххæй, куд, ци паддзахади цæрунцæ, уой. Базонгæ сæ кæнун Паддзахадон герб, туруса æма турусай хуарæнти хузти хæццæ. Ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ къартæ æма глобуси туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, ахур сæ кæнун гъудиæдтæ дзорун æма хатдзæгтæ кæнунбæл.<br>– Гъонбæл сæ кæнун Райгурæн бæстæ уарзунбæл æма си сæрустур куд уонцæ, уобæл. |
| 5 | Фæззæг | 1 | – Ниффедар æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ анзи афæнтти туххæй; ахур сæ кæнун анзи афони сæйрагдæр минеугутæ бæрæг кæнунбæл, уæлдайдæр ба – фæззæги туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъудитæ бæлвурд дзорунадæ, уæдта æримисунадæ æма гъосдарунади фæлтæрунадæ.<br>– Гъонбæл сæмæ кæнун уарзондзийнадæ райгурæн бæсти æрдзæмæ. |
| 6 | Фæззæг | 1 | – Сабийтæмæ ирæзун кæнун рæзæ æма халсартæ æртасуни арæхстдзийнæдтæ уæдта ци пайда æнцæ, уой дæр.<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъудикæнунадæ, æримисунадæ æма гъосдарунадæ.<br>– Сабийти гъонбæл кæнун, æ гъæздугдзийнæдтæ нин ка лæвар кæнуй, еци æрдзæбæл уодун. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 7 | Зайæгойти дуйне | 1 | – Сабийти зонгæ кæнун лæдæруйнæдтæ: «Зайæгойтæ», «Зайæгойти дуйне». Ниффедар кæнун зайæгойти дуйней туххæй зонундзийнæдтæ, уæдта æ рæсугъддзийнадæ æма æ пайдай туххæй.<br>– Сабийти ахур кæнун хатдзæгтæ кæнунбæл.<br>– Ирæзун кæнун сабийти берæвæрсуг гъосдарунадæ.<br>– Гъонбæл кæнун зайæгойти дуйнемæ цæмæдес унбæл, æрдзæмæ ба хуарз цæстæй куд кæсонцæ æма ибæл куд уодонцæ. |
| 8 | Цæрæгойти дуйне | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ цæрæгойти берæвæрсуг дуйней туххæй.<br>– Ахур кæнун сабийти, цæмæй сæ бон уа рабарун æма хатдзæгтæ искæнун.<br>– Ирæзун кæнун сабийти феппайунадæ æма зæрдæбæл бадарунадæ.<br>– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй цæрæгойти уарзонцæ æма сæбæл уодонцæ.<br>Рагагъонмæ куст: Бакæсун æрмæг «Кæми рæфтад кодта æхсæрæцъеу». Мæргътæ, сирдтæ, кæсæлгитæ æма биндзити минеугутæ базонунмæ схемити хæццæ гъазт. |
| 9 | Дæлдон дуйне | 1 | – Сабийти зонундзийнæдтæ урухдæр æма бæлвурддæр кæнун дони медæгæ цæргути дуйней туххæй. Ахур кæнун сабийти денгизон æма цæугæдони кæсæлгитæ хецæн кæнунбæл.<br>– Игурун сæмæ кæнун хатдзæгтæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ.<br>– Ирæзун кæнун сабийти æргъудидзийнадæ.<br>– Гъонбæл сæмæ кæнун зонундзийнæдтæмæ цæмæдесдзийнадæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 10 | Æрдзæ – нæ хæдзарæ | 1 | – Идарддæр урухдæр кæнун сабийти зундрахаст. Сæ зонундзийнæдтæй, багъæуаги – зин уавæри, испайда кæнун сæ бон куд уа.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун, æрдзæ куд гъæуай кæнонцæ æма ибæл куд ауодонцæ. |
| 11 | Мæ бауæр | 1 | – Сабийтæмæ ирæзун кæнун адæймаги дессаги (уникалон) бауæргъæди туххæй зонундзийнæдтæ. Раргом син кæнун адæймаги аллихузон оргæнти нисанеуæг.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ.<br>– Ахур сæ кæнун, цæмæй сæхебæл уодонцæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй сæ фæндæуа æнæнез цард кæнун уæдта хе бауæр хуæздæр базонунбæл. |
| 12 | Фингæбæл хе даруни æгъдау | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун иуазгути финги æгъдауи уаги фæткитæ.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.<br>– Гъонбæл кæнун сабийти æгъдаугин унбæл, кæрæдзей ба куд уарзонцæ æма куд лæдæронцæ. |
| 13 | Пайда æма хуæрзадæ хуæруйнаг | | – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ хуæруйнæгти туххæй, куд аллихузон æма пайда æнцæ адæймаги царди.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй, хуæруйнæгтæ ци пайда хæссунцæ, уой зонгæй, се ’нæнездзийнадæбæл ауодонцæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 14 | Зумæг | 1 | – Федардæр æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнадтæ зумæги бæрæггæнæнти æма мети минеугути туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, сæ гъудитæ раст дзорун æма бæлвурд канун куд зононцæ.<br>– Ӕрдзæ базонунмæ цæмæдес куд уонцæ, куд ибæл ауодонцæ, еци хузи сæ гъонбæл кæнун. |
| 15 | Зумæг | 1 | – Федардæр æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнадтæ зумæгон царди туххæй, гъæддаг цæрæгойтæ æма Цæгат Иристони ци цæрæгойтæ цæруй, уони туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, ахур сæ канун хе гъудитæ раст дзорун æма хæтдзæгтæ кæнунбæл.<br>– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй æрдзæбæл ауодонцæ. |
| 16 | Националон дарæс | 1 | – Сабийти зонундзийнæдтæ урухдæр кæнун националон хъæпбæлти туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, æримисунадæ æма сæ гъудитæ дзорун.<br>– Гъонбæл сæмæ кæнун адæмон истори æма хæзнатæмæ цæмæдес куд уонцæ, адæмæн ба кадæ куд кæнонцæ. |
| 17 | Транспорт | 1 | – Федардæр æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ транспорти туххæй. Транспорти хузтæ хецæн кæнуни (классификаци) æрæхсдзийнæдтæ сæмæ иæрзун кæнун.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун еститæ кæнунбæл, ескæмæ лæмбунæг игъосунмæ æма кæрæдзей æнтæстдзийнæдтæбæл цийнæ кæнун. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 18 | Дæснийæдтæ | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ дæснийæдти тухxæй.<br>– Сабийтæн балæдæрун кæнун, алли куст дæр кæронмæ кæнгæ ке æй, уæдта дæснийади фæззинд еу адæймаги нæ, фал берети ке гъæуй, уой.<br>– Ирæзун кæнун логикон гъудикæнунадæ, æма сæ гъудитæ раст дзоруни арæхсдзийнадæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун еске кустæн аргъ кæнунбæл. |
| 19 | Спорт | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ спорти тухxæй, уæдта фæразон æма æнæнез унæн спортæй архайун ке гъæуй, уой. Балæдæрун син кæнун «къомандон» æма «еунæгон» спорти еристи хузтæ.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма гъосдарунадæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун æнæнез царди уаг кæнунмæ куд тундзонцæ. |
| 20 | Фидибæстæ гъæуай-гæнгутæ | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ Уæрæсей æфсади тухxæй;<br>– Ахур сæ кæнун æфсæдти хузтæ сæ символтæмæ гæсгæ, хецæн (классифика-ци) кæнун<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ.<br>– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй уарзонцæ Уæрæсей æфсад æма си сæрустæр уонцæ. |
| 21 | Уалдзæг | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ уалдзæги тухxæй, гъæддаг сирдтæ æма мæргъти царди тухxæй, уæдта цардæгас æма æнæуод æрдзи бастдзийнæдти тухxæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун æрдзæ куд уарзонцæ æма ’й куд гъæуай кæнонцæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 22 | Уалдзæг | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ адæни уалдзигон кустити туххæй: будурти, хумти, дзæхæрадæнтти, рæзбунти, паркти.<br>Предметти æхсæн асоциативон æма ситуативон бастдзийнади æууæлтæ бæлвурддæр кæнун, урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ алфанбулай дуйней туххæй.<br>– Гъонбæл сæ кæнун будури хумтæ, дзæхæрадæнттæ æма рæзбунти уалдзигон куститæ ка кæнуй, уони кустæн аргъ кæнунбæл. |
| 23 | Тасдзийна-дæмæ гъос-дард | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ сугъдæрцуди туххæй;<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъудикæнунадæ æма гъосдарунадæ.<br>– Сабийти гъонбæл кæнун зингхуссункæнæги дæснийадæн аргъ куд кæнонцæ удта багъæуаги ба сæхе бон дæр зинг ниххуссун кæнун куд уа. |
| 24 | Зундгин машинттæ | 1 | – Исбæлвурд æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ царди медæгæ гъæугæ аллихузон техники туххæй, кæци адæймаги къох рæуæгдæр кæнуй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти æримисунадæ фантази. Ахур сæ кæнун уæхæн нæуæг косæн дзаумæуттæ (прибортæ) æргъуди кæнунбæл, кæцитæн уа нæуæг функцитæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун адæймаг ци дзаумæуттæй архайа, уонæбæл куд ауодонцæ. Сæ гъос син æрдарун гъæуй еци техникæ адæймаг ке æргъуди кодта æма æ фæххуæздæр кæнун дæр æхемæ ке кæсуй, уомæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 25 | Космос | 1 | – Сабийтæн Космос, Зæнхæ æма Мæйи туххæй радтун лæдæрунади фиццаг зонундзийнæдтæ.<br>– Ирæзун кæнун сабийти æримисунадæ, логикон гъудикæнунадæ, хатдзæгтæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ.<br>– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй нæуæг зонундзийнæдтæмæ цæмæдес уонцæ. |
| 26 | Мæргътæ | 1 | – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ мæргъти туххæй. Мæргъти бауæри хæйттæ, ци хуæрунцæ æма куд хуннунцæ, уой ниффедар кæнун. Сабийти зæрди æрæфтаун зумæгеуатгæнæг æма гоцгæнагæ мæргътæ ке йес, уой.<br>– Сабийтæн ирæзун кæнун сæ гъудикæнуйнади арæхстдзийнæдтæ æма сæ гъудити цæстæнгас бæлвурддæр кæнун.<br>–Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй уодæгас æрдзæ уарзонцæ æма ибæл ауондонцæ. |
| 27 | Минкъий цæрæгойтæ | 1 | – Урухдæр æма бæлвурддæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ биндзитæ æма биндзити минеугути тухxæй (сæ еугуребæл дæр 6-гай къæхтæ ес.)<br>– Ирæзун кæнун сабийти исфæлдистадон арæхстдзийнæдтæ æма гъудикæнунадæ. Минеугути еудзийнадæ æма сæ хецæндзийнæдтæ хецæн кæнун куд зононцæ удта сæ балæдæрун кæнун дæр.<br>–Балæдæрун æма ниффедар кæнун уой, æма æрдзæ цидариддæр исфæлдистадæ, уони æхсæн «уæлдай-æнæгъæугæ» ке неци ес. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 28 | Уæлахези бон | 1 | – Ниффедар æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ адæни æскъуæлхундзийнæдти туххæй. Фидибæсти устур тугъди рæстæг æма сæ «Уæлахези Бони» хæццæ бабæттун.<br>– Ирæзун кæнун сабийти гъудикæнунадæ æма зæрдæбæл бадарунадæ. Ахур сæ кæнун гъудий фæрци хатдзæгтæ кæнунбæл.<br>– Гъонбæл сæ кæнун цæмæй сæ Райгурæн бæстæй сæрустур уонцæ, тугъди ветерантæн ба кадæ æма æгъдау куд кæнонцæ. |
| 29 | Телеуину-надæ. Театр | 1 | – Урухдæр æма арфдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ телеуинунади удта си ка косуй, уони туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти имисунадæ, артисти дæснийади арæхсдзийнадæ.<br>– Театрмæ куд цæуонцæ æма театралон исфæлдистадæмæ цæмдес куд уонцæ, уотæ сæ гъонбæл кæнун. |
| 30 | Æгас цо, сæрдæ | 1 | – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ сæрди туххæй, куд анзи афонæ, уотæ; æ характерон минейгути туххæй.<br>– Ирæзун кæнун сабийти игъосундзийнадæ, логикон гъудикæнунадæ, хе гъудитæ раст дзоруни арæхстдзийнадæ.<br>– Æнхус ке гъæуа, уомæн сæмæ фенхус кæнун куд фæндæ уа æма æрдзæбæл куд ауодонцæ, уотæ сæ гъонбæл кæнун. |

**Еумæйаг темæ: «Бийнонтæ»**
**Темæ: «Бабай фиди сæдæ анзей бæрæгбон»**
**Нисан:** – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ бийнонти туххæй, цæмæй зононцæ, хеуонтæй син ка куд бауй, уой. Сабийтæй алкедæр гъæуама раст зæгъун зона, бийнонти иуæнгтæй кæмæн куд хæстæг æй, уой.

– Ирæзун кæнун, сабийти логикон гъудикæнунадæ.

– Сабийти гъонбæл кæнун, цæмæй сæ бийнонти уарзонцæ æма сæбæл еузæрдон уонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** силгоймæгтæ æма нæлгоймæгти хузтæ; рагон дигорон хæдзари царди уаги 2 хузи, фланелеграф (кенæ æрмæгæвдесæн фæйнæг).

**Иуарунмæ:** кизгæ æма биццеуи хузтæ; 3 фæлтæри нæлгоймæгтæ æма силгоймæгти хузтæ; кизгутти, биццеутi, нæлгоймæгти æма силгоймæгтæ, æнсувæр, фиди фидæ, фиди мадæ, бабай фидæ, бабай мадæ). Аллихузон предметти хузтæ (бабай фидæн балæвар кæнунмæ) кенæ предметтæ.

**Рагагъонмæ куст**

Сабийти хæццæ радзорун мæнæ ауæхæн темитæбæл: цæмæн æргъуди кодтонцæ нæмттæ æма муггæгтæ? Нæмттæ ку нæ уидæ, уæд ескæмæ дзорун дæр зин уидæ. Муггæгтæ ку нæ уидæ, уæдта адæймаг нæ зонидæ æ фиддæлти, æрваддæлти æма хæстæгути. Бийнонтæн сæ муггаг еу фæуууй, фал сæ нæмттæ æма фиди нæмттæ ба аллихузон фæуунцæ. Дзурд «фидибæстæ» циуавæр дзурдæй равзурдæй?

*Дзурд «фидæ»- й.*

Хæдзари дæмæ ци куст хауй? Куд анхос кæнис дæ мадæн? Уæ бийнонтæй фулдæр ка косуй? Уæ бийнонтæй дæ ке хæццæ фæффæндуй байзайун? Уæ бийнонти æхсæн хилтæ рауайуй? Цæй фæдбæл? Хатир куд фæккæнетæ? Кæрæдземæн арфитæ фæккæнетæ?

Уæ бийнонти æхсæн кæд фæдздзорунцæ ауæхæн дзубандитæ: дæ хуарзæнхæй, бахатир кæнæ, фæндараст, хуæрзæхсæвæ, æхсицгон мин æй дæ уинд.
Нур ба игурæнбон кенæ бæрæгбони арфитæ æргъуди кæнтæ, мæнæ ауæхæн дзурдтæй пайда гæнгæй: мæ зæрдæ дин зæгъуй, нæ зæрдæ дин зæгъуй, уарзун, уарзæн, лæвар дин кæнун.
**Гъазт «Ка дæн?»**
*Æз дæ мадæ дæн, ду ба мин ка дæ?*
*Æз дæ кизгæ дæн, ду ба мин ка дæ?*
*Æз дæн фурти фурт, ду ба мин ка дæ?*
Фидæ мадæн ка æй? Мадæн ба фидæ ка æй? Дæ фиди фуртæн ду ка дæ?
Дæ хуæри фиди фидæ дæуæн ка æй?
Ка дин æй дæ мади кизгæ?
Ка дин æй, дæ фиди хуæрæ? Ка дин æй, дæ мади æнсувæр?

**Ахури цуд**

Психогимнастикæ (психологон гимнастикæ). (сабийти психоэмоционалон æма психофизикон уавæр). Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.
**Гъ.** Сабийтæ, бийнонти æхсæн циуавæр рахасти минеугутæ фæууй, уони равдесайтæ: рæвдаугæ мади, карз фиди, æгоммæгæс сабиййи, цæлæмбуд хуæри, хæларзæрдæ нанай.
Хъæбæр хуарз, табуафси, нур ба зæгъайтæ ка æнцæ бийнонтæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Уæ бийнонтæ катæ æнцæ?
*3–4 дзуаппи.*
**Гъ.** Куд уæмæ фæдздзорунцæ уæ бийнонтæ. Уæ фидæмæ куд фæдздзоретæ? Мадæмæ? Бабамæ? Нанамæ? Хуæрæмæ? Уæ бийнонтæй хестæр ка æй? Уæ бийнонтæ еумæ ци куст кæнун уарзунцæ?

*Сабийти 3–4 дзуаппи.*
**Гъ.** Сабийтæ, нур ба бийнонтæй рагъазæн. Фæндуй уæ рагъазун? Мах гъазгæй бæрæг кæндзинан бабай фиди сæдæ анзей бон. Куд гъуди кæнетæ, ка æй, цума, бабай фидæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
Ærбадетæ стъолти уæлгъос. Нуртæккæ сумахæй алкедæр æвæрдзæй æ муггаги модель-пирамидæ.
*Сабийти стъолтæбæл: гæгъæдий тъафæ фатæгти хæццæ, кизгæ æма мади хузтæ, силгоймæгтæ æма нæлгоймæгти æртæ фæлтæрей дугай хузтæ. Сабийтæй еу архайуй фланелеграфбæл.*
**Гъ.** Сумахæй алкедæр æ нийийергутæн æй сувæллон. Тъафæн æ тæккæ сæрæй æрæвæретæ хузæ; биццеутæ – биццеуи хузæ, кизгуттæ ба – кизги хузæ. Алкæмæн дæр уи ес мадæ æма фидæ. Æрæвæретæ мадæ æма фиди хузтæ. Уæ нийийергутæн ба ес маддæлтæ æма фиддæлтæ? Мадта уони хузтæ дæр æрæвæретæ. Уæ нийийергути мадæ æма фидæ ба сумахæн ка æнцæ?
**С.** Бабатæ æма нанатæ.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз, æма уæ бабатæ æма нанатæн ба ес нийийергутæ? Æрæвæрæн уони хузтæ дæр. Æма баба æма нанай нийийергути ба куд хондзинайтæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
*Сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг зæгъæд: уæ бабати нийийергутæ сумахæн ба æнцæ бабай фидæ æма мадæ. Уæ нийийергутæн ба ка æнцæ етæ? Сумах ба син айтæ цæуæти цæуæти цæуæт.*
Ærкæсайтæ, ци дессаги пирамидæ нæмæ рауадæй. Еци пирамидæ идарддæр кæнун æнгъезуй. Сашæ, дæ муггаг кæмæй æй? Дæуæн ба, Аланæ? Бийнонтæй алкæмæн дæр ес муггаг. Еци муггаг арæхдæр лæвæрд цæуй фиди æрдигæй, гъома алкедæр райсуй æ фиди муггаг. Мадæн ба фæууй 2 муггаги, еу – æ фиди муггаг, иннæ ба – æ лæги. Муггаг

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

гъеууотæ цæуй фæлтæрæй фæлтæрмæ.
Муггæгтæ берæ къабазгун исунцæ æма кæрæдзей уарзгæй фæццæрунцæ. Мах ба абони бæрæг кæндзинан уæ фидæн æ фиди фиди игурæн бон. Нур ба хузтæ ниввæретæ æма мæ фарсмæ горцъебæл æрбадетæ. Æз уин радзордзæнæн, бабай фидæ ма минкъий биццеу ку адтæй, уæд куд цардæй, уой.
Æркæсун дигорон адæни царди хузтæмæ. Раги дзамани бийнонти æхсæн æндæр æгъдæуттæ адтæй. Нæлгоймаг айдагъ нæлгоймаги куст кодта, силгоймаг ба – силгоймаги куст.
*Æвдесуй хузтæ.*
Ци куст кодтонцæ нæлгоймæгтæ? Хуæруйнаг амал кодтонцæ, цауæни цудæнцæ, зæнхи куст кодтонцæ, фонс дардтонцæ, хæдзæрттæ аразтонцæ.
Æма уæд силгоймæгтæ ба ци куст кодтонцæ? Етæ кодтонцæ хæдзари куститæ, сувæллæнттæмæ кастæнцæ, хуæруйнаг кодтонцæ, хæдзарæ кæдзос æма гъар дардтонцæ, дзæхæрадони куститæ кодтонцæ, дон хастонцæ æма у.и.
Куд уæмæ кæсуй, æнцон სард син адтæй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
Гъæйдæ, нур ба рагъазæн. Æз уин дзордзæнæн бийнонти иуæнгти æма сæ архайд, сумах ба сæ фæнзгæ – æвдист кæндзинайтæ.
Фидæ кустæй æрбацæуй, нана хъæбунтæ фицуй, баба зæгæл къуæруй, мадæ æ дзигготæ фасуй.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Нур ба уи алкедæр еу хузæ райсæд æма уи рауайдзæй устур бийнонтæ.
*Сабийтæ хузтæ райсунцæ, гъонбæлгæнæг ба исбæрæг кæнуй, сабийтæй ка ке роли гъаздзæй, уой.*
**Гъ.** Нур ба исбæрæг кæнæн, кæрæдземæн куд хæстæг айтæ, уой. Фланелеграфбæл хузтæ зилдæй ниффедар кæнæн. Астæуæй уодзæй сувæллони хузæ, æ аллифарс ба – бийнонти иннæ иуæнгтæ.

*Хузтæ зилдæй æвæрд æрцæунцæ, сабийтæ дзорунцæ, бийнонтæ кæрæдземæн куд хæстæг æнцæ, уой. Кæд фланелеграфбæл косонцæ, уæд фатæгтæ æвæрæнтæ, кæд ватмæнбæл, уæдта – хузтæ кæнæнтæ. Архайди рæстæги син гъонбæлгæнæг дзоруй, бийнонтæй ка циуавæр куст кæнуй, уой.*

**Гъ.** Нур ба нæ зæронд бабай фидæн арфæ ракæнæн. Уой туххæй уи алкедæр, хузти æхсæнæй равзарæд хузæ æма зæгъæд, цæй туххæй ин æй лæвар кæнуй, уой. Уæ бон æй уæ нанати, бабати, маддæлти æма фиддæлти номæй дæр лæвæрттæ ракæнун.

**Гъ.** Нур ба равзарæн, нæ биццеутæй бабай фидæ ка уодзæй, уой. Исбадун æй кæндзинæн кадгин бунати æма ин арфитæ кæндзинан.

*Сабийти бон æй зарæй еу къуплет разарун, ракафун кенæ ба æндзæвгæ радзорун. Уой фæсте ба си алкедæр арфæ ракæнуй зæрондæн.*

**Гъ.** Ацибон ци дзæбæх рарвистан нæ рæстæг. Зæгъайтæ, цæбæл дзурдтан? Ци фæццудæй уæ зæрдæмæ?

***2-аг ахури усмæ***

**Темæ: «Алци зонун мæ фæндуй»**

**Нисан:** – Сабийти ахур кæнун еу предметти нихмæвæрд функцитæ дзорун, уæдта хатдзæгтæ кæнунбæл.

Бæрæг формитæмæ гæсгæ, сæ алливарс предметтæ иссерун. Исбæрæг æма ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ цæрæгойти туххæй, сæ цард æма сæ бакаст сæ цæрæнбунат æма климæти хæццæ куд баст æй, уой туххæй.

Æримисгæ ихæслæвæрдтæ хинцунбæл сæ ахур кæнун.

– Ирæзун кæнун сабийти гъосдард, логикон гъудикæнунадæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти, ести нæуæг зонундзийнæдтæ базонунмæ разæнгард куд уонцæ, кæрæдземæ ба игъосун куд зононцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** дуйней къартæ кенæ глобус, алли бæстити цæрæгойти хузтæ, фланелеграф, хузæ «Хуæнхаг пейзаж».

**Иуарунмæ:** уæлдæфон шартæ, гъазæн къум «Бийнонтæ»-й предметтæ.

**Рагагъонмæ куст**

Æгас дуйней къартæмæ æркæсун (кенæ глобусмæ); кæми æй цæгат, хонсар, кæми æнцæ гъар бæститæ æма у.и.

## Ахури цуд

Психогимнастикæ. *Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Уæ кæрæдземæ ци зæрдæ даретæ, уой мимикæй равдесетæ.

Æхсидзгон – зин

Зæрдирай – зæрдихудт

Амондгун – æнамонд

Мæстгун – хæларзæрдæ

Равдесайтæ, адæймаги цæстæнгас куд аллихузон фæуүй, уой: мæтъæл, зæрдæхæлар, мæстгун, хийнæйдзаг, игъæлдзæг. Равдесайтæ, зуймон уазал бони уæхе куд фæддаретæ, сæрдигон тæвдæ бони ба? Равдесайтæ уæззау уаргъ хæссæг адæймаги. Равдесайтæ лилипутти æхсæн уæйгути, лилипутти ба – уæйгути æхсæн. Куд цæудзæнцæ?

**Гъ.** Хъæбæр хуарз бавдистайтæ еугурей дæр. Нур ба мин мæ фарстæн дзуапп радтетæ: «Циуавæр анзи афонæ ралæудтæй? Кæци мæйæ æй?»

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Рухæни мæйи скъолатæ байгон кæнунцæ скъоладзаутæн сæ дуæрттæ. Куд гъуди кæнетæ, сабийтæ скъолай цæбæл ахур кæнунцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Раст загътайтæ. Сумах дæр тагъд скъоламæ цæудзинайтæ æма берæ базондзинайтæ. Фал ма рæвдауæндони дæр берæ цидæртæ базондзинан æма берæ цæбæлдæрти исахур уодзинан. Мæн фæндуй сумах хæццæ рабалц кæнун. Нæ балц ба хундзæй «Алци зонун мæ фæндуй». Фæндуй уæ? Æма цума еци балци кумæ цæугæ æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Раст загътайтæ. Фал мæн ба фæндуй нæхе къуари уати рабалци кæнун. Архайдзинан пъланмæ гæсгæ.

*Сабийтæн радтунцæ сæ къуари уати пълан фатæгти æма нисæнтти хæццæ: старт, финиш, цуди уагæ. Пълан хузæгонд цæуй къуари уати æвæрдмæ гæсгæ.*

**Гъ.** Мадта цæттæ айтæ? Æркæсайтæ пъланмæ. Нæ балци райдайæн кæми æй? *Старт – къуари уатмæ бахезæни.*

*Сабийтæ пъланмæ гæсгæ цæунцæ, аллихузон ихæстæ æнхæст кæнгæй.*

**Ахурадон-зонунадон къум**

**1-аг ихæслæвæрд. «Дессаги кæсæнцæститæ».**

Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй сæхебæл бæрæг формæмæ гæсгæ кæсæнцæститæ «бакæнонцæ» – ○,□, △ æма сæ алливарс, сæ кæсæнцæстити формæ кæмæн ес, уæхæн предметтæ иссеронцæ æма сæ зæгъонцæ.

*Сæ хæдзæртти, гъæунгти, тукæнтти предметтæ дæр æнгъезуй банимайун.*

**2-аг ихæслæвæрд. «Кæми косунцæ нимæдзтæ?»**

Сабийтæн зæгъун, цæмæй ранимайонцæ нимæдзти косæн бунæттæ. *Гъæунгти хæдзæртти номиртæ, лифти – уæладзугти, киунуги – тъæфти æма у.и.*

**3-аг ихæслæвæрд. «Нихмæ архайд».**

*Гъонбæлгæнæг зæгъуй кенæ ба æвдесуй, дууæ нихмæвæрд архайди, кæцити æвдист цæуй, уæхæн предметти хузтæ. Сабийтæ ба син сæ функцитæ зæгъунцæ.*

**4-аг ихæслæвæрд. «Æрдзи къум». «Исраст кæнæ рæдуд».**
Зæгъæн: арс бæласæбæл, тæрхъос куйдони æма у.и. Кенæ зæгъæн, гъонбæлгæнæг къартæбæл кенæ глобусбæл раст не рæвæруй цæрæгойти (уорс арси Африки, кæфхъундари ба – цæгати). Сабийтæ ба рæдудтитæ исраст кæнунцæ.
**5-аг ихæслæвæрд.**
**а) «Киунугути къум».**
Аргъæутти архайгутæ гъазтмæ æрбацудæнцæ. Гъазт фæцæй æма архайгути аргъæутти киунугутæмæ рарветун гъæуй, гъома зæгъун гъæуй, циуавæр аргъауæй æнцæ, уой.
**б) «Аргъæутти архайгутæн фенхус кæнун».**
– Куд фæйййервæза Метин киндзæ арти сæрти гæппитæй?
– Куд нихходун кæнæн Бæстирæсугъди?
**6-аг ихæслæвæрд. «Эксперименттæ кæнун».**
1. Куд уолæфæн? Сгарун: къох реугудурбæл æрæвæрун. Уолæфгæй реугудурбæл уæлæмæ иссæуй (урух кæнуй) уæдта бабæй дæлæмæ ниццæуй (æрбалвæсуй). Уæлдæфон шартæ ку ниддумæн, уæд байдзаг уодзæнцæ уæлдæфæй. Рæугутæ ба уæхæн уавæри кæд фæуунцæ? (Исуолæфгæй).
Шарæн æ думст ку исуадзæн, уæд фæмминкъийдæр уй. Уæхæн уавæри ба кæд фæуунцæ рæугутæ? (Рауолæфгæй).
2. Æнæ уолæфгæй цæрун æнгъезуй? Нæ фийтæ æма гъæлæстæ нихгæнун æнгъезуй? (Нæгъæ). Мадта искæнæн хатдзæг: æнæ уолæфгæй нæйййес цæрæн.
**7-аг ихæслæвæрд. Хузæ «Хуæнхаг пейзаж».**
Ци бакиндæуа гъуддагæгтæн:
– Хуæнхаг дони сæрти хед ку нæ уа, уæд ибæл куд бахезун æнгъезуй?
– Къæвдайæй хуæнхбæсти дæхе куд багъæуай кæндзæнæ, зонтик дæмæ ку нæ уа, уæд?
– Туристтæ цъетей сæрмæ исхизтæнцæ, фал сæ хæццæ дон райсун феронх æнцæ. Дон ниуазунмæ æма хуæруйнаг искæнунмæ ци амалæй иссерун æнгъезуй?

**8-аг ихæслæвæрд. «Бийнонти къум».**

Еу инней медæгæ кæми æй, уæхæн предметтæ зæгъайтæ, мæнæ, матрешки конди хузæн, кенæ зæгъæн, хурдзин, кисæ, æскъапп æма æнд.

Финиш (цийфæнди зони дæр). Иссерунцæ къоп. Къоппи медæгæ ба сабийтæн майдани хузи лæвæрттæ кенæ æндæр ести хуæрзеугутæ.

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Сабийтæ, атæ сумах лæвæрттæ æнцæ. Сумах берæ ке зонетæ, уой бавдистайтæ, фал зонундзийнæдтæн кæрон нæййес. Адæймаг куд фулдæр зона, уотæ имæ цæмæдессагдæр кæсуй цард.

Абони уæ зæрдæмæ ци фæццудæй ахури рæстæг? Зин ба уæмæ ци фæккастæй?

*3-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Мæ бæстихай»**

**Темæ: «Иристони къартæбæл балц»**

**Нисан:** – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ райгурæн бæсти туххæй. Сабийти базонгæ кæнун горæттæ, гъæутæ æма цæугæдæнтти нæмтти хæццæ.

– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй сæрустур уонцæ сæ райгурæн бæстæй.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** Цæгат Иристони къартæ; Цæгат Иристон æма Дзæуæгигъæуи иллюстрацитæ; музыкалон инструменттæ; аллихузон фишкитæ (кенæ кънопкитæ) пункттæ бæрæг кæнунмæ; Цæгат Иристони герб æма туруса; магнитофонбæл финст «Симд»-и мелоди.

**Иуарунмæ:** аллихузон мæргътæ æма цæрæгойти хузтæ.

**Рагагъонмæ куст**

Аллихузон къартæмæ æркæсун. Исахур кæнун семун.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, равдесайтæ: деденæг куд рахæлеу уй, уой; хуæнхтæ; деденæг куд бампулуй; бæласæ дунгæмæ куд фæрратасæ-батасæ кæнуй; цæргæси-тæхгæй; хелаги- бургæй. Хъæбæр хуарз.
Сабийтæ, нур ба зæгъайтæ, кæми цæрæн, еци бæстихай куд хуннуй?
*Иристон, Цæгат Иристон.*
**Гъ.** Гъæйдæ, нур ба рабалци кæнæн нæ райгурæн бæстихайбæл.
Рагъуди кæнайтæ, балци куд цæудзинан?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хæдзарæй нæ рахезгæй, балций цæуæн ес? Кутемæй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Мæн фæндуй, цæмæй мах рандæуæн æнахур балци, уой туххæй нин фæййанхос кæндзæй Цæгат Иристони къартæ. Къартæ ци æй, уой ка зонуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
*Гъонбæлгæнæг къартæ æрауиндзуй, хуæздæр уидæ, стъол кенæ сæ горцъебæл ку æрæвæридæ, уæд.*
**Гъ.** Æркæсайтæ къартæмæ æма зæгъайтæ, ци ибæл уинетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Къартæбæл бæрæггонд æнцæ нæ республики горæттæ, сæйраг нæдтæ æма цæугæдæнттæ.
Сабийтæ, зæгъайтæ горæтти ба цитæ ес?
*Сабийти дзуæппитæ.*
Къартæбæл сæ фæййинун æнгъезуй? Цæмæннæ?
**Гъ.** Сабийтæ, Цæгат Иристони сæйраг горæт ба куд хуннуй?
**С.** Дзæуæгигъæу. *Гъонбæлгæнæг æрæвæруй иллюстрацитæ.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, циуавæр фæзуæттæ зонетæ Дзæуæгигъæуи?

Циртдзæвæнтæ? Театртæ? Горæти берæ гъæунгтæ ес, алли гъæунгæн дæр ес, ном. Сослан, ду кæци гъæунги цæрис? Ду ба, Мæдинæ? Аленæ? Сашæ?

Цæмæй нæ горæт алкæддæр рæсугъд уа, уой туххæй гъæунгæфснайгутæ…

*Сабийтæ гъудийадæ кæронмæ рахъæртун кæнунцæ), аразгутæ ..., шофиртæ… æма у.и., алли адæймаг дæр гъæуама æ горæтбæл уода. Горæти гъæунгти ци не ’нгъезуй кæнун? Кæнун ба ци æнгъезуй?*

*Сабийтæ алли фарстайæн дæр дзуапп дæдтунцæ.*

**Гъ.** Гъеууотемæй рараст ан Дзæуæгигъæуæй балци. Иссерæн ма никкидæр Цæгат Иристони горæттæ. Къартæбæл сурхæй бæрæггонд æнцæ. Æз син дзордзæнæн сæ нæмттæ, сумах ба мæ фæсте: Дигора, Алагир, Æрæдон, Беслæн, Мæздæг.

*Гъонбæлгæнæг амонæн лæдзæгæй æвдесуй горæттæ кенæ ба сæ нисантæй бæрæг кæнуй.*

Кæсайтæ, къартæбæл фæрсаг гъæутæ дæр ес. Етæ горæттæй минкъийдæртæ æнцæ, фал си берæуæладзугон хæдзæрттæ æма устур тукантæ дæр ес. Мæ фæсте сæ дзорайтæ: Мизур, Заводской, Октябрьский, Садон, Уæллаг Фиййагдон, Чикола. Гъæутæ дæр си ес. Етæ горæттæй минкъийдæртæ æнцæ, берæуæладзугон хæдзæрттæ дæр си нæййес. Зæгъайтæ, мадта си ци ес? Уæ бабатæ æма нанатæ кæми цæрунцæ? Гъæйдæ, еумæ син сæ нæмттæ зæгъæн: Ногир, Архонкæ, Гизæл, Хъобан, Гъæдгæрон, Дур-Дур, Балта, Сунжæ.

Æркæсайтæ, æрвхуз хæнхитæ ци бæрæг кæнунцæ? *Цæугæдæнттæ.*

Циуавæр цæугæдæнттæ зонетæ?

Иристони ес мæнæ ауæхæн цæугæдæнттæ: Æрæдон, Гизæлдон, Сунжæ, Фиййагдон, Терк, Хæзнидон, Ирæф.

**Гъ.** Сабийтæ, Цæгат Иристони æрдзæ цæмæй игъустгонд æй?

*Æ хуæнхтæй, сауæдæнттæй, сауæртæй æмæ æ уæлдæфæй.*
**Гъ.** Иристон сæрустур æй æ хуæнхтæй. Хуæнхтæ æнцæ хъæбæр бæрзонд, сæ цъоппитæбæл ци мет ес, е сæрдигон дæр нæ тайуй – етæ æнцæ цъететæ. Хуæнхтæй сурсургæнгæ уайунцæ уазал æма кæдзос сауæдæнттæ æма цæугæдæнттæ. Хуæнхбæсти цæруй аллихузон мæргътæ æма цæрæгойтæ.
Нур ба æркæсетæ горцъемæ æма Иристони ка нæ цæруй, еци цæрæгойти хузтæ рандæ кæнтæ.
Сабийтæ, зæгъæн, цæргæс Цæгаттаг полюси ку февзура, уæд си цума фæццæридæ? Нур ба уæ цæститæбæл рауайун кæнтæ, цума цæргæстæ фестадайтæ, циуавæр æнкъарæнтæ уæмæ равзуридæ бæрзонд арви тæхгæй?
Гъæйдæ, нур ба цийфæнди цæрæгой дæр фæнзгæ-æвдист ракæнетæ, æрмæст нæ бæстихайии ка цæруй, уæхæн, æз ба æй гъæуама базонон.
*Сабийтæ цæрæгойти «æвдесунцæ», гъонбæлгæнæг ба сæ базонуй.*
Сабийтæ, хуæнхти медæмæ ку бацæуæн, уæд си фæйййиндзинан мæсгутæ. Æма, цума, циуавæр мæсгутæ æнцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Етæ гъæуайгæнæн мæсгутæ æнцæ. Гъæуи цæргутæн естæмæй тæссаг ку уидæ, уæд мæсуги арт иссодзиуонцæ, цæмæй сæ иннæ гъæутæ фæйййидтайуонцæ æма сæмæ æнхусмæ æрбацудайуонцæ.
Адæн цæргæ ба кодтонцæ хуæнхаг хæдзæртти. Хæдзæрттæ адтæнцæ дууæуæладзугонтæ. Бунæй фонс дардтонцæ, сæрггæгти ба адæн цардæй. Нур ба мæнæ аци хæдзæрттæмæ æркæсайтæ (æвдесуй иллюстраци), цума цитæ æнцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Етæ æнцæ уобæйттæ, уруссагау ба еумæ «мертвый городок» хуннуй. Еци уобæйтти бунæттон цæргутæ нигæдтонцæ сæ мæрдти.
**Гъ.** Сабийтæ, нур ба уин амонун гъазт «Иссерæ сæйраг

дзурд». Æз зæгъдзæнæн предмет, сумах ба ин æ системæ æма дæлсистемæ исбæрæг кæнетæ.
*Дууæ сæйраг дзурди рахецæн кæнтæ.*
Зæгъæн, гъæдæ: цауæйнон, берæгъ, бæлæстæ, къахнæдтæ, къотæртæ. Кæцитæ æнцæ сæйраг дзурдтæ? Бæлæстæ æма къотæртæ, етæ æнцæ системæ иннетæ ба – дæлсистемæ.
Райдайæн нæ гъазт:
Цæугæдон – билгæрон, кæсæлгитæ, кæсалгæхæссæг, донгæрдæг, дон.
Горæт – хуæдтолгитæ, гъæунгтæ, велосипед.
Рæзбун – зайæгойтæ, рæзæбæласæ, горен, куй.
**Гъ.** Сабийтæ, алли республикæн дæр ес æхе туруса æма герб. Циуавæр хуарæни хузтæ ес нæ турусабæл? Ци нисан кæнунцæ? Нур ба æркæсæн гербмæ. Цал хонхи ибæл ес?
*Авд, уомæн æма Иристони ес авд коми.*
Герббæл дæр æма турусабæл дæр еци еу хуарæни хузтæ ес. Зæгъайтæ сæ.
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, къартæбæл еу цидæр æвдист нæ ’й. Цума е ци æй? Къартæбæл нæййес, нæ Иристони адæм фулдæр ци уарзунцæ, е. Æма нæ адæн фулдæр ци уарзунцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Гъæйдæ, нур ба аци хузтæмæ æркæсæн. Иристон игъустгонд æй æ кафт, зард æма фæндури цагъдæй.
*Сабийтæ националон музыкалон инструментти хузтæмæ кæсунцæ. Игъусуй симди мелоди.*
**Гъ.** Гъæйдæ, рагон дигорон кафт «Симд» ракæнæн.
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Гъеууобæл, нæ балц райгурæн бæстæбæл кæронмæ æрхъæрттæй. Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй фулдæр? Ци ба нæ балæдæрдтайтæ?

**4-аг ахури усмæ**

**Еумæйаг темæ: «Мæ бæстæ»**
**Темæ: «Урух æй мæ бæстæ»**
**Нисан:** – Арфдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ Уæрæсей туххæй, куд, ци паддзахади цæрунцæ, уой. Базонгæ сæ кæнун Паддзахадон герб, туруса æма турусай хуарæнти хузти хæццæ. Ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ къартæ æма глобуси туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, ахур сæ кæнун гъудиæдтæ дзорун æма хатдзæгтæ кæнунбæл.

– Гъонбæл сæ кæнун Райгурæн бæстæ уарзунбæл æма си сæрустур куд уонцæ, уобæл.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** Уæрæсей туруса æма герби хузтæ. Аллихузон дæснийæдтæбæл хуæст адæни хузтæ: аразæг, пълотник, ахургæнæг, дохтур, финсæг, тукангæс, тургъæфснайæг, шофир. Глобус æма Уæрæсей къартæ.
**Иуарунмæ:** алли сабийæн дæр гæгъæдий уадздзæгтæ: 1 сурх, 2 уорси, 1 æрвхуз æма 1 бор; гæгъæдий тъафæбæл 2 турусай контури.
**Рагагъонмæ куст**
Сабийти хæццæ рагъазун гъазт «Куд цæретæ»-й (кæсæ конспектмæ).

**Ахури цуд**

**Психогимнастикæ.** *Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*
Бакæсун æмдæзвгæ.
**Гъ.** Æмдæзвгæ цæй туххæй æй?
**С.** Райгурæн бæсти туххæй.
**Гъ.** Ци æй Райгурæн бæстæ?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нæ бæстæ куд хуннуй?
**С.** Нæ бæстæ хуннуй Уæрæсе.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Гъæйдæ ацибон нæ бæстæбæл рабалци кæнæн. Æнхус ба нин кæндзæнæнцæ глобус æма къартæ. Цæттæ айтæ?

*Стъолæбæл æрæвæруй глобус.*

**Гъ.** Сабийтæ, айæ ци æй?

**С.** Глобус.

**Гъ.** Глобус ба ци æй?

**С.** Глобус æй зæнхи модель (кæд æй нæ зононцæ, уæд син æй байамонун гъæуй.)

**Гъ.** Рабалци кæнæн глобусбæл. Ци ибæл уинетæ?

**С.** Аллихузон бæститæ, денгизтæ æма океантæ.

*Гъонбæлгæнæг бавдесуй цалдæр бæсти уæдта океан.*

**Гъ.** Иссерæн глобусбæл нæ бæстæ. (Æвдесуй æй.) Кæсайтæ, нæ бæстæ ци устур æма рæсугъд æй. Уæрæсей фарсмæ ци бæститæ ес, уони базонун уæ фæндуй?

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй æма дзоруй, Уæрæсей алливарс ци бæститæ ес, уони.*

**Гъ.** Нæ бæсти циуавæр денгизтæ ес? Уæ ниййергути хæццæ сæрди циуавæр денгизи  билæбæл адтайтæ?

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй денгизтæ сæ нæмттæ дзоргæй, сабийтæ ба æй фæнзунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, Уæрæсей ци горæттæ ес, уони глобусбæл иссерун æнгъезуй? Æма нæ уой туххæй ци гъæуй? Цæмæй нæ балц никидæр дессагдæр уа, уой туххæй ба ма пайда кæндзинан къартæй дæр.

*Сабийтæ хæстæгдæр æрбалæуунцæ горцъебæл ци къартæ ес, уомæ.*

**Гъ.** Ци уинетæ къартæбæл?

*Сабийтæ дзорунцæ.*

Уæрæсей къартæбæл циуавæр хуарæни хузæ фулдæр ес? Е цæбæл дзорæг æй?

**С.** Кæрдæгхуз. Уæрæсей берæ гъæдтæ, будуртæ æма хезнитæ ес.

**Гъ.** Нæ бæсти хуæнхтæ ба ес? Кæци рауæн æнцæ нæ хуæнхтæ?
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй хуæнхтæ.*
**Гъ.** Цума ци бæрæг кæнунцæ мæнæ аци листæг хæнхитæ ба?
**С.** Етæ цæугæдæнттæ æнцæ.
**Гъ.** Къартæбæл минкъий сау æстъæлфитæ ба ци бæрæг кæнунцæ?
**С.** Горæттæ.
**Гъ.** Алли горæтæн дæр æхе ном æма æхе истори ес. *Æвдесуй къартæбæл цалдæр горæти, дзоруй син сæ нæмттæ дæр.* Уæрæсей сæйраг горæт куд хуннуй?
**С.** Мæску.
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй «Мæску»-й иллюстрацитæ кенæ æ альбом.*
**Гъ.** Мæску æндæрхузи куд исхонун æнгъезуй?
**С.** Мæску – Уæрæсей сæйраг горæт.
*Ку нæ зононцæ, уæд син æй балæдæрун кæнун.*
**Гъ.** Цæмæн æй Мæску Уæрæсей сæйраг горæт?
**С.** Мæскуй иннæ горæттæй фулдæр адæн цæруй. Уоми цæрунцæ æма косунцæ нæ президент æма хецауадæ. Ес си берæ заводтæ, фабрикитæ, музейтæ, театртæ.
**Гъ.** Мæскуй ци адæн цæруй, уони ба куд хонунцæ?
**С.** Мæскуйæгтæ.
**Гъ.** Урæсей берæ республикитæ ес, уонæй алкæмæн дæр ес æхе сæйраг горæт.
*Зæгъуй 2–3 республики æма сæ бавдесуй.*
Æма нæ республикæ къартæбæл иссерун æнгъезуй? Гъæйдæ иссерæн æй.
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй Цæгат Ирistoн – Алани.*
**Гъ.** Æма нæ республикæ куд хуннуй?
**С.** Республикæ Цæгат Иристон-Алантæ.
**Гъ.** Аланти республикæ æй Уæрæсей хай. Куд хуннуй нæ республики сæйраг горæт?

**С.** Дзæуæгигъæу.
**Гъ.** Дзæуæгигъæуи ка цæруй, етæ ба куд хуннунцæ?
**С.** Дзæуæгигъæуккæгтæ.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Сабийтæ, алли бæстæн дæр ес æхе туруса æма герб.
*Æрæвæруй Уæрæсей туруса.*
**Гъ.** Циуавæр хуарæни хузтæ уинетæ Уæрæсей турусабæл?
**С.** Уорс, æрвхуз æма сурх.
**Гъ.** Турусай хуарæнтæй алкæмæн дæр ес æхе нисан. Уæллаг – уорс уадздзæг æй ездондзийнадæ, лæдæрундзийнадæ æма зæрдæхæлардзийнади нисанеуæг. Бæрæг кæнуй, нæ бæсти адæнмæ фудзæрдæ гъудитæ ке нæййес, уой. Астæуккаг – æрвухз уадздзæг æй кæдзос арви, сабурдзийнади нисанеуæг. Е дзорæг æй уобæл, æма Уæрæсей тугъд нæ гъæуй, алке хæццæ дæр æй фæндуй хæларæй цæрун. Сурх уадздзæг ба æй æхсардзийнади нисанеуæг. Дзорæг ба æй уобæл, æма Уæрæсей цæргутæ, багъæуаги, Райгурæн бæстæ знæгтæй ке багъæуай кæндзæнæнцæ.
Бацотæ уе стъолтæмæ хæстæгдæр, гъæуама исæнхæст кæнайтæ ахсгиаг ихæслæвæрд.
*Сабийтæ стъолтæмæ бацæунцæ, алке рази дæр уорс, æрвхуз æма сурх уадздзæгтæ Уæрæсей турусайæн, уæдта сурх, бор, уорс уадздзæгтæ Иристони турусайæн. Сæ цори ма тъафæбæл турусати контуртæ дæр.*
**Гъ.** Сабийтæ, гъæугæ хузгин уадздзæгтæй исаразетæ Уæрæсей туруса.
*Сабийтæ турусати контуртæй сæ еуебæл аразунцæ Уæрæсей туруса. Сабийтæй еу ба косуй амонæн фæйнæгбæл.*
**Гъ.** Нур ба уæ зæрди æрæфтауетæ, Иристони турусайæн циуавæр хуарæни хузтæ ес, уони.
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нур ба тъафæбæл аразетæ Иристони туруса.

*Сабийти архайунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Нур ба мæ размæ рацотæ. Нæ бести цæруй берæ аллихузон адæнихæттитæ æма дзорунцæ аллихузон æвзæгтæбæл. Æма ма цæмæй кæрæдзей дæр лæдæронцæ, уой туххæй ба еугур адæнтæ дæр дзорунцæ еу æвзагбæл – уруссагау. Уомæ гæсгæ, уруссаг æвзаг хонунцæ паддзахадон æвзаг. Куд гъуди кæнетæ, нæ бæсти адæн куд цæрунцæ? Ци кæнун уарзунцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сумах ба куд цæретæ? Ци косун уарзетæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Нур ба рагъазæн гъазт «Куд цæрис»-æй.

*Гъонбæлгæнæг дæдтуй фарстатæ, сабийтæ ба дзуапп дæдтунцæ æма æвдесунцæ.*

– Куд цæретæ?

– Мæнæ атæ! (Сабийтæ сæ медбунат исгæпп кæнунцæ, дууæ къохей устур æнгулдзитæ æвдесгæй.)

– Накæ ба куд кæнетæ?

– Мæнæ атæ! (Сæ къохтæй накæгæнæги æзмæлдтитæ кæнунцæ.)

– Куд ледезтæ?

– Мæнæ атæ! *Къохтæ æрæнбуйнитæбæл къæдзæ, уотемæй медбæсти ледзунцæ.*

– Уæд идардмæ ба куд фæккæсетæ?

– Мæнæ атæ! *Сæ къохтæ сæ тæрнихтæбæл æрæвæрунцæ.*

– Фунæй ба куд фæккæнетæ?

– Мæнæ атæ! *Армитъæпæнтæ сæ ростæбæл æрæвæрунцæ.*

– Фудуаг ба куд фæккæнетæ?

– Мæнæ атæ! *Сабийтæ кæрæдземæ сæ цæсгæнттæ зулунтæ кæнунцæ, кенæ сæ думст ростæ къохтæй нипъпъурттитæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба амонæн фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæууайтæ. Мæнæ айæ æй Уæрæсей герб! *Æрæвæруй*

*Уæрæсей герб.*

**Гъ.** Герб æй эмблемæ, паддзахадæн сæйрагдæр ци æй, е æвдист фæууй герббæл (æвдесуй герб). Цума ци нисан кæнуй игон киунугæ?

*Гъæуама алкедæр ахурмæ бæлла, фулдæр зонундзийнæдтæ райса.*

Дууæсæрон цæргæс ба æй бæгъатæрдзийнади нисан, хор ба – уæлахези. Уæрæсей адæн сæрустур æнцæ сæ бæстæй, цæмæй сæ цард хуæздæр кæна, уобæл архайунцæ. Циуавæр дæснийæдтæбæл хуæст æнцæ нæ бæсти адæн? Æркæсайтæ мæнæ аци хузтæмæ. Æз уæмæ фарстатæ дæдтдзæнæн, сумах ба хузти æхсæн гъæуама иссерайтæ дзуæппитæ.

*Еумæйаг хузтæй гъазгæй, кенæ ба алкæмæн дæр æмхузон хузтæ радтун гъæуй.*

– Хæдзæрттæ ка кæнуй? (Аразæг.)

– Мебель ка аразуй? (Пълотник.)

– Гъæунгтæ ка æфснайуй? (Æфснайæг.)

– Адæни ка дзæбæх кæнуй? (Дохтир.)

– Сабийти ка ахур кæнуй, ка сæ гъонбæл кæнуй?

*Ахургæнæг, гъонбæлгæнæг.*

– Зингервæзтитæ ка ниххуссун кæнуй, адæни лæгъуз миутæй ка гъæуай кæнуй? (Милиционертæ, зингхуссунгæнгутæ.)

–Тукани хуайрæгтæ ка уæйæ кæнуй? (Уæйгæнгутæ.)

Хъæбæр хуарз. Нæ балци кæронмæ æрхъæрттæй. Сумах ба ци гъæуама кæнайтæ, цæмæй нæ бæстæ рæсугъддæр æма тухгиндæр кæна?

*Сабийти дзуæппитæ.*

Нæ балций уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Алцидæр лæдæрд адтæй?

**5-аг ахури усмæ**

**Еумæйаг темæ: «Фæззæг»**

**Темæ: «Фæззæги хæццæ гъæзтитæ.»**

**Нисан:** – Ниффедар æма урухдæр кæнун сабийти

зонундзийнæдтæ анзи афæнтти туххæй; ахур сæ кæнун анзи афони сæйрагдæр минеугутæ бæрæг кæнунбæл, уæлдайдæр ба – фæззæги туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти гъудитæ бæлвурд дзорунадæ, уæдта æримисунадæ æма гъосдарунади фæлтæрунадæ.

– Гъонбæл сæмæ кæнун уарзондзийнадæ райгурæн бæсти æрдзæмæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** анзи афæнтти хузтæ (зумæг, уалдзæг, сæрдæ æма фæззæг Иристони), тæгæр бæласи сифæбæл – пълан æвдист. Фæззæги 3 хузи (рагвæззæг, къæвдагун, æрæгвæззæг), иллюстрацити фæлуст «Сирдтæ фæззæги», астъонæ.

**Иуарунмæ:** фæззигон сифтæ фарстати хæццæ.

## Ахури цуд

**Психогимнастикæ.**

*Сабийтæ тумбулзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, равдесайтæ, фæззигон къæвда бони уæ зæрдиуагæ циуавæр фæуух, уой. Хор бони ба? Хъæбæр хуарз.

*Амонæн фæйнæгбæл хузтæ «Анзи афæнттæ Иристони хуæнхти» кенæ анзи афæнтти æндæр хузтæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, кæсайтæ, ци дессаги рæсугъд хузтæ уин æрбахастон. Нуртæккæ уæмæ æз хузтæмæ гæсгæ фарстатæ дæтдзæнæн, сумах ба дзуапп ратгæй и хузæуварс кæндзинайтæ.

– Анзи афæнттæй тæккæ уазалдæр кæци æй? (Зумæг.)

*Еуварс райсунцæ зумæги хузæ.*

– Анзæн æ кæци афони æригъал уй æрдзæ, бæлæстæ къомбох ракалунцæ? (Уалдзæги.)

*Раеуварс кæнунцæ уалдзæги хузæ.*

– Тæккæ тæвдæдæр анзи афонæ кæци æй? (Сæрдæ.)

*Раеуварс кæнунцæ сарди хузæ.*

– Ци хузæ ма байзадæй, уобæл ба циуавæр анзи афонæ æвдист æй? (Фæззæг.)
**Гъ.** Цæмæй бæрæг æй.
**С.** Бæлæсти сифтæ фæббор æнцæ æма æгъзæлунцæ, кæрдæг сор кæнуй, хор сæрди хузæн нæбал тавуй.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Нур ба байгъосетæ Цæгæрати Гигой финст æмдзæвгæ «Фæззæг»-мæ. Зæгъайтæ, фæззæг кæми цæруй?
**С.** Аллихузон дзуæппитæ. Рæзбуни, бæлæстæбæл, будурти, гъæди, парки æма у.и.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Фæззæг сæрди ку раййевуй, уæд алкæмидæр рæстæгмæ исхецау уй. Абони æз зæнхи иссердтон мæнæ аци тæгæр бæласи сифæ. Хумæтæги сифæ, нæ й. Цума, цæмæ гæсгæ æй æнахур?
**С.** Цидæр пълани хузæ ибæл конд ес?
**Гъ.** Сабийтæ, фæззæг исфæндæ кодта нæ хæццæ рагъазун. Мах аци пъланмæ гæсгæ фæццæудзинан балци æма фæйййиндзинан, фæззæг нин ци æрцæттæ кодта, уой. Фæндуй уæ?
*Сабийти уати æмбеси, гъæди декорацитæ æвæрд æрцæуунцæ.*
**Гъ.** Æркæсæн пъланмæ æма рагацау исбæрæг кæнæн, кæцирдæмæ нин цæугæ æй, уой.
**С.** Пъланмæ гæсгæ нæ бæласæ иссерун гъæуй.
*Сабийтæ фæззигон бæласи размæ бацæунцæ. Бæласи рæбун ба ма ес гуделтæ, сифтæ, къотæртæ. Игъусуй магнитофонбæл финст гъæди зæлти музыкæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, кумæ бахаудтан, кæми ан?
**С.** Гъæди.
**Гъ.** Сабийтæ, æрбадайтæ, уæ цæститæ ницъцъундæ кæнтæ æма байгъосетæ, гъæди ци аллихузон зæлтæ фегъосæн ес, уомæ.
**С.** Гъæуама бацæуæн назу бæласæмæ.

**Гъ.** Раст зæгъетæ, фал ма æ рази гъæуама гъазгæ дæр ракæнæн. Æрлæууайтæ кæрæдзей фæстети.

*Игъусуй магнитофонбæл финст «Гъæди зæлтæ», кенæ зонгæ зари мелоди. Сабийтæ гъонбæлгæнæги дзурдмæ гæсгæ змæлдтитæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Фæццæуæн къахнадбæл, цæуæн æвадуат рауæнти, бæлæсти æхсæн, тонæн гуделтæ, фембалдан тæрсагæ тæрхъосбæл, едзæн саунæмуг, нинæгъ æма сæ хуæрæн, нур ба, гæппитæ кæнгæй, бацæуæн назумæ. Кæсайтæ, бæласи бундзæфхадбæл ци ес, уомæ?

**С.** Хузтæ.

*Гъонбæлгæнæг амонæн фæйногбæл æрæвæруй фæззæги 3 хузи.*

**Гъ.** Ци уинетæ фиццаг хузи?

**С.** Бор сифти хæццæ бæласæ, бæласæн æ буни дæр бор сифтæ ес, хор кæсуй, зайуй цъæх-цъæхид назу бæласæ.

**Гъ.** Ци уинетæ дугкаг хузи?

**С.** Бæласæбæл берæ сифтæ нæбал ес, арв мегътæй æхгæд æй, хор ма минкъий кæцæйдæр зиннуй, къæвда уаруй, зайуй цъæх-цъæхид назу бæласæ.

**Гъ.** Ци уинетæ æртиккаг хузи?

**С.** Бæласæ æнæ сифтæй – бæгънæгæй лæууй, назу бæласæ ба цъæхæй лæууй. Арв æй фунукхуз. Хор нæ зиннуй. Уæлдæфи сабургай зелдогъ кæнунцæ фиццаг мети тъæфилтæ.

**Гъ.** Сабийтæ, аци 3 хузи еу дзурдæй исхонæн æнгъезуй «Фæззæг». Фал фæззæги туххæй хузтæ, аллихузон цæмæ æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

Мæнæ карз дунгæ рацудæй æма хузтæ исхæлæмултæ æнцæ.

*Гъонбæлгæнæг хузтæ сæ бунæттæй баййевуй.*

Хузтæ куд лæудтæнцæ, уотæ сæ кæрæдзей фæдбæл æрæвæрайтæ.

*Сабийтæ хузтæ сæ бунæтти æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Еу хатт ма нæ зæрди æрæфтауæн фæззæги мæйтæ.
*Сабийтæ ранимайунцæ фæззæги мæйтæ.*
**Гъ.** Равдесайтæ фиццаг мæйи хузæ æма æй зæгъетæ. Фæстаг мæйæ ба циуавæр æй?
*Сабийтæ хузтæмæ гæсгæ, мæйти нæмттæ дзорунцæ.*
**Гъ.** Фæззæг сугъзæрийни хузæн кенæ ба æмæнтъери фæууй. Лæкъæрдæфæззæги уарзондæр дзурдтæ ба циуавæртæ æнцæ? (Къæвда, дунгæ, уазал, уомæл, мегъæ). Сугъзæрийнæ фæззæгæн ба æхе дзурдуат ес. Цума циуавæр дзурдтæ уарзуй? (Хор бон, гъар, ирд, рæсугъд, игъæлдзæг.) Нур ба рагъазæн. Æз гъудиадæ райдайдзæнæн дзорун, сумах ба æй кæронмæ рахъæртун кæниайтæ:
– Æртæхтæ æрæмбурд æнцæ æма син еумæ рауадæй… (къæвда, хъум).
– Уадсестæ æрæмбурд æнцæ æма си рауадæй еу устур… (мегъæ.)
– Бæлæстæ æрæмбурд æнцæ æма си еумæ рауадæй… (гъæдæ, парк, гъæди къох.)
**Гъ.** Хъæбæр хуарз, нур ба æркæсайтæ пъланмæ, кæми нæма адтан уæхæн рауæн ма си ес? Кумæ ма нæ æрбахондзæй Фæззæг?
**С.** Астъонæ нæ иссерун гъæуй.
**Гъ.** Астъони ба ка цæруй? (Цъеутæ)
*Сабийтæ астъонæмæ бацæунцæ, еци рауæн ниввæрун гъæуй иллюстрацити фæлуст «Сирдтæ фæззæги».*
**Гъ.** Астъонæ иссердтан, фал ревæд цæмæ æй? Мæргътæй кæцитæ нæ фæттæхунцæ гъар бæстæмæ? Куд хуннунцæ еци цъеутæ? (Зумæгеуатгæнæг) Иристони гъæдти циуавæр зумæгеуатгæнæг мæргътæ фæууй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, цума, æхсæрæцъеутæ, гъæдкъуæртæ, халæнттæ æма ма мæргътæй кæцидæртæ цæмæннæ

фæттæхунцæ гъар бæстæмæ? Уомæн, æма еци цъеути бон æй, сæхецæн, зумæгон дæр хуæруйнаг амал кæнун.
**Гъ.** Гъар бæстæмæ ка фæттæхуй, еци цъеутæ ба куд хуннунцæ?
**С.** Гоцгæнагæ.
**Гъ.** Нур ба иллюстрацитæмæ æркæсæн:
– Зумæгмæ æхецæн æвæрæнтæ циуавæр сирдтæ фæккæнуй?
– Æхсæрсæттæг æхе зумæгмæ куд фæццæттæ кæнуй?
– Тæрхъостæ сæхецæн зумæгмæ æвæрæнтæ цæмæннæ фæккæнунцæ?
– Рагвæззæги арс ци фæккосуй?
*Хъæбæр берæ фæххуæруй, цæмæй иснард уæ.*
– Сирдтæй фæззæги кæцитæ раййевунцæ сæ хузæ æма цæмæн?
– Гъæди цæргутæн цæмæй зумæг уазал ма уа, уой туххæй син адæймаг куд байанхос кæна? Гъæйдæ, ракæнæн гъазт: «Зæгъетæ зæрдæлхæнæн дзурдтæ». Робас ду дæ… (цурд, цæрдæг, хийнæйдзаг), арс ду ба дæ… (тухгин, устур).
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Фæззæги хæццæ куд гъазтан, е уæ зæрдæмæ фæццудæй? Нæ гъазт уобæл нæ фæцæй. Æндæмæ ку рацæуæн, уæд нæ тургъи фæззæги минеугутæ иссердзинан. Нур ба, зæгъайтæ, фæззæг уин уæ зæрдитæ цæмæй барохс кæнуй? Уæ зæрдæмæ фулдæр циуавæр фæззæг цæуй?

**6-аг ахури усмæ**

**Еумæйаг темæ: «Фæззæг»**
**Темæ: «Фæззæги сюрприз»**
**Нисан:** – Сабийтæмæ ирæзун кæнун рæзæ æма халсартæ æртасуни арæхстдзийнæдтæ уæдта ци пайда æнцæ, уой дæр.

– Ирæзун кæнун сабийти гъудикæнунадæ, æримисунадæ æма гъосдарунадæ.

– Сабийти гъонбæл кæнун, æ гъæздугдзийнæдтæ нин ка лæвар кæнуй, еци æрдзæбæл уодун.

**Ærmæg**

**Ævdesunmæ:** ræсугъд хурст къоп, æ хурфи ба фæткъу; халсарти хузтæ: æпхæ, мæйболгæ, болгæ, къумбул, тауæг тъафæ, къабуска, баклажан, кабачок, хуæргæнасæ, помидор; минкъий подностæ. Лухгæнгæ хузæ «Тæскъæ»; 3 тæлий: сурх, кæрдæгхуз æма бор; хузæ-натюрморт аллихузон рæзæ æма халсарти хæццæ: æпхæ, фæткъу, апельсин, гъæдиндзæ, къабуска, хæлæрдзи, системон оператори экран, æ астæу рæзæ кенæ халсари хузæ; сабийтæн байуарунмæ тæскъи рæзæ, гагарæзæ æма æнгозтæ.

**Иуарунмæ:** фæззигон сифтæ фарстати хæццæ.

**Рагагъонмæ куст**

Хузæ (4-аг уæлдай), къариндæстæ кенæ фломастертæ.

## Ахури цуд

**Психогимнастикæ.**

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, сæрдигон тæвдæ бони уæ зæрдиуагæ куд адтæй, уой мимикæй равдесайтæ, нур ба – фæззигон къæвда бон. Нур ба байгъосетæ бацеу-бацеумæ, æма цæй туххæй æй, уой зæгъдзинайтæ.

Несу я урожаи,
Поля вновь засеваю.
Птиц к югу отправляю,
Деревья раздеваю,
Но не касаюсь сосен и елочек.
Я …

*(Осень)*

**С.** Е æй фæззæг.

**Гъ.** Раст айтæ, мах ма нæ балций фæззæги минеугутæ дæр агурдтан. Фæззæг уин бацæттæ кодта лæвар – сюрприз. Лæвар римæхст æй уæ къуари уати æма æй цæмæй иссерæн, уой туххæй гъæуама Фæззæг базона, мах ибæл цитæ зонæн, уони. Кæми агорæн фæззæги сюрприз? Æркæсайтæ,

мӕнӕ ами цидӕр рӕсугъд къоп ес, ӕма ӕртӕ фарстаемӕн дзуӕппитӕ ку радтайтӕ, уӕд байгон уодзӕй. Цӕттӕ айтӕ?

**Гъ.** Бӕлӕстӕ фӕззӕги сӕхе куд фӕцӕттӕ кӕнунцӕ зумӕгмӕ?

**С.** Сӕ сифтӕ рагӕлдзунцӕ ӕма уалдзӕгмӕ «бафунӕй» унцӕ.

**Гъ.** Мӕргътӕ ӕма цӕрӕгойтӕ ба фӕззӕги сӕхе зумӕгмӕ куд фӕцӕттӕ кӕнунцӕ?

**С.** Цӕрӕгойтӕй еуетӕ – ӕхсӕрсӕттӕгутӕ ӕма урдитӕ ӕвӕрӕнтӕ искӕнунцӕ, иннетӕ – арс, узун, хӕпсӕ ӕма хелагӕ ба – бафунӕй унцӕ. Гоцгӕнагӕ мӕргътӕ гъар бӕстӕмӕ фӕттӕхунцӕ. Ами, махмӕ, зумӕгеуати ци мӕргътӕ байзайуй (ӕхсӕрӕцъеутӕ, халӕнттӕ, гъӕдкъуӕртӕ), уони бон ба ӕй зумӕгон дӕр хуӕруйнаг амал кӕнун.

**Гъ.** Нур ба фӕстаг фарста. Адӕн ба фӕззӕги сӕхе зумӕгмӕ куд фӕццӕттӕ кӕнунцӕ?

**С.** Адӕн сӕ тиллӕг бафснайунцӕ, исфицунцӕ варенитӕ, кампоттӕ, искӕнунцӕ цӕхгунтӕ, иссор кӕнунцӕ гуделтӕ.

**Гъ.** Хъӕбӕр хуарз! Къоп байгон ӕй, ӕ хурфи ба дессаги фӕткъу. Фӕткъу, цид, кӕцирдӕмӕ разела, уордӕмӕ цӕудзинан.

*Гъонбӕлгӕнӕг фӕткъу базелуй сабийтӕн, ихӕслӕвӕрдтӕ ӕвӕрд кӕми ӕнцӕ, уордӕмӕ.*

**Гъ.** Фӕткъу нӕ ӕрбахудта, подносбӕл хузтӕ ӕвӕрд кӕми ес, уордӕмӕ. Куд уӕ фӕндуй, уотӕ хузтӕ фӕкъкъуӕрттӕ кӕнтӕ, ӕрмӕст зӕгъдзинайтӕ, уотӕ сӕ цӕмӕ гӕсгӕ фӕххецӕнтӕ кодтайтӕ, уой.

*Подносбӕл – рӕзӕ, гагарӕзӕ ӕма халсарти хузтӕ. Сабийтӕ хузтӕ хецӕнтӕ кӕнунцӕ ӕма сӕ архайд лӕдӕрун кӕнунцӕ.*

**Гъ.** Уӕ ихӕслӕвӕрд хуарз исӕнхӕст кодтайтӕ. Фал ма ӕркӕсайтӕ мӕнӕ аци ӕнахур хузӕмӕ. Гъӕйдӕ, райсӕн ӕй

нæ хæццæ, ка’й зонуй æма нæ багъæуа.
*Идарддæр сабийтæ ердзæнцæ ауæхæн хузи хæйттæ. Фæстагмæ хæйттæ ку æрæмбурд кæнонцæ, уæд фæйййиндзæнцæ тæскъи хузæ – е æй фæззæги лæвар. Гъонбæлгæнæг бабæй фæткъу разелуй.*
**Гъ.** Сабийтæ, фæткъу нæ æрбахудта «Дзæхæрадонæмæ». Гъæуама æрæмбурд кæнæн нæ тиллæг, уинетæ цæйбæрцæ халсарти хузтæ си ес. Æмбурдгонд халсартæн ма гъæуама, сæ хуæргæ хæйттæ дæр зæгъæн.
1) Сурх тæлимæ æрæмбурд кæнетæ хуæрунмæ бæзгæ уедæгтæ;
2) Кæрдæгхуз тæлимæ – хуæрунмæ бæзгæ сифтæ;
3) Бор тæлимæ – хуæрунмæ бæзгæ рæзæ æма халсартæ.
Сабийтæ райвæрунцæ хузтæ:
1) æпхæ, мæйболгæ, болгæ, къумбул;
2) къабуска, тауæг тъафæ;
3) помидор, хуæргæнасæ, насæ, баклажан.
*Гъонбæлгæнæг бæлвурд кæнуй, сабийтæ ихæслæвæрд куд исæнхæст кодтонцæ, уой.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Уæ ихæслæвæрд хуарз исæнхæст кодтайтæ, фал бабæй нин идарддæр фæткъуй фæсте цæугæ ’й.
*Гъонбæлгæнæг фæткъу разелуй, сабийтæ ба æ фæсте цæунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ами ба нин римæхст ес дессаги ихæслæвæрд. *Алли сабиймæ дæр къарточкæ, гъазт «4-аг уæлдай-æй» кæнунмæ.*
**Ихæслæвæрд.** Балæдæрун кæнун, предметтæй еу уæлдай цæмæн æй, уой. Иннæ предметтæн сæ еумæйаг минеуæг исбæрæг кæнун.
**Гъ.** Сумах гъæуама раханхæ кæнайтæ уæлдай предметбæл æма балæдæрун кæнетæ, цæмæн ибæл нихханхæ кодтайтæ, уой.

**Зæгъæн:** а) помидор, къабуска, хуæргæнасæ, харбуз;
б) цæнхæ, банк, картоф, помидор;
в) кæрдту, насæ, баклажан, мæйболгæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд. гъонбæлгæнæг байгъосуй 2–3 дзуаппемæ.*

**Гъ.** Ами дæр бабæй иссердтан хузи хай. Райсæн æй æма идарддæр цæуæн.

*Гъонбæлгæнæг фæткъу нæуæг ихæслæвæрдмæ базелуй.*

**Гъ.** Сабийтæ, кæсайтæ мæнæ ами ци рæсугъд хузæ ес. Æз уин бацеу-бацеутæ дзордзæнæн, сумах ба син дзуæппитæ гъæуама аци хузи иссерайтæ. Цæттæ айтæ!

Дæн тумбул, сурхростæ, ирæзун къалеубæл, уарзунцæ мæ устуртæ дæр æма минкъийтæ дæр.

*(Фæткъу)*

Ирæзун татхай зæнхи, хузæй дæн сурхгонд, адæй хуæрзадæ.

*(Æпхæ)*

Дæн оранжхуз, тумбул, минкъий тауæггомау.

*(Апельсин)*

Нæй фудуаг, фал æ алливарс еугурейдæр, кæун кæнуй.

*(Гъæдиндзæ)*

Сæдæ хæдонон, дæндæгути æхсæн искъæсс-къæсс кодта.

*(Къабуска)*

Адтæн цъæх æма минкъий, удта тар, хормæ ниссау дæн – æма дæн рæгъæд.

*(Хæлæрдзи)*

**Гъ.** Хуарз исæнхæст кодтайтæ иæхслæвæрд. Райсæн бабæй хузи хай æма идарддæр фæткъуй фæсте цæуæн.

*Гъонбæлгæнæг фæткъу разелуй.*

Кæсайтæ, мæнæ си цидæр къоп ес.

*Къопæн æ фæрстæ тумбул цъæстæ æнцæ «Сабийтæ, кезугай, сæ къохтæ цъаси бацæвгæй, урзæй сгаргæй базонунцæ предмет, æ ном ин фæззæгъунцæ æма æй, къоппæй исесунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, гъæуама къоппи цитæ ес, уони еугурейдæр базонæн æма сæ исесæн.

*Сабийтæ исесунцæ: фæткъу, банан, кæрдту, гъæдиндзæ, къумбул, æпхæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, ранимайайтæ, борс цæмæйти фицгæ æй? Æма уæд кампот ба цæмæй фицгæ æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, зæгъайтæ, адæни халсартæ цæмæн гъæунцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Халсартæ кæми зайунцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Дзæхæрадонæ æма рæзбунæй ци уæлдай ес?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, еугур фарстатæн дæр раст дзуæппитæ равардтайтæ. Райсæн бабæй нæ хузи хай æма идарддæр нæ фæткъуй фæсте цæуæн.

*Фæткъуй фæсте æрбацудæнцæ фланелеграфи кенæ магнитофон фæйнæги размæ. Фæйнæгбæл – системон оператор. Сабийтæ гъонбæлгæнæги хæццæ базонунцæ:*

| Берæ кæми ес? | Берæ кæми ес? | Берæ кæми ес? |
|---|---|---|
| Ци адтæй? | Цийфæнди рæзæ кенæ халсари хузæ. Цæмæй конд æй? | Ци уодзæй? |

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Еугур ихæслæвæрдтæ дæр раст исæнхæст кодтан. Хузи хæйттæ еугурæйдæр раст ку æрæмбурд кæнæн, уæд нин си рауайдзæй устур хузæ. Нур фæззæг базудта, сумахмæ берæ зонундзийнæдтæ ке ес, уой æма нин байамондзæй, æ лæвар кæми æвæрд æй, уой.

*Сабийтæ æмбурд кæнунцæ тæскъи хузæ.*

**Гъ.** Ци си рауадæй?

**С.** Тæскъæ.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Мадта, нур ба нæ къуари уати иссерæн тæскъæ.

*Сабийтæ иссерунцæ тæскъæ. Тæскъи ба сабийтæн – рæзæ, æнгозтæ æма гагарæзæ.*

**Гъ.** Кæсайтæ! Мæнæ нин ци дессаги лæвар ракодта Фæззæг, уомæ! Ами алцидæр адгин æма пайда æй. Абони уæ еугурæй дæр хуарз архайдтайтæ æма уин арфæ кæнун. Уæ зæрдæмæ ба фулдæр ци фæццудæй?

*Сабийтæ дзуапп радтунцæ, гъонбæлгæнæг ба син, тæскъæй, фæззæги лæвæрттæ байуаруй.*

***7-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Зайæгойти дуйне»**

**Темæ: «Æвзонг ботаниктæ»**

**Нисан:** – Сабийти зонгæ кæнун лæдæруйнæдтæ: «Зайæгойтæ», «Зайæгойти дуйне». Ниффедар кæнун зайæгойти дуйней туххæй зонундзийнæдтæ, уæдта æ рæсугъддзийнадæ æма æ пайдай туххæй.

– Сабийти ахур кæнун хатдзæгтæ кæнунбæл.

– Ирæзун кæнун сабийти берæвæрсуг гъосдарунадæ.

– Гъонбæл кæнун зайæгойти дуйнемæ цæмæдес унбæл, æрдзæмæ ба хуарз цæстæй куд кæсонцæ æма ибæл куд уодонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ: I-аг фæлварæн:** 2 банкеми ес фæйнæ деденæги, банкитæй еуеми ес дон, иннеми ба – нæ;

**II-аг фæлварæн:** банкити еугай деденгутæ дони хæццæ, сæ еу – игон иннæ ба – æмбæрзт, рохс имæ куд нæ кæла, уотæ; аллихузон зайæгойти хузтæ;

**III-аг фæлварæн:** багъар кæнунмæ дзаумау, сикъити къубарæ æма авгæ; банкæ дони хæццæ;

**IV-аг фæлварæн:** банки еу минкъий дон æма сикъит; 3 хузи: бæласæ, къотæр, деденæг (кенæ еумæйæг хузæ).

Хатдзæгтæ ниффинсунмæ таблицæ уæдта маркертæ.
Хузтæ: гъæдæ, хуæнхтæ.

**Иуарунмæ:** раздарæнтæ дзиппити хæццæ, хорсодзæнтæ, салфеткитæ (къохтæ сæрфунмæ), цалдæр уæлбун тæбæгъи кенæ подностæ. Хузтæ гъазт «Ботаникон лото»-йæн.

**Рагагъонмæ куст**

1. Еу кенæ дууæ боней размæ сабийтæн зæгъун, фæлварæнтæ ке кæндзæнцæ, уой. Фæлварæнти хатдзæгтæ ба бæрæг кæндзæнæнцæ ахури рæстæг.

**1-аг фæлварæн:** 2 банкеми фæйнæ зайæгоййи ниввæрун. Сæ еуеми хуарæнæй хурст дон никкæнун гъæуй. Ахури рæстæг дони ци зайæгой ес, уой къалеу кардæй ралух кæнун, цæмæй сабийтæ фæййинонцæ, зайæгой хурст дон æхемæ куд исцъирдта, уой.

**2-аг фæлварæн:** 2 донæйдзаг банкеми фæйнæ зайæгоййи ниввæрун. Сæ еуей къоппæй æрæхгæнун, цæмæй имæ рохс ма кæла. Аци фæлварæн сабийтæ еугурæй дæр куд уинонцæ, уотæ гæнгæ 'й. Уойфæсте банкитæ бафæсвæд кæнун гъæуй, цæмæй сæмæ цалдæр боней фæсте, ахури рæстæг ку æркæсонцæ, уæд сæмæ цæмæдессагдæр уонцæ æма сæхуæдтæ хатдзæгтæ искæнонцæ.

2. Гъазт дзурдтæ исахур кæнун «Мах гъæди цæуæн, цæуæн, гуделтæ иссердтан, æргубур кодтан æма сæ æртудтан». Ниввардтан сæ тæскъи, цæуæн идарддæр.

*Гъазти медæгæ иссерун ма æнгъезуй нинæгъ, саунæмуг æма у.и.*

## Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, уæ зæрдиуагæ куд æй? Равдесайтæ æй мимикæй (уæ цæсгæмттæбæл). Нур ба равдесайтæ, уæ зæрдиуагæ адгин сæнæфсерæ хуæргæй куд фæууй, уой, тауæг лимон уæдта? Содзгæ цивзæ цæхгун хуæргæнасæ,

адгин харбуз? Нур ба уин бацеу-бацеутæ ракæндзæнæн, сумах ба æй базонетæ.
– Уолæфуй, ирæзуй, цæун ба æ бон нæй. Е ци æй?
**С.** Зайæгой.
*Сабийтæ «деденæг» кенæ «бæласæ» ку зæгъонцæ, уæд син балæдæрун кæнун гъæуй, етæ дæр зайæгойти дуйнемæ ке хаунцæ, уой.*
**Гъ.** Раст айтæ. Зайæгойтæ уодæгас æрдзи хай æнцæ. Æма зайæгойти арæзт æма цард ка ахур кæнуй, еци ахургæнттæ ботаниктæ ке хуннунцæ, уой зонетæ. Ацибон сумах дæр уодзинайтæ ботаниктæ. Мах дзордзинан зайæгойти туххæй, кæндзинан фæлварæнтæ уæдта хатдзæгтæ. Уæ уæле искæнайтæ раздарæнтæ æма бахилтæ. Нур сумах ботаниктæ айтæ.
Æркæсайтæ, горцъебæл ци хузти кæрæ ес, уонæмæ. Сæ еугурей, еу загъдæй куд исхонæн ес?
*Байархайун цæмæй сабийтæ зæгъонцæ: зайæгойти дуйне.*
Раст загътайтæ, нур ба уæ куд фæндуй, уотæ, хузтæ фæкъкъуæрттæ кæнетæ.
*Сабийтæ подносбæл æрæвæрунцæ: бæлæстæ, деденгутæ, къотæртæ, æма гаганæмгути хузтæ, уæдта фæззæгъунцæ, уотæ сæ цæмæ фæххецæнтæ кодтонцæ, уой.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба зæгъайтæ, Иристони циуавæр зайæгойтæ зайуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хуарз! Мæ минкъий ахургæнттæ, нур ба зæгъайтæ, нæ къуари уати зайæгойтæ цæруй æви нæ. Кæци рауæн æнцæ?
**С.** Зайæгойтæ цæрунцæ æрдзи къуми.
Мадта æрдзи къуммæ хæстæгдæр æрбалæууайтæ – е уодзæй нæ лаборатори. Зæгъайтæ, циуавæр зайæгойтæ нæмæ ес?
*Сабийтæ сæ нимайунцæ.*
*Гъонбæлгæнæг стъолæбæл зайæгой æрæвæруй.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, аци зайæгойбæл циуавæр хæйттæ ес?

**С.** Едагæ, зæнгæ, сифтæ, деденæг.

**Гъ.** Раст загътайтæ, фал ма ибæл фæууй муггæгтæ æма рæзæ. Уедагæ ба ци рауæн фæууй? Зайæгоййи уедагæ цæмæн гъæуй?

**С.** Уедагæ зæнхи буни фæууй. Уедæгти фæрци зайæгой цъируй дон гъæугæ бауæргъæдти хæццæ, æма уотемæй ирæзуй.

*Сабийтæ къулумпи ку кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг фенхус кæнуй.*

**Гъ.** Зайæгоййи зæнгæбæл ба ци ес? Цæмæн гъæуй зайæгойти зæнгæ?

**С.** Зæнгæ уедæгтæ бæттуй сифтæ, деденгутæ æма рæзæбæл уæдта син æй æнцойнæ.

**Гъ.** Зайæгойти ба сифтæ цæмæн гъæуй?

**С.** Сифти рæуаги зайæгой уолæфуй.

**Гъ.** Деденæг ба æй цæмæн гъæуй зайæгоййи?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Деденæги бунати фæззиннуй рæзæ кенæ муггæгтæ.

*Сабийтæ дзуапп ку нæ зононцæ, уæд син гъонбæлгæнæг фенхус кæнуй. Гъонбæлгæнæг деденæги бæсти 3 хузи æрæвæруй: бæласæ, къотæр, деденæг.*

**Гъ.** Мæ хъазар ботаниктæ! Зæгъайтæ, аци зайæгойтæ кæрæдземæй цæмæйти хецæн кæнунцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Еумæйагæй ба сæмæ ци ес?

*Сабийти дзуæппитæ. Сабийти гъос æрдарун, бæласæн еунæг зæнгæ ке ес, федар къалеути хæццæ, уомæ. Къотæрæн ба цалдæр, уæдта æ къалеутæ зæнхæй ирæзунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, еугур зайæгойтæ дех кæнунцæ 3 паддзахадебæл: бæлæстæ, къотæртæ æма кæрдæгутæбæл. Цæмæй зайæгой ирæза, уой туххæй æй ци гъæуй?

**С.** Зæнхи мæрæ, рохс, гъар, дон æма гъæцæнтæ.

**Гъ.** Мах æзинæ фæлварæнтæ кодтан, абони ба син гъæуама

хатдзæгтæ искæнæн æма еци хатдзæгтæ бахæссун гъæуй таблицæмæ.
*Хатдзæгтæ нисæнтти хузи маркерæй гæгъæдибæл, кенæ рагацау бæрæггонд нисæнттæ, амонæн фæйнæгбæл федар кæнун гъæудзæй, гæгъæдий бланкбæл.*

**1-аг фæлварæн.**

*Гъонбæлгæнæг стъолæбæл æрæвæруй 2 банки æма иннæ дзаумæуттæ. Бæнккити фæйнæ деденæги, сæ еуеми дон æвгæд, иннеми ба – нæ. Кæд дон хурст адтæй, уæд сабийти гъос æрдарун, зайæгой дон куд исцъирдта æма куд ниххурст æй, уомæ.*

**Гъ.** Ци уинетæ уæ рази? Циуавæр хатдзæгтæ искæнун æй нæ бон?

**С.** Æнæ донæй банки ци зайæгой адтæй е, бахускъæ ’й.

**Гъ.** Циуавæр хатдзæг искæндзинайтæ.

**С.** Зайæгойти æнæмæнгæ гъæуй дон.

**Гъ.** Таблицæмæ æй бахæссетæ.

*Сабийтæ исхузæ кæнунцæ «æртæх» кенæ ба ин æ нисан фæйнæгбæл бафедар кæнунцæ.*

**2-аг фæлварæн.**

*Сабийтæ рандæ кæнунцæ банкитæ. Гъонбæлгæнæг æндæр 2 банкки æрæвæруй, сæ еу къоппæй æхгæд, рохс имæ нæ цæуй.*

**Гъ.** Ци уинетæ уæ рази? Искæнайтæ хатдзæгтæ.

**С.** Рохс кæмæ нæ калдæй, еци зайæгой бампулдæй. Зайæгойти гъæуй рохс.

**Гъ.** Уæ хатдзæгтæ ниббæрæг кæнетæ.

*Сабийтæ хори хузæ кæнунцæ кенæ ин æ бæрæггæнæн амонæн фæйнæгбæл бафедар кæнунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Зæгъайтæ, зайæгойтæмæ дон кæцæй цæуй?

**С.** Зæнхæй.

**Гъ.** Раст айтæ, зæнхæ ма æндæр хузи хуннуй «мæрæ».

Гъæйдæ, нур ба исбæрæг кæнæн зæнхи мæри дон ке ес, уой. Уой туххæй искæндзинан 3-аг фæлварæн.

*Гъонбæлгæнæг къонсерви къалай зæнхæ истæвдæ кæнуй æма ин æ сæрбæл авгæ райвæруй.*

**Гъ.** Ци уинетæ?

**С.** Авгæ исхед æй, дони æртæхтæ ибæл фæззиндтæй.

**Гъ.** Дон кæцæй фæззиндтæй? Мæри дон ес. Мæрæ ку ис-гъар кодтан, уæд æ дон тулфæ фестадæй, æма уæлæмæ цæун райдæдта. Тулфæмæ уазал авгæ ку бадардтан, уæд тулфæй æртæхтæ рауадæй, ниббæрæг æй кæнетæ амонæн фæйнæгбæл.

*Сабийтæ хатдзæг «финсунцæ».*

**Гъ.** Цума мæри уæлдæф ба ес? Исбæрæг æй кæнæн.

*Гъонбæлгæнæг стъолæбæл æрæвæруй, дон кæми ес, уæхæн банкæ. Арæхсгай дони ниввæруй зæнхи къæртт.*

**Гъ.** Ци уинетæ?

**С.** Мæрæбæл хъопбæгътæ фæззиндтæнцæ æма уæлæмæ цæунцæ.

**Гъ.** Хъопбæгътæ цæмæй конд æнцæ?

**С.** Уæлдæфæй.

**Гъ.** Раст зæгъетæ. Дон мæри хурфæмæ бацудæй æма уæлдæфи бунат ниййахæста, уæлдæф ба хъопбæгъти хузи донæй уæлæмæ рандæ æй.

Хатдзæг амонæн фæйнæгбæл ниффинсетæ.

*Сабийтæ хъопбæгъти хузтæ «финсунцæ».*

**Гъ.** Цæмæй мæри хурфи уæлдæф фулдæр уа, уой туххæй æй фæлмæн кæнун гъæуй. Куд гъуди кæнетæ, цæрæгойтæй еци гъуддаги зайæгойтæн ка анхос кæнуй?

**С.** Цъифи золкъитæ.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба, мæ æвзонг ботаниктæ, фæлварæнтæбæл хуарз бакустайтæ, хатдзæгтæ дæр раст искодтайтæ æма ма зæгъайтæ зайæгойтæ кæмити зайунцæ, уой?

**С.** Гъæди, парки, дзæхæрай, татхати, хуæнхти æма у.и.
**Гъ.** Уæ раздарæнтæ æма бахилтæ раласетæ æма гъæдæмæ рабалци кæнæн.

**Гъазт «Мах гъæди цудан»**

*Сабийтæ ци дзорунцæ, уой цума кæнгæ дæр кæнунцæ, уотæ æвдесунцæ.*

Мах гъæди цæуæн, цæуæн, гуделтæ иссердтан, æргубур кодтан æма сæ æртудтан. Ниввардтан сæ тæскъи. Цæуæн, цæуæн, идарддæр иссердтан нинæгътæ, æргубур кодтан æма сæ æртудтан. Ниввардтан сæ тæскъи.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба горцъебæл æрбадетæ, цума æрдози айтæ, уотæ гъуди кæнетæ. Æз ба уæмæ дууæ дессаг хузи бавдессæн.

*Гъонбæлгæнæг ниввæруй горцъебæл дууæ хузи: хуæнхтæ æма гъæдæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, нæ хуæнхти циуавæр зайæгойти бон æй иразун?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба ракæнæн гъазт «Гъæди æви дзæхæрадони». Æз дзордзæнæн зайæгойти нæмттæ, æма кæд зайæгой гъæди зайуй, уæд, цид, уæ къохтæ хæрдмæ исдаретæ. Кæд дзæхæрадони уæдта – уæ къохтæй еу къæрцц никкæниайтæ.

*Гъонбæлгæнæг син еу 6-8 зайæгоййи номи фæззæгъуй, сабийтæ ба сæ сæ къохти «нисæнттæй» амонунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Хатдзæг искæнæн нæ ахуртæн. Цæй кой кодтан ацибон? Ци хатдзæгтæ искодтан, уонæмæ гæсгæ, зайæгоййи ци гъæуй, цæмæй цæра, уой туххæй? Адæн ба ци гъæуама кæнонцæ, цæмæй зайæгойтæ иразонцæ æма фулдæр кæнонцæ.

**Еумæйаг темæ: «Цæрæгойти дуйне»**
**Темæ: «Банхус кæнæн зоопаркæн»**
**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ цæрæгойти берæвæрсуг дуйней туххæй.

– Ахур кæнун сабийти, цæмæй сæ бон уа рабарун æма хатдзæгтæ искæнун.

– Ирæзун кæнун сабийти феппайунадæ æма зæрдæбæл бадарунадæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй цæрæгойти уарзонцæ æма сæбæл уодонцæ.

Рагагъонмæ куст: Бакæсун æрмæг «Кæми рæфтад кодта æхсæрæцъеу». Мæргътæ, сирдтæ, кæсæлгитæ æма биндзити минеугутæ базонунмæ схемити хæццæ гъазт.

**Ахури цуд**

**Психогимнастикæ.**
*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, æз нуртæккæ мæ къохтæй никъкъæрцц кæндзæнæн æма сумах минкъий цæрæгойтæ фестдзинайтæ æма син сæ минеугутæ æвдесдзинайтæ.
*Гъонбæлæгнæг æ къохтæй никъкъæрцц кæнуй.*
Равдесайтæ хийнæйдзаг робаси, игъæлдзæг хъибили, æстонг берæгъи, сæрбæрзонд уасæнги, зулун къæхтæ арси, робасæй раледзæг тæрхъоси. Хъæбæр хуарз! Нур ба ракæнæн гъазт «Уодæгас æма æнæуод æрдзæ».
*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ, гъонбæлгæнæг ба – сæ астæу. Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ, кезугай, къозо багæлдзуй æма фæззæгъуй «цардæгас æрдзæ» кенæ «æнæуод æрдзæ» æма «æрдзæ нæй», зæгъгæ. Сабий ба къозо фæстæмæ гъонбæлгæнæгмæ гæлдзгæй, гъæуама гъæугæ объекти ном зæгъа.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз!

*Игъусуй телефони мури гъæр. Гъонбæлгæнæг «дзоруй» телефонæй.*

– Уо, рæвдауæндонæ. Кæцæй дзоретæ? Зоопаркæй? Хъæбæр хуарз! Æма ци æрцудæй? Тухсгæ ма кæнетæ, мах уин сабийти хæццæ фенхус кæндзинан. Хуæрзбон!

**Гъ.** Сабийтæ, балæдæрдтайтæ, кæцæй дзурдтонцæ, уой?

**С.** Зоопаркæй.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Æма «зоопарк» ба ци æй?

**С.** Зоопарк æй, аллихузон цæрæгойтæ кæми цæруй, уæхæн цæрæнуат. Уоми алли цæрæгоййæн дæр ес æхе хæдзарæ.

**Гъ.** Æма сæмæ еци хæдзæртти ка зелуй?

**С.** Зоопарки ка косуй, еци адæн. Етæ цæрæгойтæ берæ уарзунцæ, гъæуай сæ кæнунцæ, ба син хуæрун кæнунцæ æма син сæ фæсте дæр æфснайунцæ.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Зоопарки ма никкидæр косуй фонси дохтуртæ – ветеринартæ, цæрæгойти ка дзæбæх кæнуй, уæхæн дохтуртæ. Етæ син се 'нæнездзийнадæмæ сæ гъос дарунцæ, уæдта, цæмæй син цæуæт уа, уобæл архайунцæ. Уæдæйти нæмæ зоопарки директор æрбадзурдта телефонæй. Фæндуй æй, цæмæй ин банхус кæнæн. Гъуддаг уой медæгæ æй, æма æхсæвæ кадæр зоопарки хатæнти дуæрттæ байгон кодта æма цæрæгойтæ еугурæй дæр исхæлæмулæ æнцæ. Мах ба цæрæгойтæн сæ бунæттæ иссерунмæ гъæуама банхус кæнæн. Фæндуй уæ? Æма нæ горæти зоопарк кæци рауæн æй, уой зонетæ? Куд имæ цæугæ æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Раст загътайтæ, æнгъезуй маршрутки дæр, трамваййи дæр, фал син мах гъæуама æвæстеуатæй байанхос кæнæн, уомæ гæсгæ исбадæн пернайтæхæги (вертолетти) æма сæмæ фæттæхæн.

*Сабийтæ дзодздзæги æрбадунцæ.*

**Гъ.** Пернаттæхæг æркуста: др-др-др. Хæрдмæ нæ исита. (Сабийтæ ислæуунцæ.) Фæттæхæн… (Сæ еугай къохтæ

сæ сæрмæ зелунцæ.) Сабийтæ гъонбæлгæнæги фæсте, сæ уати «тæхунцæ», сæ уати астæу «зоопарк» арæзт кæми ес, уордæмæ. Пъолбæл аллихузон тæлитæ æма цæрæгойти хузтæ хæлеутæ кондæй лæуунцæ.)
**Гъ.** Уæхе æрбадунмæ æрцæттæ кæнетæ, дæлæмæ æруадзетæ уæхе, мотор нихххуссун кæнетæ.
*Сабийтæ дзодздзæги æрбадунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, кæсайтæ ци берæ цæрæгойти хузтæ си ес, куд исхæлæмулæ æнцæ. Мах сæ гъæуама фæкъкъуæртæ кæнæн. Алли хæдзари тæлий дæр ес схемæ, гъæйдæ, æркæсæн сæмæ. Фиццаг тæлий гъæуама ка уа?
**С.** Цъеутæ.
**Гъ.** Дуккаги ба? (Схемæ: дзæмбутæ æма æнсуртæ.)
**С.** Сирдтæ.
**Гъ.** Æртиккаг тæлий ба? (Схемæ: хæрвæ, накæгæнæн базуртæ.)
**С.** Кæсæлгитæ.
**Гъ.** Аци тæлий ба? (Схемæ: цалдæр листæг къахи æма губун.)
**С.** Саскъитæ.
*Райсун ма æнгъезуй æндæр схемитæ дæр.*
**Гъ.** Хуарз. Нур ба цæрæгойти фæкъкъуæрттæ кæнæн.
*Сабийтæ цæрæгойти хузтæ тæлитæбæл байуарунцæ, гъонбæлгæнæг ба син сæ кустмæ кæсуй.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба æркæсæн, мæнæ нæ рази ци къоробкæ лæууй, уомæ. Мæнмæ гæсгæ си цидæр æзмæлуй! (Байгон кæнуй къоробкæ.) Уой! Ами ба ма цæрæгойтæ ку ес никкидæр. Æркæсайтæ, ци берæ æнцæ, цæугæ ба си, цума, куд бакодтонцæ! Байгъосетæ ихæслæвæрдмæ. Цæрæгойтæ еугурæй дæр бæлвурд бунæттæ æма уавæрти фæццæрунцæ: сæ еуетæ дони цæрунцæ (мæнæ уин, уонæн, æрвхуз тæли), иннетæ гъæди цæрунцæ (мæнæ уин кæрдæгхуз тæли). Хуæнхти ка цæруй, уæхæнттæ дæр ес (мæнæ уин фунук-

хуз тæли), ес ма уæхæнттæ дæр, кæцитæ адæймаги фарсмæ цæрунцæ (мæнæ уин бор тæли).
Нур ба ракæнæн гъазт «Иссерæ дæ хæдзарæ».
*Хузтæ сабийти бæрцæ гъæуама уонцæ. Сабийтæй алкедæр райсуй хузæ æма уати рацо-бацо кæнуй. Гъонбæлгæнæг ку зæгъа: «Иссерæ дæ хæдзарæ!», уæд гъæуама алкедæр æхе тæлий рази æрлæууа (тæли устур ку уа, уæдта æ хурфи. Гъонбæлгæнæг исбæрæг кæнуй, сабийтæ ихæслæвæрд куд исæнхæст кодтонцæ, уой.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уæ хузти хæццæ мæ размæ хæстæгдæр æрбацæуайтæ. Æрбадетæ.
*Сабийтæ, гъонбæлгæнæги рази горцъебæл æрбадунцæ.*
**Гъ.** Мæнмæ ес 3 хъæбæр гæгъæдий тъафи – кæрдæгхуз, сурх æма гъолон. Етæ æнцæ цæрæгойти фингитæ. Аллихузон цæрæгойтæ фæйнæхузон хуæруйнæгтæ фæххуæрунцæ: еуетæ зайæгойтæ фæххуæрунцæ, иннетæ ба – цæрæгойти, аннетæ ба – зайæгойти дæр æма цæрæгойти дæр. Зайæгойтæ ка хуæруй, еци цæрæгойти куд хонунцæ, уой зонетæ? Уони кæрдæгхалхуæрæг цæрæгойтæ хонунцæ. Цæрæгойти ка хуæруй, еци цæрæгойтæ ба куд хуннунцæ?
– Етæ хуннунцæ «тогцъух» цæрæгойтæ.
– Æма зайæгойти дæр æма цæрæгойти дæр ци цæрæгойтæ хуæруй, етæ ба куд хуннунцæ?
– Алцихуар цæрæгойтæ.
*Сабийтæ дзуапп ку нæ зононцæ, уæд син æй, нæуæг æрмæгау, байамонун гъæуй. Гъонбæлгæнæг гæгъæдий тъæфтæ кæрæдземæй идардгомау æрæвæруй.*
**Гъ.** Нур ба байгъосетæ ихæслæвæрдмæ: цæрæгойти фингити уæлгъос æрæвæретæ.
*Тогцъухти – сурх финги рази, кæрдæг халæхуарти – кæрдæгхуз финги рази, алцихуар цæрæгойти ба – гъолон финги рази. Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Мадта зæгъайтæ, адæймаг æма

цæрæгойтæмæ еумæйагæй ци ес?
**С.** Адæн æма цæрæгойтæ æнцæ цæрæг уодтæ, райгурунцæ, уолæфунцæ, ирæзунцæ, хуæрунцæ, цæстæй уинунцæ æма у. и. Аразунцæ цæрæн бунæттæ, цийнæ кæнунцæ, тæрсунцæ, тингун кæнунцæ æма у.и.
**Гъ.** Æма уæд еугур цæрæгойтæмæ ба еумæйагæй ци ес? Цæмæй æмхузон æнцæ?
**С.** Ес син сæртæ, гуртæ, къæхтæ æма у. и.
**Гъ.** Цæрæгойтæ сæхе цæмæй æма куд фæгъгъæуай кæнунцæ æзнæгтæй? Берæгъ? Тикис? Уæртгун хæпсæ? Узун? Хелагæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Адæн зоопарктæ цæмæн кæнунцæ?
*Сабийтæ дзуапп дæдтунцæ.*
Сабийтæ, хуарз исæнхæст кодтайтæ уæ ихæслæвæрд, зоопарки косгутæн банхус кодтайтæ. Нур ба зоопарки еу минкъий рагъазæн. Хæстæгдæр æрбалæууайтæ мæнæ аци æнахур хузи рази. Ци уинетæ хузи?
*Хузи астæу сувæллон, æ фæрстæмæ ба: хелагæ, цъеу, арс, фус, мудибиндзæ, дзæбодур.*
**Гъ.** Сабийтæ, уæ цори ес цæрæгойти портретти минкъий коллекци. Адæймагæн си тæссаг кæцитæ æнцæ, кæцитæ ба нæ?
*Сабийтæ раст дзаупп радтунбæл архайунцæ.*
**Гъ.** Нур ба хæстæгдæр æрбалæууетæ вальермæ, аллихузон цæрæгойтæмæ.
*Магнитон фæйнæгбæл кенæ фланелеграфбæл хузтæ: арс, мудибиндзæ, уæртгун хæпсæ, уасæнгæ, фус æма хæрæг.*
**Гъ.** Нур ба рагъуди кæнетæ, æма зæгъетæ, мæнæ атæ ке туххæй æнгъезуй зæгъун:
– косуй … (мудибиндзау)
– æнарæхст æй… (арсау)
– хиликъой æй… (уасæнгау)

– фудзунд æй … (хæрæгау)
– заруй… (борæмæлгъау)
*Сабийтæ кæронмæ фæззæгъунцæ гъудийадæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур нин фæстæмæ рæвдауæндонæмæ цæун афонæ æй. Цæугæ ба кæндзинан трамваййи. Уæ «вагæнттæ» кæрæдзей фæдбæл бафедар кæнетæ, æз уæ разæй, уотемæй.
*Изулуй игъæлдзæг музыкæ. Гъонбæлгæнæг сабийти æ фæсте æрбахонуй, ахури усмæ кæцæй райдæдтонцæ, уордæмæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Рахезетæ уæ вагæнттæй. Нæ балци уæ зæрдæмæ фæццудæй?

***9-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Дæлдон дуйне»**
**Темæ: «Донибун цæуæг науи балци»**
**Нисан:** – Сабийти зонундзийнæдтæ урухдæр æма бæлвурддæр кæнун дони медæгæ цæргути дуйней туххæй. Ахур кæнун сабийти денгизон æма цæугæдони кæсæлгитæ хецæн кæнунбæл.

– Игурун сæмæ кæнун хатдзæгтæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ.

– Ирæзун кæнун сабийти æргъудидзийнадæ.

– Гъонбæл сæмæ кæнун зонундзийнæдтæмæ цæмæдесдзийнадæ.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** хузтæ (кенæ гъазæнтæ): гайа, дельфин, акулæ, медузæ, æсткъахуг, кальмар; 2 тæлий æрвхуз æма фæлорс – æрвхуз.
Дони буни хузæн æнгæс арæзт: фæлорс – мора хъумац – æзменсæ; дони зайæгойтæ; ракушкитæ, листæг дортæ; денгизон цæхъалти унæр магнитофони лентъæбæл финст.
**Иуарунмæ:** хузтæ: кæсалгæ – хирх, кæсалгæ – узун,

кæсалгæ – дзæбокæ, денгизон бæх, кæсалгæ – сидзийнæ; предметти хузтæ: дзæбокæ, хирх, бæх, узун, содзийнæ. Къарточкитæ: цæугæдони, цади æма денгизон кæсæлгити хузти хæццæ. Аквариуми кæсæлгити хузтæ: вулехвосткæ, гупки, сугъзæрийнæ кæсалгæ.

**Рагагъонмæ куст**

Исахур кæнун гъазт «Киттæ (гайатæ) æма дельфинтæ».

## Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, зонетæ кæсалгæ ахæссун ци æй, уой?

*Сабийти хæццæ кæсалгæ ахæссуни туххæй радзубанди кæнун, сæ зонундзийнæдтæ базонунмæ.*

**Психогимнастикæ «Кæсалгæ ахæссун».**

**Гъ.** Уæ цæститæбæл рагъазун кæнетæ, цума кæсалгæ ахæсгутæ айтæ æма кæсалгдзау кæнæн. Фиццаг бал æркъахæн золкъитæ, æнгурæбæл сæ бакæнæн, дони æй багæлдзæн, лæмбунæг кæсæн æнгурæмæ, кæсалгæ донæй ласæн.

*Сабийтæ, цума, æцæгæй дæр, кæсалгæ ахæстонцæ, уотæ архайдтонцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз!

Цæйбæрцæ кæсæлгитæ ниййахæстайтæ!

Хæстæгдæр æрбалæууайтæ æма нæ дессаги экранмæ бакæсетæ.

*Сабийтæ амонæн фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæуунцæ. Фæйнæгбæл – «системон оператор». Системон операто-ри астæу – кæсалги хузæ.*

| | | |
|---|---|---|
| | берæ кæми ес? | |
| раздæр ци адтæй | денгизи | ци си рауайдзæй? |
| еугæф | цæмæй конд æй? | кæсалгæ |

Сабийти хæццæ базонæн системон оператор, зæгъæн:

– Раздæр ци адтæй: еугæф (икра).

– Ци си рауайдзæй? Кæсалгæ, кæсалги басæ (уха), рæфтад, уат исрæсугъд кæнунмæ – аквариум.
– Берæ кæми ес? Денгизи, океани, цæугæдони, аквариуми, тукани æма у.и.
– Цæмæй конд æй? Сæр, гурæ, къæдзелæ, накгæнæнтæ æма хæрвæй.
*Сабийтæ гъонбæлгæнæги хæццæ базонунцæ, кæсалги цæмæн гъæуй гъосаутæ (цæмæй дони буни уолæфа), цæмæн æй гъæуй накгæнæнтæ (цæмæй накæ кæна), цæмæн æй гъæуй къæдзелæ (цæмæй нагæнгæй аллирдæмæ æздæха.*
Кæсалгæ зæнхæбæл рацæуидæ? Уæлдæфи тæхун ба? Цæмæннæ?
**Гъ.** Фæндуй уæ донибуни паддзахадæмæ рабалци кæнун? Цæбæл цæуæн балций?
*Сабийти дзуæппитæ.*
Гъæуама донибунти цæуæг науæбæл цæуæн, цæмæй нин мацæмæй уа, тæссаг.
*Сабийтæ кæрæдзей фæсте æрлæуунцæ, еу къахæй иннемæ рауæзæ-бауæзæ кæнунцæ, фæрсмæ никъкъолтæ кæнунцæ сæхе.*
**Гъ.** Нæ науæ цæттæ æй дони бунмæ рандæунмæ. Денгизи цæхъалтæ æй уозунцæ. Ёрти уæнгæ нимайæн æма фæццæуæн дони бунмæ балци.
*Сабийтæ 3-й уæнгæ нимайунцæ. Игъусуй магнитофонбæл финст денгизи цæхъалти унæр.*
**Гъ.** Унæр уæмæ игъусуй? Е денгизи гъæр æй.
*Къæхтæ, къохтæ æма сæ гурти æзмæлдтитæй сабийтæ фæнзунцæ, науи дони бунмæ куд фæццæунцæ, уой, æма æрбадунцæ горцъебæл.*
**Гъ.** Арф нæ ниннигъулдан. Ами рохс цæмæн æй?
**С.** Хори тунтæ дони хурфи дæр цæунцæ æма рохс кæнунцæ.
**Гъ.** Куд уæмæ кæсуй, дони буни гъар æй?
**С.** Гъо, уомæн æма хормæ дон исгъар уй.

**Гъ.** Дон алкæддæр ами гъар фæууй?
**С.** Нæ фæууй, зумæги хор минкъий фæттавуй æма си уомæ гæсгæ уазал фæууй.
**Гъ.** Кæсайтæ рахесæрдæмæ, æрбанакæ кæнуй цидæр агъазиау дессаги цæрæгой, цума ци æй?
*Фæйнæгбæл рахесæрдæгæй федаргонд цæуй гайай хузæ, кенæ ба гъазæн – гайа (кит).*
**С.** Е гайа æй.
**Гъ.** Нæ нæ бахуæрдзæй гайа?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нæгъ, гайа хуæруй дони зайæгойтæ, кальмартæ, æсткъахугтæ. (Æвдесуй хузтæ.)
**Гъ.** Сабийтæ, гайа кæсалгæ æй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нæгъ, гайа кæсалгæ нæй, фал дони цæрæгой æй, уолæфуй ræугутæй, æ бæдæлтти æхсирæй хæссуй, накгæнæнтæ æма къæдзели фæрци дони медæгæ æнцонæй цæуй. Куд гъуди кæнетæ, гайай бон Иристони цæрун æй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
Нæгъ, уомæн æма нæ цæугæдæнттæ æнцæ уæлбун, уазал æма æдзæнхæ.
**Гъ.** Галеуæрдигæй фæззиндтæй циуавæрдæр цæрæгой. Цума ци æй?
*Æвдесуй æргъеугæфи хузæ кенæ æ гъазæн.*
**С.** Е æргъеугæф æй.
**Гъ.** Æргъеугæф дæр кæсалгæ нæй, фал цæрæгой. Гъасаутæ ибæл нæййес. Куд гъуди кæнетæ, цума гайатæ æма æргъеугæфтæ дони арфи цæмæннæ цæрунцæ, донæй арæх цæмæ искæсунцæ?
**С.** Гъосаутæ сæбæл ке нæййес, уой туххæй исуолæфунмæ донæй искæсунцæ.
**Гъ.** Æма уæд дельфинти бон ба уидæ Иристони цадитæ æма цæугæдæнтти цæрун?

**С.** Нæгъ, уомæн æма цæугæдæнтти æма цадити дæнттæ æнцæ уазал æма æдзæнхæ.
**Гъ.** Раст загътайтæ, нæ цæугæдæнтти дон æй æдзæнхæ, уруссагау ба «пресная вода». Уомæ гæсгæ си ци кæсæлгитæ цæруй, етæ дæр хуннунцæ æдзæнхон цæргутæ, уруссагау «пресноводные». Нур ба рагъазæн.
**Физминуткæ «Гайатæ æма æргъеугæфтæ».**
**Гъ.** Кизгуттæ уодзæнцæ æргъеугæфтæ, биццеутæ ба – гайатæ. Кæми цæретæ?
**С.** Дони.
*Сабийтæ сæ къохтæ уæлæмæ исесунцæ, къохти æнгулдзитæ къума æвæрд искæнунцæ, уотемæй аллирдæмитæ ратас-батас кæнунцæ, цума накæ кæнунцæ дони, уоййау.*
**Гъ.** Уолæфт нин нæбал фагæ кæнуй, ци кæнæн?
*Сабийтæ, сæ къохти къума æвæрд нæ фехалгæй, дæлæмæ сæ æруадзунцæ, сæ сæртæ бæрзонд исесунцæ æма уолæфуни æзмæлдтитæ кæнунцæ: фиййæй– медæмæ, гъæлæсæй ба – æндæмæ рауолæфунцæ.*
**Гъ.** Арф исуолæфетæ æма бабæй дони бунмæ ниццæуæн.
*Исуолæфти фæсте бабæй сабийтæ сæ къохтæ къума æвæрдæй уæлæмæ исесунцæ æма, ратас-батас кæнгæй, «дони бунмæ рандæунцæ».*
**Гъ.** Нæ балци идарддæр кæнæн.
*Сабийтæ дзодздзæги æрбадунцæ горцъебæл, сæ къохтæ æрæмбуйнитæбæл къæдзæгонд, уотемæй сæ къохти рæуаги размæ цæунбæл æвзарунцæ.*
**Гъ.** Дони бун куд арфдæр, уотæ талингæдæр цæмæн æй?
**С.** Хори тунтæ дони бунмæ дзæбæх нæ хъæртунцæ, æма си уомæ гæсгæ уазалдæр æма талингæдæр æй.
**Гъ.** Уæд айæ ба ци æй?
Æвдесуй акули хузæ (кенæ æ гъазæн)?
**С.** Е акулæ æй.
**Гъ.** Акулæ дæр дони цæрæгой æй, æви кæсалгæ?

**С.** Акулæ кæсалгæ æй, уомæн æма ибæл гъосæутæ ес.
**Гъ.** Равдесайтæ, акулитæ цитæ фæххуæрунцæ, уони.
*Сабийтæ æвдесунцæ минкъий кæсæлгитæ æма дони цæрæгойти хузтæ.*
**Гъ.** Акулæ адæймагæн тæссаг æй?
**С.** Етæ багъавунцæ адæймагбæл сæхе ниццæвун æма æй бахуæрун.
**Гъ.** Гъæйдæ, аци тæссаг рауæнæй рандæ уæн.
*Сабийтæ горцъебæл бадгæй кæрæдзей фæсте сæ фазитæбæл бургæй сæхе раеуварс кæнунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, мæн фæндуй, цæмæй еу минкъий дони буни рагъазæн. Нæ бон дони буни уолæфун уодзæй?
**С.** Нæгъ, уомæн æма нæбæл гъосаутæ нæййес.
**Гъ.** Ци бакæнун æнгъезуй, цæмæй дони бунти цæуæг науæй рахезæн, уой туххæй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нæхебæл искæнæн дони буни цæуæн дарæс – аквалангтæ, æма еу минкъий дони медæгæ рагъазæн.
*Гъонбæлгæнæг сабийти бахонуй, сæрмагондæй дони буни хузæн (æнгæс) арæзт къуммæ.*
**Гъ.** Денгизи бун цæмæй æмбæрзт æй?
**С.** Æзменсæ, листæг дортæ æма дони зайæгойтæй.
**Гъ.** Кæсайтæ, ци берæ æнахур сурх кæсæлгитæ си ес, сæ уиндæ мин цидæр предметтæ мæ зæрди æфтаунцæ. Иссерайтæ, аци кæсæлгитæ цæй хузæн æнцæ, еци предметти хузтæ. Аци кæсæлгити куд исхонæн æнгъезуй?
*Хæлæмултæй æвæрд æнцæ кæсæлгити хузтæ: кæсалгæ – хирх, кæсалгæ – дзæбокæ, кæсалгæ – содзийнæ, денгизон бæх, денгизон узун æма ма хузтæ: хирх, дзæбокæ, узун, содзийнæ æма бæх.*
*Сабийтæ «æнкъæйттæ» кæнунцæ хузтæ æма кæсæлгитæн нæмттæ радтунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Фал ма нин денгиз æрцæттæ кодта еу

ихæслæвæрд. Мæнæ ами ес кæсæлгити хузтæ. Алкедæр райсæд хузæ æма æй тæлий раст нивværæд: æрвхуз тæлий денгизон кæсæлгити, фæлорс – æрвхузи ба – æдзæхдони цæрæг кæсæлгити.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд, фæззæгъунцæ кæсалги ном æма аци тæлий æвæрд цæмæн æрцудæй, уой. Аци гъазти райдайæни æнгъизтæй, фиццаг бал, еугур кæсæлгити нæмттæ зæгъун, уæд сабийтæн æнцондæр адтайдæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, зæгъайтæ, цæмæй уæмæ кæсæлгитæ цæра, уой туххæй ци æргъуди кæнун æнгъезуй.

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æма уæ аквариуми циуавæр кæсæлгитæ уодзæй?

*Сабийтæ æвзарунцæ хузтæ: вуалехвосткæ, гупки, сугъзæрийнæ кæсалгæ.*

**Гъ.** Аквариуми ци кæсæлгитæ цæрдзæй, етæ куд хуннунцæ?

**С.** Аквариуми кæсæлгитæ.

**Гъ.** Хуарз! Æма мæнæ айæ ба ци æй?

*Медузити хузтæ.*

**С.** Етæ медузитæ æнцæ.

**Гъ.** Цæй хузæн æй медузæ? Æнгъезуй имæ æвналун? Ахæссун ба?

**С.** Нæгъ, содзгæ кæнуй.

**Гъ.** Медузæ хъæбæр дессаги æнахур цуд кæнуй. Дон æхемæ æрæмбурд кæнуй æма зонтик æхгæнæгау æхе æрбангом кæнуй, уой фæсте ба, æваст æ дон ракæлуй æма размæ æсхуст цуд бакæнуй. Гъæйдæ, мах дæр, медузи хузæн, равзарæн цæун.

**Фæлтæрæн гъазт «Медузитæ»**

*Сабийти къохтæ, минкъий къæдзæгондæй, дæлæмæ уагъд. Уой фæсте сæ къохтæ æваст бунмæ æруадзунцæ æма сæ къæхтæй ба хæрдмæ исгæпп кæнунцæ (3 хатти).*

**Гъ.** Адæн медузити цуди мадзалæй испайда кæнунцæ

ракетитæ космосмæ æрветгæй. Ракетæ æ хъуæци пеллон фæстæмæ калуй, æхуæдæгка размæ цæуй. Кæсайтæ, медузитæ фулдæрæй фулдæр кæнунцæ, æвæдзи, тагъд шторм райдайдзæй. Афонæ нин æй нæхемæ цæунмæ. Науи уæ бунæттæ иссеретæ.
*Сабийтæ кæрæдзей фæсте дзодздзæги æрбадунцæ æма цума донæй ислæсунцæ, уоййау, сабургай сæ къæхтæбæл раст ислæуунцæ.*
**Гъ.** Гъеууойадæбæл нæ балци фæцæй. Ци базудтайтæ нæуæгæй? Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Зин ба уæмæ ци фæккастæй?

***10-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Æрдзæ – нæ хæдзарæ»**
**Темæ: «Хуæнхтæмæ балци»**
**Нисан:** – Идарддæр урухдæр кæнун сабийти зундрахаст. Сæ зонундзийнæдтæй, багъæуаги – зин уавæри, испайда кæнун сæ бон куд уа.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, æрдзæ куд гъæуай кæнонцæ æма ибæл куд ауодонцæ.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** тæли, æ астæу ба уæлдæфон шар федаргонд, кенæ устур тæли, уæлдæфон шари бæттæн ибæл цума баст æй, уæхæн; хорсодзæн, 2 колби; хузтæ: зæнхи гъоргъæ, къотæр, лæгæт уæдта ма цæрæгойтæ: арс, тæрхъос, æхсæрсæттæг, золкъæ æма æнд.; 2 хузи: гъæдæ æма зайæгой кæми нæййес, уæхæн рауæн хуæнхбæсти. Пирамидæ аразунмæ аллихузон кубиктæ: зæнхæ, зайæгойти дуйне, цæрæгойти дуйне, уæлдæф, адæймаг.
**Иуарунмæ:** минкъий блокноттæ (кенæ гæгъæдий тъæфтæ – планеттæ фæлварæнти номертæ сæбæл куд уа, уæхæнттæ),

къариндæстæ кенæ фломастертæ, дамбаца, кукла æма гæппитæ кæнунмæ бæттæн.

### Ахури цуд

**Гъ.** Сабийтæ, циуавæр зæрдиуагæ уин ес, уой равдесайтæ. Нур ба, куд хъаурæгин айтæ, уой. Уæхе хормæ исивазайтæ. Кæрæдземæ баходайтæ. Хъæбæр хуарз! Бæгъатæр сабийтæ айтæ? Кæрæдзей ба уарзетæ? Алци зонунмæ тундзетæ? Æрдзæ уарзетæ? Фæндуй уæ æрдзæ хуæздæр базонун? Хъæбæр хуарз! Гъæуама уæхæнттæ уонцæ æвзонг натуралисттæ.

*Сабийти дзуæппитæ.*

Сабийтæ-натуралисттæ ахур кæнунцæ æрдзæ æма дуйне. Фæндуй уæ, цæмæй натуралисттæ фестайтæ? Æма кумæ фæццæун æй нæ бон?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Мæн фæндуй, цæмæй рабалци кæнæн нæ рæсугъд хуæнхтæмæ. Хуæнхбæсти æрдзæ ке ахур кæндзинан, уомæ гæсгæ нæ базонун гъæуй, сæйрагдæр си ка æй, адæймаг æви æрдзæ, æма нæ уой туххæй багъæудзæй дзаумæуттæ. Цитæ нæ багъæудзæй, уой ба уæхуæдтæ равзаретæ.

*Стъолбæл лæуунцæ: хорсодзæн, блокноттæ, къариндæстæ, колбитæ, хурдзин, мел, æхсири авгæ (кенæ агувзитæ), гæппитæгæнæн бæттæн, дамбаца, гъазæн киндзæ æма машийнæ. Сабийтæ балци цæунмæ æвзарунцæ дзаумæуттæ æма сæ цæмæ райстонцæ, уой балæдæрун кæнунцæ.*

*Гъонбæлгæнæг ба æхсири авгæ райсуй (ци нæ фæууй, миййаг сæ ку багъæуа.*

**Гъ.** Цæттæ ан балций цæунмæ. Æма цæугæ ба цæбæл кæндзинан?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Гъæйдæ, уæлдæфон шарбæл цæуæн.

*Сабийтæ æрхуæцунцæ тæлий кæрæнттæбæл æма сæ уати*

*хонхи пейзаж хузтæй (бæлæстæ, дортæ, дæнттæ) имитацигонд кæми œй, уордæмæ бацæунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, нæ шар бæрзондмæ æхе исиста. Бунмæ никкæсайтæ, ци си уинетæ?

*Сабийтæ сæ œримис гæгъудитæ дзорунцæ. Зæгъæн:*

– Æз уинун финккалгæ цæугæдон.

– Æз ба уинун будури фусти дзогæ.

– Æз ба уинун, æ базуртæ ка не ’змæлун кæнуй, уæхæн цæргæси тахт æма у.и.)

**Гъ.** Афонæ нин æй æрбадунмæ. Сабургай нæхе æруадзæн, нæ шар бунмæ фæццæуй. Æрбадтан. Рахезетæ. Ракæсайтæ, ци дессаги рæсугъд æй нæ алливарс! Лæмбунæг байгъосайтæ, ци уæмæ игъусуй?

*Игъусуй магнитофонбæл финст «Æрдзи гъæлæстæ»: цæугæдони сур-сур, цъеути цъубар-цъубур. Сабийти дзуæппитæ. Гъонбæлгæнæг сабийти бахонуй æхуæдæг ке æргъуди œма искодта, еци цæугæдони размæ, дон си естæй хурфи гъæуама уа.*

**Гъ.** Зæгъайтæ, циуавæр цæугæдон æй? Уæ блокнотти æй ниббæрæг кæнетæ, гулфгæнгæ ке цæуй, уой. Циуавæр нисанæй æй бæрæг кæнетæ? Цæмæ? Цæугæдон ма цæхæн æй нигкидæр?

**С.** Уазал.

**Гъ.** Ниббæрæг кæнайтæ, цæугæдон уазал ке æй, уой дæр. Циуавæр нисанæй æй бæрæг кæнетæ? Уазал цæмæ æй? Донæн æ хузæ ба циуавæр æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Кæнæн фæлварæн, дон æгъуз ке æй, уой исбæрæг кæнунмæ.

Еу агувзи кæнæн дон, иннеми ба – æхсир.

Фломастерæй гæгъæдий тъафæбæл цийфæнди хузæ дæр искæнæн. Хузæбæл раздæр æрæвæрæн дони агувзæ æма имæ никкæсæн. Нур ба хузæбæл æвæрæн æхсири агувзæ

æма бабæй имæ никкæсæн. Ци раргом кодтан?
*Сабийтæ хатдзæгтæ кæнунцæ.*
**Гъ.** Нæ хатдзæг блокноти ниббæрæг кæнæн: дон æй рæсог æма æгъуз, æма æй ставд, сурх раст ханхæй ниббæрæг кæнетæ!
Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, æма нæ, хед кæбæл нæййес, уæхæн цæугæдони сæрти бахезун ку гъæуа, уæд ци кæндзинан?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хуарз, цæуæн идарддæр. Кæсайтæ, мæнæ кедæр хæдзæрттæ. Цума си циуавæр цæрæгойтæ цæруй?
*Сабийтæ кæсунцæ хузтæмæ: лæгæт, зæнхи гъоргъæ (цъосæ), къотæр æма æнд. æма си циуавæр цæрæгойтæ гъæуама цæра, уони хузтæ хузти æхсæнæй равзарунцæ æма сæ «сæ бунæтти» никвæрунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, нур ба уæмæ цæрæгойтæ æма мæргъти туххæй фарстатæ дæтдзæнæн, сумах ба син дзуæппитæ гъæуама хузти æхсæн иссерайтæ, цæттæ айтæ:
– Аци цæрæгойтæ æма мæргътæй миститæ ка хуæруй? (Робас, уг.)
– Бæрзонд хуæнхти ка цæруй? (Дзæбодур.)
– Цæрæгойтæй зумæги фунæй ка фæккæнуй? (Арс.)
– Хуæнхти сæрти ка фæттæхуй? (Цæргæс.)
**Гъ.** Сабийтæ, æрбакæсайтæ мæнæ аци дууæ хуземæ. Ци уинетæ хузти? Кæрæдземæй игъауги цæмæй æнцæ? Хуæнхбæсти ауæхæн бæрзонд бæлæстæ цæмæннæ зайуй? Цæмæй къæдзæхтæбæл зайонцæ, уой туххæй гъæуама бæлæстæ цæхæнттæ, уонцæ?
**Гъ.** Хуæнхбæсти æрдзи туххæй ци нæма исбæрæг кодтан? Мадта, уæд, идарддæр фæццæуæн.
*Гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ иссеруй бугътæ: гæгъæдитæ, пластмассæй конд бæрцуæттæ, ревæд æвгитæ æма æнд.*
**Гъ.** Сабийтæ, атæ ци æнцæ? Цума сæ ка ниууагъта? Æма

е раст ӕй? Алке ӕ фӕсте бугътӕ ку не 'фснайа, уӕд ӕрдзӕ ци уавӕри уодзӕй?

Гъӕйдӕ, еумӕ ӕргъуди кӕнӕн ӕрдзи гъӕбеси уогӕй хе даруни фӕткитӕ.

*Сабийтӕ хузти фӕлустӕй равзарунцӕ къарточкитӕ ци ӕнгъезуй ӕма ци не 'нгъезуй ӕрдзи гъӕбеси кӕнун: не 'нгъезуй бурӕнттӕ кӕнун; кӕми не 'нгъезуй, уоми арт кӕнун; бурӕнттӕ ниуууадзун ӕма у.и.*

**Гъ.** Зӕгъайтӕ, ӕнӕ спичкитӕй арт кутемӕй искӕнун ӕнгъезуй? (Хорсодзӕн ӕма сор къуӕцӕлтӕй.)

Зӕгъӕн, хуӕруйнаг дӕмӕ нӕйййес, фал хъӕбӕр исӕстонг дӕ, уӕд ци кӕнгӕ ӕй?

**Гъ.** Сабийтӕ, нӕ райгурӕн зӕнхӕ игъустгонд ӕй ӕ хуасийнӕ сауӕдӕнттӕй. Сауӕдӕнтти дӕнттӕ ӕнцӕ рӕсог ӕма хуӕрзадӕ. Цума цӕмӕн? Искӕнӕн фӕлварӕн. Дон зӕнхи хурфӕмӕ цалдӕр тагеми ниццӕуй, исрӕсог уй ӕма си рауайуй сауӕдони дон.

Пластмассӕй конд бӕрцуати бун ралух кӕнӕн, ӕма си тагтӕгай ниввӕрӕн:

кӕрдӕг

сикъит

ӕргъӕ

ӕзменсӕ

цӕхуарӕ

Кӕсӕн лӕмбунӕг. Пластмасси бӕрцуати лӕкъун дон никкӕнунцӕ. Ӕ бунӕй ба дон рӕсогӕй лӕдӕрсуй.

*Сабийтӕ гъӕуама сӕхуӕдтӕ искӕнонцӕ хатдзӕгтӕ, гъонбӕлгӕнӕг сӕ, цид багъӕуаги фӕррст кӕнӕд.*

**Гъ.** Сабийтӕ, гъулӕггагӕн, нӕ балци кӕронмӕ ӕрхъӕрттӕй ӕма нин фӕстӕмӕ цӕун афонӕ ӕй. Мах ма берӕ хӕттити цӕудзинан балцити, цӕмӕй фулдӕр базонӕн ӕма фӕйййинӕн. Фал мӕмӕ еу фарста ес ӕма ин дзуапп ку радтиайтӕ. «Адӕймаг ӕрдзӕн ӕ паддзах ӕй ӕви ӕ бӕдолӕ?»

*Сабийти хатдзæгтæ.*

**Гъ.** Гъæйдæ, искæнæн фæлварæн. Нæ рази ес кубиктæ æма си нæ фæлварæни испайда кæнæн. Зæгъайтæ, цæмæй конд æй æрдзæ? Аразæн пирамидæ: зæнхæ, зайæгойти дуйне, цæрæгойти дуйне, уæлдæф, адæймаг.

Куд гъуди кæнетæ, зæнхæ ку нæбал уа, уæд ци æрцæуидæ?

*Сабийти дзуæппитæ. Гъонбæлгæнæг райсуй, зæнхи хузæ кæбæл ес, еци еу кубик æма пирамидæ ракæлуй.*

*Хатдзæг: фесæфдзæнцæ зайæгойтæ, цæрæгойтæ, адæймаг?*

**Гъ.** Æма цæрæгойтæ ку нæбал уа, удта?

*Сабийти дзуæппитæ. Гъонбæлгæнæг пирамидæй райсуй кубик – цæрæгойти дуйне, æма бабæй пирамидæ ракæлуй.*

Хатдзæг: цæрæгойтæ æрдзи хай æнцæ æма æй гъæугæ кæнунцæ.

**Гъ.** Адæймаг æрдзи медæгæ ку нæбал уа, уæдта ци уидæ?

*Гъонбæлгæнæг пирамидæй райсуй кубик – адæймаги хузи хæццæ, æма бабæй пирамидæ ракæлуй.*

**Гъ.** Мадта кæд адæймаг æрдзи бæдолæ æй, уæд гъæуама цæра æрдзи æгъдауи фæткитæмæ гæсгæ, æзнаггадæ гъæуама ма хæсса, фал æрдзæн æнхус кæна.

**Гъ.** Сабийтæ, гъæйдæ, тагъддæр нæ уæлдæфон шарбæл рабадæн æма нæ рæвдауæндонæмæ цæуæн.

*Сабийтæ бабæй æрхуæцунцæ тæлибæл æма, кæцæй рацудæнцæ балци, еци рауæнмæ бацæунцæ. Гъонбæлгæнæги дзурдмæ гæсгæ, «æрбадæн», зæгъгæ, сабийтæ сабургай дзодздзæги æрбадунцæ.*

**Гъ.** Уой адæбæл нæ балци фæцæй. Æркæсайтæ уæ блокноттæмæ, цал дессаг хатдзæги искодтан. Уæ зæрдæмæ хъæбæрдæр ци фæццудæй? Зинæй си ци адтæй?

**Еумæйаг темæ: «Мæ бауæр»**
**Темæ: «Нæхе базонæн»**

**Нисан:** – Сабийтæмæ ирæзун кæнун адæймаги дессаги (уникалон) бауæргъæди туххæй зонундзийнæдтæ. Раргом син кæнун адæймаги аллихузон оргæнти нисанеуæг.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ.

– Ахур сæ кæнун, цæмæй сæхебæл уодонцæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй сæ фæндæуа æнæнез цард кæнун уæдта хе бауæр хуæздæр базонунбæл.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** æфсæйнаг шарик, гъæди хъуæл, наждак-ки гæгъæди, содзийнæ, хъæбæр гæгъæди, пластелин, финстихалæн; духи (пурфгæнæни хæццæ); аллихузон гъазæнтæ æма мелтæ; дони банкæ, цæнхæ, сæкæр, дзол, салфеткæ, къос, фæткъуй хæйттæ сувæллæнтти бæрцæ.

**Иуарунмæ:** логикон æгъдауæй кæрæдзей фæдбæл æвæрунмæ къарточкитæ: дзедзедай сувæллон-биццеу; лæхъуæн-лæг æма æнд.; хузтæ: къахдзонæгътæ, ех, мет, кæсæнцæститæ, духи, батинкитæ, къохдарæн, къариндас æма у.и; дидактикон гъазт «Дзурдæн равзарæ хузæ» (кæд гъазонцæ аци гъазтæй, уæд), аллихузон оргæнти плакаттæ кенæ киунугæ «Нæ бауæр».

**Ахури цуд**

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, кæрæдземæ бакæсетæ æма медбилти баходетæ. Нур ба уæ куд фæндуй, уотæ фæкъкъуæрттæ уотæ.

*Сабийтæ аллихузти фæкъкъуæрттæ унцæ. Зæгъæн: биццеутæ æма кизгуттæ; дæллаггуртæ кæбæл ес æма хæлæфтæ; даргъ дзигкотæ æма къуæрд дзигкотæ æма у.и.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Æркæсайтæ уæхемæ æма зæгъетæ,

кæрæдземæй цæмæй хецæн кæнетæ? Еумæйагæй ба уæмæ ци ес?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, æцæгæй дæр уæмæ еумæйагæй берæ цидæртæ ес: сæр, 2 къахи, 2 къохи, гурæ. Æма сæ еу дзурдæй куд исхонун æнгъезуй?

**С.** Нæ бауæр.

**Гъ.** Мадта уи уæд алкедæр æ бауæрæн салам радтæд. *Гъазт «Мæ бауæр».*

*Еумæ дзорунцæ: «Æгас цо».*

– сæр – еугуремæй уæлдæр (сæ сæртæ æрсæрфунцæ).

– фий – æмраст (сæ цæститæ ницъундæ гæнгæй, се ’нгулдзитæй фиййи кæронбæл бамбæлунцæ.)

– ростæ – дони къостæ (сæрфунцæ сæ ростæ.)

– билтæ – къуппуртæ (сæ билтæ размæ ракæнунцæ.)

– гъостæ – къæрцгъостæ (сæрфунцæ сæ гъостæ.)

– усхъитæ – цъæрæхснæгутæ (сæ усхъитæ дæлæмæ-уæлæмæ кæнунцæ.)

– къохтæ – лæборæнтæ (къохтæй лæборуни æзмæлдтитæ кæнунцæ.)

– губун – устур губун (сæ губунтæ сæрфунцæ.)

– уæргутæ – хæлауртæ (кезугай сæ уæргутæ фæттасун кæнунцæ.)

– къæхтæ – цурд бæхтæ (сæ медбунати гæппитæ кæнунцæ.)

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, зæгъайтæ, адæймаг ба цæрæгоййæй цæмæй хецæн кæнуй?

**С.** Адæймаг дзоруй, дууæ къахебæл цæуй, ходуй, гъуди кæнуй æма у.и.

**Гъ.** Еумæйагæй ба сæмæ ци ес?

**С.** Сæ дууетæ дæр хуæрунцæ, игъосунцæ, уолæфунцæ, ирæзунцæ æма у.и.

**Гъ.** Раст айтæ! Мадта, зæгъетæ, адæн æма цæрæгойтæ ирæзгæ кæнунцæ, зæгъгæ. Æма уин уæд мæнæ ауæхæн

ихæслæвæрд дæдтун: къарточкитæ райвæретæ ауæхæн логикон æгъдаумæ гæсгæ: «Фиццаг ци, фæстæдæр ба».
*Алли сабиймæ дæр 3 къарточки, логикон æгъдауæй сæ раст ниввæрун гъæуй уæдта ма сæ балæдæрун кæнун дæр гъæуй.*
Зæгъæн: кизгæ – силгоймаг – зæронд уосæ.
Айкæ – цъеу – карк.
Биццеу – лæхъуæн – зæронд лæг.
**Гъ.** Ихæслæвæрд хуарз искодтайтæ. Гъæйдæ, нур ба нæ бауæри туххæй еститæ базонæн. Уомæн æма адæймаг æй æрдзи тæккæ дессагдæр бæдолæ. Ранимайайтæ адæймаги бауæри сæйрагдæр хæйттæ.
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, адæймаги бауæри сæйрагдæр хай ци æй?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Адæймаги бауæри сæйрагдæр хай æй хъанз.Е æнæгъæнæ бауæрæн дæр паддзахеуæг æма унафæ кæнуй. Хъанз къохтæн зæгъуй…
**С.** Косетæ, лæборетæ!
**Гъ.** Къæхтæн…
**С.** Цæугæ ’й, ледзун гъæуй.
**Гъ.** Билтæ æма æвзагæн…
**С.** Дзорун, ходун, гъæр кæнун, мæстæй марун.
**Гъ.** Гъостæн…
**С.** Игъосун.
**Гъ.** Цæститæн…
**С.** Кæсун, уинун, никъолун.
**Гъ.** Зæрдæн…
**С.** Æнкъарун, лæдæрун.
**Гъ.** Адæймаг алцидæр, куд æмбæлуй, уотæ ку фæккæнуй, уæд уæхæн адæймагæй фæззæгъунцæ, «æ сæри хъанз хуарз косуй», зæгъгæ, кенæ ба «зундгин æй», зæгъгæ.
Циуавæр адæймаги фæххонунцæ зундгин?

**С.** Берæ ка зонуй æма адæмæн хуарз гъуддæгтæ ка кæнуй, уæхæни.
**Гъ.** Сабийтæ, предметтæ ба куд базонæн æма сæ кæрæдземæй куд рартасæн?
**С.** Мах предметтæмæ æвналæн, кæсæн сæмæ, сæ адæ син фæйййинæн, æ зæлланг муртæмæ ин игъосæн.
**Гъ.** Тæвдæ туймæ бавналгæй, ци банкъаруй адæймаг? (Рист.)
– Æстонгæй ба адæймаг, ци фенкъаруй? (Стонг.)
– Куд рартасун æнгъезуй цæнхæ сæкæрæй? (Сæ адæмæ гæсгæ.)
– Адæймаг тæф куд балæдæруй? (Нæ фийтæй ку исуолæфæн, уæд балæдæрæн тæф.)
**Гъ.** Горцъемæ бацотæ æма подносбæл ци гъæди хъуæл æма æфсæйнаг шарик ес, уонæбæл бамбæлайтæ. Ци банкъардтайтæ?
*Шарик уазал æй, гъæди хъуæл ба – гъар.*
Уæззаудæр ба си кæци æй?
**Гъ.** Нур ба бавналетæ пластилинмæ, финстихалæнмæ æма гъæди хъуæлмæ. Æрæлхъеветæ сæ уе ’нгулдзитæй. Ци банкъардтайтæ?
*Пластилин фæлмæн æй, финстихалæн ба – резийнæ ’нгæс, гъæдæ ба – хъæбæр.*
**Гъ.** Бавналайтæ наждакки гæгъæди æма хъæбæр гæгъæдимæ. Ци банкъардтайтæ?
*Наждакки гæгъæди дирзæг æй, хъæбæр гæгъæди ба – лигъз.*
**Гъ.** Нур ба содзийнæмæ бавналайтæ. Циуавæр æй? (Циргъ.)
**Гъ.** Нур ба уæ цæститæ ницъцъундæ кæнайтæ. *Гъонбæлгæнæг духи ниппурх кæнуй.*
Ци æнкъаретæ? (Зæрдæмæдзæугæ тæф.)
**Гъ.** Сабийтæ, зæгъайтæ, адæймаг цитæ æнкъаруй?
**С.** Рохс, унæр рист, æстонг, уазал, гъар æма у.и.
**Гъ.** Стъолмæ хæстæгдæр æрбалæууайтæ.

*Стъолæбæл минкъий ширмæ, ширми фæсте ба – мурæ, къæркъæргæнагæ гæгъæди, дууæ къахдзонæгъи.*
*Сабийтæ стъоли рази æрбадунцæ. Гъонбæлгæнæг аллихузон предметти унæр цæун кæнуй, сабийтæ ба и предметти базонунцæ сæ унæрæй.*
**Гъ.** Цитæ игъустан? (Муртæ, унæр)
– Цæмæй игъосæн муртæ? (Гъостæй.)
– Гъостæ цæй хузæн æнцæ? (Утъири хозгъи.)
– Куд гъæуама гъæуай кæнæн нæ гъостæ?
*Гъости циргъ предметтæ цæвæн нæ фæткуй, не 'нгъезуй хъæбæр гъæр музыкæмæ дæр игъосун, уазалæй сæ гъæуай кæнун гъæуй, æхснæнгæ ба сæ – гъар донæй, алли бон дæр.*
**Гъ.** Хуарз, нур ба кæнæн нæуæг ихæслæвæрд. Æнæ къохти анхосæй райсетæ фæйнæ гъазæни. Уайуй уин? Зин æй? Нур ба горцъебæл æрбадетæ æма æнæ къæхти анхосæй бавзаретæ размæ, еу минкъий рацæун. Зин æй?
**Гъ.** Сабийтæ, къохтæ æма къæхтæ æнцæ адæймаги бауæри æзмæлгæ хæйттæ. Адæймаги къохтæ цæмæн гъæунцæ? Къæхтæ ба? Адæймаг хæцъæфти фæрци æзмæлуй, æ къабæзтæ æма æстæгутæ дæр кæрæдзебæл хæцъæфти фæрци федар лæуунцæ.
Адæймаг рахау-бахау цæмæннæ кæнуй, раст ке рæуаги лæууй?
*Астæуистæги рæуаги.*
Нур ба, кæрæдзей фæсте, тумбул зилдæй æрлæууайтæ. Кæрæдзей фæсонтæ, уæ къохтæй, сæрæй бунмæ æрхафайтæ. Уе 'згулдзитæй ци æнкъаретæ? Еци къузуртæ астæуистæг æй æма æй гъæуай кæнун гъæуй цæфтæ æма уæзæуттæ хæссунæй. Адæймаги æнæнездзийнадæн ба хуæздæр ци æй: хуссун, бадун æви æзмæлун?
*Алцæмæн дæр ес бæрцæ, фал æзмæлун пайдадæр æй, уомæн æма æзмæлгæй адæймаги зæрдæ, хæцъæфтæ æма сæри хъанз хуæздæр косунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, райсетæ фæйнæ фæткъуй карсти æма сæ бахуæретæ. Ци банкъардтайтæ? Куддæр фæткъу хуæрун райдæдтайтæ, уотæ искустонцæ хуæруйнагтайæн оргæнтæ – бауæри хæйттæ: дæндæгутæ, богъурдахъ, ахсæн.

Нуртæккæ кæнæн фæлварæн æма уæхуæдтæ фæйййиндзинайтæ, ахснæни хуæруйнаг куд тайуй æма æй æхемæ куд цъируй.

Зæгъæн, мæнæ аци банкæ ахсæн æй, æ дон ба – ахсæни дон. Нур ба кæсетæ лæмбунæг, ци уодзæй, уомæ. Донбæл никкæнæн еу едуги дзаг цæнхæ, уой фæсте ба – сæкæр. Ци æрцудæй? Цæнхæ æма сæкæр ниттадæнцæ, дзоли къæбæр ба – ниффæлмæн æй.

*Сабийтæ хатдзæгтæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Дзурд «цъируй» ба куд лæдæрун гъæуй?

Къоси ниввæрæн салфеткæ. Дон ибæл минкъий никкæнæн. Ци уинæн? Салфеткæ нин нæ дон бацъирдта. Гъе, уотæ ахсæни фæрстæ дæр тайун кæнунцæ хуæруйнаг æма æй цъирунцæ.

**Гъ.** Зæгъайтæ, устур комидзæгтæ цæмæннæ æнгъезуй нихъуæрун. Уомæн, æма æ тайун кæнун ахсæнæн зин æй æма берæ рæстæг ахсæни фæллæууй. Хуæргæй ходун æма дзорун ба цæмæннæ æнгъезуй?

(Ферхуæцдзинан.) Берæ хуæрун ба æнгъезуй?

**Гъ.** Нур ба уæ фийтæ æнгулдзитæй нихгæнетæ. Ци æнкъаретæ? Зин уолæфæн цæмæн æй? Мах уолæфæн мæнæ ауæхæн оргæнти фæрци: фий, гъæлæс, трахей, бронхитæ, рæугутæ.

Исуолæфайтæ! Уæлдæф кумæ бацудæй? (Фиймæ.) Уордигæй рандæуй хъурмæ, уæта богъурдахъмæ, бронхитæ æма рæугутæмæ. Адæймаг æнæ уæлдæфæй фæццæрдзæй? Нæ уолæфæн оргæнтæн зæран ци æй? (Ругæ, тамакуй хъуæцæ, уазал æма у.и.) Уæттæ æма цæрæн хæдзæрттæмæ уæлдæф цæмæн бауадзунцæ?

**Гъ.** Нур ба уæ цæститæ ницъцъундæ кæнайтæ. Ци уинетæ? (Неци.) Цъундæй мæ размæ рацæуайтæ. Зин æй? Адæнбæл цæхæн цæститæ фæууй?

*Устуртæ, минкъийтæ, тарст, зæрдæхæлар цæстæнгас. Хузæй ба циуавæртæ фæуунцæ?*

**Гъ.** Нæ цæститæ ба нин ци гъæуай кæнуй. (Цæсти тъæфæлтæ æма хаутæ.) Цæстисугтæ ба ци æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Цæстисугтæ цæститæ сор кæнун нæ уадзунцæ. Абони нæ организми туххæй берæ цидæртæ базудтан. Сабийтæ, «æнæнездзийнадæ» ба ци æй? Нез ба ци æй? Сувæллон ку фæссæйгæ уй, уæд æй æ мадæ куд базонуй?

*Сабийтæ тæвдæ кæнун райдайунцæ, сæр фæрресуй, фий нийнод уй, зæрдæ фæхæссуй æа у.и.*

Цæмæй æнæнез уа адæймаг, уой туххæй ци кæнун гъæуй?

*Организм гъæуй гъæуай кæнун, зæранхæссæг æма цъумур хуæруйнæгтæ хуæрун нæ гъæуй, уазалæй хе гъæуай кæнун, спортæй архайун.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ци базудтайтæ дессагæй? Алцидæр балæдæрдтайтæ? Мах идарддæр дæр дзордзинан нæ организми туххæй, куд гъæуай кæнгæ æй æма имæ куд зелун гъæуй, уобæл.

*Кæд ма рæстæг уа, уæд æнгъезуй гъазт «Дзурдмæ равзарæ хузæ» ракæнун. Сабийтæ хузти кæрæй дзурдтæмæ гæсгæ æвзарунцæ гъæугæ хузтæ.*

*Зæгъæн: къæхтæ – къахдзонæгътæ, батинкитæ; къохтæ – къохдарæн, ручкæ, къохæрходтæ æма у.и.*

***12-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Фингæбæл хе даруни æгъдау»**

**Темæ: «Иуазæгуати цæун, иуазæгуатмæ æрбахонун»**

**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун иуазгути финги æгъдауи уаги фæткитæ.

– Иръзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти æгъдаугин унбæл, кæрæдзей ба куд уарзонцæ æма куд лæдæронцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** «фусунтæн» гъазæн дзаумæуттæ: фингæ, къелатæ, стъолæмбæрзæн, тæбæгъта, гъазæн хуæруйнæгтæ. Сабийтæбæл искæнунмæ: мади, фиди, нанай, бабай æма сувæллæнтти хъæпбæлтæ. Иуазгутæн фийсæрфæнтæ кенæ адгин лæвæрттæ, сæ бийнонтæн ба деденгутæ æма хузтæ: цайдан, сæкæрдонæ, вилкæ, фæлсодзæн, тебæ, агувзæ, едуг, цæхдонæ æма æнд.

**Иуарунмæ:** еугуремæн дæр хузтæ: деденæг кенæ букети æрдæг, æ иннæ æрдæг ба – стъол.

**Рагагъонмæ куст**

Чуковскиййи аргъау «Муха Цокотуха» бакæсун æма ин æ архайгути туххæй радзубанди кæнун.

– Æргъуди кæнæ, цума, хæдзарæ кенæ фатер æ хецæутти туххæй ци радзоридæ?

– Дуар сабийтæн ци зæгъидæ?

– Дуари хуæцæн ци фенкъаруй?

**Гъ.** Нур ба нин цæугæ æй, иуазæгуати нæмæ æнгъæл кæсунцæ.

*Ахур аразун гъæуй гъазти хузæн. Зæгъæн, гъазæн гъазт «Бийнонтæ»-й.*

*Æрбацудæй нæмæ иуазгутæ. Гъонбæлгæнæг æ гъос дарруй сабийти архайдмæ æма син æнхус кæнуй. Иуазгутæ æрбацудæнцæ, салам равардтонцæ (салам радтуни ездон дзурдтæ нигъгъуди кæнун). Иуазгутæ æфсийнæн деденгутæ балæвар кæнунцæ, сувæллæнттæн ба - къанфеттæ. Фусунтæ иуазгути фингæмæ æрбахонунцæ. Фингæбæл хестæрæн хæдзари хецау æрбадуй, иннетæ б,а ка куд хестæр, уотæ хестæрмæ хæстæгдæр. Гъонбæлгæнæг*

*сабийтæн балæдæрун кæнуй, мæнæ иуазгутæ, нæлгоймагæй, силгоймагæй еумæ финæгбæл куд æрбадтæнцæ, раги дзамани, уотæ нæ бадтæнцæ. Кодтонцæ син хецæн фингитæ. Фингæбæл бадти рæстæги заргæ дæр кодтонцæ æма кафгæ дæр. Сувæллæнттæ ба раздæр дæр æма абони дæр хестæрти хæццæ нæ фæббадунцæ фингæбæл. Хецæн фингæ син искæнунцæ.*

Финги уæлгъос дзоруни барæ кæмæн ес?

Айдагъдæр хестæртæн, етæ финги æгъдаумæ дæр кæсунцæ æма кувдтитæ дæр кæнунцæ.

Бийнонтæй нæлгоймаг-кæстæр ба урдуг фæллæууй (урдугистæг) æма архайуй, цæмæй фингæ маци гъæуагæ уа.

*Ниффедар кæнун, финги уæлгъос бадгæй, хе даруни æгъдауи фæткитæ; гъæрæй дзорун ке не ’нгъезуй; хуæргæхуæрун дзорун дæр æма ходун дæр нæ федауй; нæ федауй стъолæбæл ирæмбуйнитæ æрæвæрун; дæ фарсмæ ка бадуй уони гъигæ дарун не ’нгъезуй; вилкæ æма едугæй куд архайгæ æй, уой син байамонун.*

*Фингæй исистуни размæ хестæртæй барæ ракорун гъæуй.*

*Фусунтæ иуазгути ку фæххинцунцæ, уæдта син исаразунцæ «гъазт» фæккафунцæ æма фæззарунцæ.*

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй рагъазонцæ гъазт: «Циуавæр дзаумæуттæ гъæуй хуæруйнæгтæн». Сабийтæ тумбул зилдæй æрбадунцæ, сæ астæу ба – аллихузон хæдзари дзаумæутти хузтæ: цайдан, вилкæ, едуг, тебæ, къос, цæхдонæ, фæлсодзæн, агувзæ æма у.и.*

*Гъонбæлгæнæг зæгъуй хуæруйнаги ном, сабийтæ ба гъæугæ дзаумау иссерунцæ.*

Зæгъæн: цай ку зæгъа гъонбæлгæнæг, уæд сабийтæ ба цайдани хузæ бавдесунцæ, цæнхæ ку зæгъа, уæдта цæнхдарæн бавдесунцæ сабийтæ.

Аци гъазт æндæрхузи дæр æнгъезуй ракæнун, уой туххæй

алли сабиймæ дæр радтун гъæуй къарточкæ. Къарточкæбæл ба – дууæ рæнгъи хузтæ нихæст мæнæ атæ:

| | |
|---|---|
| макъаронтæ | тебæ |
| котлеттæ | фæлсодзæн |
| цæнхæ? | цайдан |
| цай? | цæнхдарæн |
| кæсалгæ? | тæбæгъ |
| _ _ _ _ _ _ _ _ | _ _ _ _ _ _ _ _ |

*Сабийтæ фатæгæй хуæруйнæгти хузтæ гъæугæ дзаумæутти хæццæ баеу кæнунцæ.*

*Гъонбæлгæнæг ниффедар кæнуй, фусунтæ иуазгути куд фæффæндараст кæнунцæ, еци æгъдау: иуазгутæ æфсийнæн райарфæ кæнунцæ хуæрзадæ хуæруйнæгтæй сæ ке фæххинста, уой туххæй, фусунтæ ба син зæрдæбæл дарæн лæвæрттæ ракæнунцæ, зæгъæн, къохти къохмæрзæнтæ кенæ адгийнæгтæ.*

**Гъ.** Гъазт уæ зæрдæмæ фæццудæй? Хъæбæрдæр уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Ци ба си нæ балæдæрдтайтæ?

## Ахури цуд

Сабийтæ, уарзетæ иуазæгуати цæун? Иуазгутæ хонун ба? Цæмæй иуазæгуати фæццæуæн, уой туххæй нæ гъæуама фусунтæ фæххононцæ. Гъæйдæ, иуазгути хонунбæл нæхе исахур кæнæн. Къелатæбæл æрбадайтæ (къелатæ зилдæй æвæрд).

*Гъонбæлгæнæг лæууй.*

**Гъ.** Æз бал фиццаг сумахæй еске æрбахондзæнæн иуазæгуати, сумах ба лæмбунæг кæсетæ æма игъосетæ:

*(Сабийи ном зæгъуй), мæ къона, табуафси, хонун дæ нæхемæ иуазæгуати.*

*Сабийтæй ке ном фæззæгъуй, е астæумæ рацæуй, гъонбæлгæнæг ба ин æ бунати æрбадуй. Гъеуцотæ, сабийтæ кезугай кæрæдзей иуазæгуати хонунцæ.*

Хунди варианттæ: дæ уинд мин мæ хæдзари хъæбæр

æхсицгон уодзæй; нæхемæ мæмæ æрбацо, æнгъæлмæ дæмæ кæсдзæнæн; мæ хæдзари дуар дин алкæддæр игон æй; иуазæгуати дæ зæрдæй хонун æма у.и.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Гъæйдæ, нур ба рагъазæн иуазгутæ æма фусунтæй. Уой туххæй нæ дууæ къуари фæуун гъæуй. Сумахæй нуртæккæ алкедæр райсдзæй къарточкæ. Деденæг кæмæ æрхауа, е цæудзæй иуазæгуати, финги хузæ ка райса, е ба уодзæй фусун.
*Сабийтæ дууæ къуари фæуунцæ.*
**Гъ.** Дууæ къуари фæцан, фал куд гъаздзинан, уобæл радзорæн. Цæмæй иуазгутæ æнкъард ма кæнонцæ, æма сæ зæрдæмæ фæццæуа иуазæгуати ун, уой туххæй ци бакæнун гъæуй?
**С.** Нæ уат нæ гъæуй бафснайун, фингæ æрæвæрун гъæуй, аллихузон хуæруйнæгти хæццæ, уæдта игъæлдзæг гъазтизæр исаразун.
**Гъ.** Иуазгутæ ба сæхе куд гъæуама бацæттæ кæнонцæ?
**С.** Сæхе уæледарæсæй рæсугъд исаразонцæ, афонæбæл æрбацæуонцæ, сæ бон æй деденгутæ æрбахæссун дæр.
**Гъ.** Сабийтæ, Иристони рагæй дæр ес ауæхæн æгъдау: сувæллон ци хæдзари уа, уордæмæ иуазæг ревæд къохæй нæ фæццæуй, æ хæццæ сабийæн райсуй адгийнæгтæ æма уи е ма феронх уæд. Фусунтæн дæр ес сæхе æгъдау: иуазгутæ хæдзарæмæ фиццаг хатт ку æрбацæунцæ, уæд син фусунтæ зæрдæбæлдарæн лæвæрттæ ракæнунцæ.
Не ’уазгутæн циуавæр лæвæрттæ ракæнун æнгъезуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нур цæттæ ан гъазунмæ. Ма уи феронх уæд, фусунтæ иуазгути горцъебæл исиуазæг кæндзæнæнцæ, е нæ хæдзарæ æй. Уоми ес, цидæриддæр уæ багъæуа етæ: хæдзари дзаумæуттæ, хуæруйнæгтæ. Балæвар кæнунмæ – аллихузон предметтæ.
Сабийтæ – фусунтæ, сумах гъæуама зæрдæхæларæй

архайайтæ. Уодзинайтæ бийнонтæ: мадæ, фидæ, нана, баба, кизгæ, биццеу, фиди хуæрæ æма фиди æнсувæр. Бийнонти рольтæ уæхуæдтæ байуаретæ. (Сабийти бон ку нæ уа, уæд син гъонбæлгæнæг фенхус кæнуй рольтæ байуарунмæ), уæ рольтæмæ гæсгæ ба уæхецæн уæледарæс равзаретæ.
Сабийтæ – иуазгутæ, сумах дæр уодзинайтæ бийнонтæ. Стъолмæ хæстæгдæр æрбацæуайтæ. Стъолбæл алцидæр ес, цæмæй сумах дæр уæхецæй исаразайтæ мадæ, фидæ, нана, баба æма у.и.
Гъæйдæ, нур ба райдайæн нæ гъазт.
*Сабийтæй еуетæ сæхе иуазгути æрбацудмæ цæттæ кæнунцæ, иннетæ ба – иуазæгуати цæунмæ.*
*Гъонбæлгæнæг ба сæмæ кæсуй, æма сæ рæстмæ аразуй.*

***13-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Пайда æма хуæрзадæ хуæруйнаг»**
**Темæ: «Ци æй пайда æма хуæрзадæ»**
**Нисан:** – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ хуæруйнæгти туххæй, куд аллихузон æма пайда æнцæ адæймаги царди.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй, хуæруйнæгтæ ци пайда хæссунцæ, уой зонгæй, се ’нæнездзийнадæбæл ауодонцæ.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** хуæруйнæгтæ, рæзæ æма халсарти хузтæ. Уæдта ма: пепсиколæ, къеуæ, чипситæ, къæрестæ æма æнд. хузтæ; 2 тæлий – сурх æма кæрдæгхуз; системон оператори амонæн фæйнæг.
**Иуарунмæ:** къарточкæ гъазт «Ци æй уæлдай»-æн, къариндас.
**Рагагъонмæ куст**
**С**абийти хæццæ æрцæттæ кæнун цийфæнди салат дæр:

фæткъу, æпхæ, бетъина, къабуска, кæрдту, банан æма æндæр естæмæйти.

### Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

Психогимнастикæ. Сабийтæ æримисгæ предметти хæццæ архайд æвдесунцæ.

**Гъ.** Сабийтæ, ка уарзуй хуæрзадæ хуæруйнаг? Хуæруйнаг кæнун ба уи ка зонуй? Равдесайтæ, гъæдиндзæ кенæ картоф куд фæккæдзос кæнетæ, уой; куд искæнетæ цай æма ин æ сæкæр куд фезмæнтетæ; куд ралух кæнетæ дзол æма къалбас æма си бутерброд куд искæнетæ уæдта æй куд ниххумц кæнетæ. Бавдесайтæ, бутерброди адæ уæ зæрдæмæ куд фæццудæй, уой.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Куд гъуди кæнетæ, цума, абони цæбæл дзордзинан?

**С.** Фæрзеу æма хуæруйнæгти туххæй.

*Горцъебæл кенæ стъолбæл æвæрд хуæруйнæгтæ, рæзæ, халсартæ æма æнд. хузтæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, кæсайтæ, ци берæ хуæруйнæгти хузтæ нæмæ ес. Фæкъкъуæрттæ сæ кæнетæ æма зæгъетæ, циуавæр къуæрттæ уæмæ рауадæй, уой.

*Сабийти æрхæстæг кæнун æма син балæдæрун кæнун хуæруйнæгти «къуæрттæ»: уорсагæй хуæруйнæгтæ, зайæгойтæй хуæруйнæгтæ, фидæй хуæруйнæгтæ, къинсæй хуæруйнæгтæ, адгийнæгтæ. Гъонбæлгæнæг сабийти архайдмæ æ гъос даруй æма сæ фæрститæ кæнуй.*

Фæрстатæ:

– Цæмæ исхудтонцæ хуæруйнаг зайæгойтæй?

– Халсартæй циуавæр хуæруйнæгтæ фæккæнунцæ?

– Рæзæ кутемæй фæххуæрунцæ?

– Къинсæй хуæруйнæгтæ цæмæй искæнунцæ?

– Инсад ба цæмæй æринсунцæ? (Мæнæуæ, хуар, нартихуар, зæтхæ.)

– Касæ цæмæй исфицунцæ?
– Сау фагæй конд касæ куд хуннуй? Мæнæуæй ба? Пириндзæй ба? Зæтхæй ба?
– Уорсагæй хуæруйнæгтæ уотæ цæмæ хуннунцæ?
– Кæсалгæй хуæруйнæгтæмæ ци хауй, æма сæ уотæ цæмæн хонунцæ?
– Циуавæр хуæруйнæгтæ ниссæлун кæнун æнгъезуй?
– Уазалгæнæни ба циуавæр хуæруйнæгтæ дарун æнгъезуй?
– Зæронд хуæруйнаг ку бахуæрай, уæд ци уодзæй?
Хуарз исæнхæст кодтайтæ аци ихæслæвæрд. Нур ба мин мæ фарстæн дзуапп радтайтæ. Цæмæн гъæуй адæймаги хуæруйнаг?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æнæнези хуæруйнаг ба циуавæр æй, куд гъуди кæнетæ?
*Сабийтæ сæ гъудитæ зæгъунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба байгъосетæ нæуæг ихæслæвæрдтæмæ. Мæнæ аци дууæ тæлиемæ æрæмбурд кæнун гъæуй хуæруйнæгти хузтæ. Сурх тæлимæ – зæранхæссæг хуæруйнæгтæ, кæрдæгхузтæмæ ба – пайда ка æй организмæн, уæхæнттæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрдбæл косунцæ. Къарточкитæй уæлдай ма æрæвæрунцæ чипсити, кока-коли, чупа-чупси хузтæ дæр. Гъонбæлгæнæг сабийтæн балæдæрун кæнуй, еуæй-еу хуæруйнæгтæ зæран цæмæн æнцæ организмæн, уой.*
**Гъ.** – Берæ хуæрун пайда æй?
– Ци уодзæй, адæймаг берæ ку бахуæра, уæд?
– Æма æппун ку нæбал хуæра, уæдта ци уодзæй?
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Аци ихæслæвæрд дæр исæнхæст кодтайтæ! Нур ба амонæн фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæууайтæ, фæйнæгбæл – системон оператор. Системон оператор ма нин хуæруйнæгтæ æртасунмæ банхус кæндзæй.
Ци уинæн амонæн фæйнæгбæл?




*Хузæ экрани астæу æрæвæрун æнгъезуй, иннæ экрантæн ба æнгъезуй айдагъдæр дзуапп радтун. Гъонбæлгæнæг сабийти гъудитæ, фарстати фæрци, æздахуй таблицæмæ, никки ба ма сæ бафæрсуй:*

– Кæми уæйæ кæнунцæ фæрзеу?

– Тукани циуавæр хатæнтæ ес?

*Кæсалги, фиди, адгийнæгти, ниуæзти, дзоли.*

Иристони иуазгутæ куд исбоц кæнунцæ?

Циуавæр дигорон хуæруйнæгтæ зонетæ?

Уæ маддæлтæ уин циуавæр хуæруйнæгтæ искæнунцæ?

**Гъ.** Сабийтæ, мах зонæн, нæ алливарс цидæриддæр ес, етæ конд æнцæ «минкъий уодгоймæгтæй (лæгтæй)». Нæ фæрзеу дæр уонæй конд æй. Нæ зæрди сæ æрæфтауæн.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн фенхус кæнуй, цæмæй сæ* зæрдæбæл æрлæууун кæнонцæ «минкъий уодгоймæгти», куд хуннунцæ æма циуавæр уавæрти фæуунцæ, уой: хъæбæр, тæнгъæдæ æма тулфи (гази) хузæн.

**Гъ.** Гъæйдæ, нур ба рагъазæн.

Æз дзордзæн фæрзеуи ном, сумах ба «минкъий уодгоймæгтæ» фестдзинайтæ æма фæрзеуи æвдесдзинайтæ. Цæттæ айтæ?

Сæкæр → хъæбæр
æхсир → тæнгъæдæ
цай → тæнгъæдæ кенæ тулфæ

апельсин (хъæбæр + тæнгъæдæ + тулфæхуз (æ тæф).
Пириндзи касæ (хъæбæр + тæнгъæдæ).

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уи алкедæр фæйнæ къарточки райсæд æма хузти уæлдай къариндасæй ниббæрæг кæнæд. И хузæбæл цæмæн нихханхæ кодтайтæ, уой ба балæдæрун кæндзинайтæ.

*Алли сабийæн дæр къарточкæ, зæгъæн:*

– цихт, месин, æхсир, печени;
– къалбас, фид, хъаймагъ, катлет;
– дзол, хъæбун, касæ, æхцин;
– гъæдиндзæ, къанфет, помидор, фидхуасæ.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Абони цæбæл дзурдтан? Ци базудтайтæ нæуæгæй? Æз уин хæдзарæмæ куст дæдтун. Сумах базудтайтæ фæрзеу æма си циуавæр хуæруйнæгтæ фæккæнунцæ, уой. Уæхемæ, уæ маддæлтти æнхусæй, нæуæг хуæруйнæгтæ искæнетæ. Нæуæг хуæруйнæгти хузтæ ба рæвдауæндонæмæ исон æрбахæсдзинайтæ æма сæ иннетæмæ дæр бавдесдзинайтæ.

***14-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Зумæг»**

**Темæ: «Зумæгон гъæдæмæ балци»**

**Нисан:** – Федардæр æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнадтæ зумæги бæрæггæнæнти æма мети минеугути туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, сæ гъудитæ раст дзорун æма бæлвурд канун куд зононцæ.

– Æрдзæ базонунмæ цæмæдес куд уонцæ, куд ибæл аудонцæ, еци хузи сæ гъонбæл кæнун.

**Æрмæг**

**Ævдесунмæ:** Диаграммæ «Анзи афæнттæ»; аллихузон хузтæ, се ’хсæн зумæги туххæй дæр; гæгъæдий тъафæ – системон оператор, æ астæу хузæ – метин лæг; зумæгон гъæди имитаци; хузæ «зумæг гъæди», къæлæт– «дессаги колдуар», аллихузон æрттевагæ æрмæгæй аййевгонд.

**Иуарунмæ:** къонверттæ «минкъий лæгти», хæццæ: федар, тæнгъæдæ, газхуз.

**Рагагъонмæ куст**

Æндегæй угæй кенæ уой фæсте сабийти хæццæ фæлварæнтæ искæнун:

1. Мети искъахун уæхæн арф къахт, цæмæй си гъæунгон термометр бацæуа. Термометр метæй бамбæрзун æ сæр ба ин белæй ралигъз кæнун. Сахæтти æрдæги фæсте исесун термометр æма температури бæрцæ фломастерæй ниббæрæг кæнун. Уой фæсте термометр бæласи къалеубæл æрауиндзун æма ин цалдæр минуттей фæсте æ температури бæрæггæнæнмæ æркæсун.

**Нисан:** Температурæ мети буни гъардæр æй æви æ сæрмæ, уой рабарун.

**Хатдзæг:** Мет зайæгойти уазалæй гъæуай кæнуй, кæркау сæ æрæмбæрзуй.

2. Сæнт-уорс уæлбун тæбæгъи еу минкъий мет уатмæ бахæсун. Тæбæгъ æрæмбæрзун æма æй тæвдæ дон кæми уа (тагъддæр ратайунмæ гæсгæ) уæхæн къружки сæрбæл æрæвæрун. Ци уодзæнæй?

**Нисан:** Мет куд зиннуй, уотæ уорс ке нæ ’й, уой исбæрæг кæнун.

Хатдзæг: Тæбæгъи ци метдон байзадæй, е уотæ рæсог нæй. Е уобæл дзорæг æй æма мет æй цъумур. Мети медæгæ ес ругæ æма скъорæ æма уомæ гæсгæ æй хуæрун не ’нгъезуй.

3. Дууæ æмхузæн форми (дзаумауи) райсун. Сæ еуеми никкæнун хæмпос мет. Иннеми ба мет цæмæй фулдæр бацæуа, уой туххæй æй ниннæмун. Кæци си уæззауддæр

æй формитæй, уой къохтæй базонун. Формитæ медæмæ гъармæ бахæссун, цæмæй сæ меттæ ниттайонцæ. Кæций мет си тагъдæр ниттадæй? Фулдæр дон си кæци форми æрæмбурд æй?
4. Метмæ хорсодзæнæй æркæсун. Хуæздæр уидæ нæуæг уард мети тъæфилтæ фæййинун, уæд куд аллихузон æма аййев æнцæ, уой базониуонцæ.

## Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, базонайтæ бацеу-бацеу; анзæн æ циуавæр афони туххæй æй?

Хузгæнгутæ æртемæй,
Æртахтæнцæ идардæй.
Сæ цъæпоти æвзистæй,
Бæстæ уорс-уорсид ниццæй.

**С.** Аци бацеу-бацеу зумæги туххæй æй.
**Гъ.** Æма нæмæ циуавæр æртæ догъони æртахтæй?
**С.** Етæ æнцæ зумæги мæйтæ: цæппорсе, æнсур æма комахсæн.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Æма анзи аци афонæ уарзетæ? Нур ба равдесетæ зумæги дæргъци уæмæ ци зæрдиуагæ фæууй, уой. Цæттæ айтæ? Нæуæг уард метбæл цийнæ кæнæн; зумæгон уазал дунгæ не уæнгти иннердæмæ хезуй æма ехæнæй ниргъæфстан; нæ фиййи уазал кæрæнттæ æма уазал арми тъæнæнтæ хори тунтæмæ тавæн.
*Сабийтæ се ’змæлд – архайдæй ихæслæвæрд кæнунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, зæгъайтæ зумæг «хуарз» æй æви «лæгъуз»?

*Гъазт «хуарз – лæгъуз»*

*Сабийтæ фиццаг ранимайунцæ хуарз ци æй уой, уой фæсте ба – лæгъуз. Æнгъезуй сабийти дууæ къуари фæккæнун дæр, сæ еуетæ зумæг «лæгъуз» цæмæй æй, уой*

*бæрæг кæндзæнцæ, иннетæ ба «хуарз» цæмæй æй, уой.*
**Гъ.** Куд уинетæ, уотемæй, зумæгмæ ес хуарз минеугутæ дæр æма лæгъузтæ дæр. Цума си фулдæр кæцитæ æнцæ? Гъæйдæ иссæбæрæг кæнæн. Еу хатт ма исбæрæг кæнæн, зумæг ци æй, уой. Æркæсайтæ нæ анзи афæнтти тумбулæгмæ æма байгъосетæ ихæслæвæрдмæ: еугур хузти æхсæнæй равзарун гъæуй, зумæгмæ си кæцитæ хауй, уони.
*Сабийтæ зумæгон тематикæбæл хузтæ æвзарунцæ. Зæгъæн, мети тъæфил, цонæгъ, метин лæг, Метин Баба, кæрцæ, ходæ, къахцонæгътæ æма у.и. Гъонбæлгæнæг æ гъос даруй сабийти архайдмæ. Æ бон æй, зæгъæн, мæнæ ауæхæн фарстатæ раттун: сæрдигон ба къахцонæгътæбæл кæми фæггурунцæ; ехтæ ма кæд фæууинун æнгъезуй?*
**Гъ.** Хуарз исæнхæст кодтайтæ аци ихæслæвæрд, нур ба цæуæн зумæгон гъæдæмæ æма исбæрæг кæнæн, зумæг ци æй, уой. Æма нæхебæл ци искæндзинан? Сумах дзордзинайтæ зуймон хъæпбæлти нæмттæ æма æвдессинайтæ куд кæнгæ æнцæ, уой.
*Сабийтæ зуймон хъæпбæлтæ нимайунцæ æма сæ цума сæхебæл кæнунцæ, уой ба фæнзунцæ.*
**Гъ.** Гъар хъæпбæлтæ искодтайтæ æма нур ба еумæ къахцонæгътæбæл гъæдæмæ рандæ уодзинан.
*Игъусуй «гъæди удзæли» музыкæ. Сабийтæ цума æцæгæйдæр къахцонæгътæбæл цæунцæ, уæхæн æзмæлдтитæ гæнгæ гъонбæлгæнги фæсте зуймон гъæдæмæ «æрбахъæртунцæ». Сабийтæн сæ еу хай «зуймон гъæди» хузон арæзт æй: «метæй» æмбæрзт бæласæ, «мети хъæпæн», «Зуймон гъæди» хузæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, мæнæ æрбахъæрттан дессаги зуймон гъæдæмæ. Фæззæги мах аци гъæди адтан. Циуавæр æййивддзийнæдтæ си æрцудæй, уони ранимайайтæ.
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, зумæги къæвда нæ, фал мет цæмæ фæууаруй?
*Гъонбæлæнæг сабийти æрхæстæг кæнуй ауæхæн дзуапмæ:*

*зумæги, хъæбæр уазал ку фæууй, уæд дони æртæхтæ мегъти æхсæнти ниссæлунцæ æма си мети тъæфилтæ рауайуй. Цæхæнттæ фæуунцæ?*
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Дунгæ ку нæ фæккæнуй, уæд мети тъæфилттæ, сабургай, арвæй зæнхæмæ фæххаунцæ. Цæй хузæн фæуунцæ?
**С.** Æрттевагæ æстъалути хузæн.
**Гъ.** Уазал бони ба мети тæфилттæ «лæхурди» хузæн фæуунцæ. Æма уæхæн метбæл ку фæццæуæн, уæд хъисхъис цæмæ фæккæнуй?
**С.** Мети тъæфилттæ, къæхти буни, сæтгæ фæккæнунцæ æма, уомæй сæ хурруст фæццæуй.
**Гъ.** Циуавæр гъæзтитæ уарзетæ зумæги?
**С.** Цонæгътæбæл гурун, хоккейæй гъазун, къахцонæгътæбæл гурун, метин лæгтæ аразун.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Гъæйдæ, нур ба метин лæгмæ нæ дессаги системон оператори экранмæ æркæсæн.

| | | |
|---|---|---|
| | Берæ кæми ес? тургъити, паркити, тукæнттигъазæнти. | |
| Ци адтæй раздæр? мети тъæфил, мет, мети къубæрæ | Метин лæги хузæ. | Ци уодзæй? дон, мети хъæпæн |
| | Цæмæй конд æй? Аллихузон мети къубæрттæй, къибила, хъуртохæн | |

Системон оператор хузтæй байдзаг кæнун дæр æнгъезуй, кенæ ба астæуæй хузæ ниввæрун æнгъезуй, фарстатæн

ба дзоргæй дзуапп дæттун. Метин лæги бæсти ба мети къубарæй испайда кæнун.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Хор дзæбæх ку æрбатава, уæд нæ мет ци фæуулодзæй?
**С.** Ратайдзæй.
**Гъ.** Мет ци фæккæнуй?
**С.** Мет фæууаруй, фæххауй, ферттевуй, хъис-хъис фæккæнуй. Æрæмбæрзуй, фæттæхуй.
**Гъ.** Цæугæ ма цитæ фæккæнуй?
**С.** Поезд, сахат.
**Гъ.** Тайгæ ба ма ци фæккæнуй?
**С.** Ех, салдæг.
**Гъ.** Тæхгæ ба ма ци фæккæнуй?
**С.** Хуæдтæхæг, вертолет, планер, парашют.
**Гъ.** Æрттевгæ ба ци фæккæнуй?
**С.** Фæрдгутæ, фейерверк, пъолци.
**Гъ.** Нур ба нæ зæрди æрæфтауæн, мет ци минкъий лæгтæй конд æй, уони.
*Сабийтæ райсунцæ къонверттæ: тæнгъæдæ, федар æма газхуз минкъий лæгти модельти хæццæ.*
**Гъ.** Æз дзордзæнæн ихæслæврд сумах ба æй æнхæст кæндзинайтæ. Цæттæ айтæ? Æрæвæрайтæ: мети тъæфил (æрæвæрунцæ «федар минкъий лæгти»); хор æртавта æма… (æрæвæрунцæ тæнгъæдæ минкъий лæгти); хор хъæбæрдæр тавун райдæдта æма фæззиндтæнцæ, циуавæр минкъий лæгтæ? (æрæвæрунцæ газхуз минкъий лæгтæ.)
*Аци ихæслæвæрд физминутки рæстæг раттун æнгъезуй. Æма уæд къонвертти минкъий лæгти бæсти сабийтæ сæхуæдтæ уодзæнцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз исарæхстайтæ. Сабийтæ, нур ба зуймон гъæди хузæмæ æрбакæсайтæ.
*Хузи ци æвдист цæуй, уомæ гæсгæ раттун гъæуй фарстатæ.*

Рагъуди кæнетæ æма зæгъайтæ:
– Циуавæр фунтæ уинуй нæзи бæласæ зумæгон?
– Цæмæ бæлуй зумæг бæрзæ бæласæ?
– Тæдзунæги ауиндзæг ех цæбæл гъуди кæнуй?
– Зумæгон бони бæлæстæ цæбæл сусу-бусу кæнунцæ?
– Мети буни ци бæласи къулдун ес, е цæбæл гъуди кæнуй?
*Сабийти аллихузон гъудитæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Куд гъуди кæнетæ, бæлæстæ зумæги дæр ирæзунцæ?
**С.** Нæгъ. Ирæзунмæ сæ гъæуй хори гъар тунтæ.
**Гъ.** Циуавæр бæласæ исуй, зæмæги сæйрагдæр æма цæмæн?
**С.** Нæзи бæласæ, уомæн æма æй нæуæг анзмæ рæсугъд исаразæн.
**Гъ.** Æма Нæуæг анзи ба ци фæууй?
**С.** Адæн сæхе исаразунцæ, æрбацæуй Метин Баба æма еугур сабийтæн дæр лæвæрттæ раттуй.
**Гъ.** Æма цума цæргæ ба кæми кæнуй Метин Баба?
**С.** Гъæди, цæгати.
**Гъ.** Æма циуавæр хæдзари цæруй Метин Баба?
**С.** Метæй конд, ехæй арæзт, гъæдин фал уазал хæдзари æма у.и.
**Гъ.** Æма æ хуссæн ба цæхæн æй, сумах хуссæнти хузæн?
**С.** Метæй, ехæй, мети тъæфилтæй.
**Гъ.** Метин Баба хуæргæ ба ци фæккæнуй?
**С.** Мет, салдæг, ехтæ æма у.и.
**Гъ.** Уони сумах бон ба æй хуæрун?
**С.** Нæгъ, уомæн æма фæссæйгитæ уодзинан.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Алци дæр зонетæ æма алцæмæ дæр арæхсетæ. Æма уæд зумæг хуарз æй æви лæгъуз?
*Сабийтæй еуетæ зæгъдзæнцæ «хуарз», иннетæ ба – «лæгъуз», фал сæ фулдæр берæ уарзунцæ зумæг, уомæн æма зумæги фæууй рæсугъд æма игъæлдзæг.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Фал нæ балци кæронмæ æрхъæрттæй

æма цæмæй фæстæмæ раздæхæн, уой туххæй нæ гъæуй «дессаги колдуар» – бæл рахезун.

Колдуар ба уæхæн æй, æма айдагъдæр уадзуй «Зумæгон дзурдтæ» ка зæгъа, уони.

*Сабийтæ зумæгон дзурдтæ дзорунцæ æма рахезунцæ колдуарбæл.*

**Гъ.** Нæ балци фæцæй. Уæ еугур дæр хуарз архайттайтæ! Уæ зæрдæмæ хъæбæр ци фæцудæй? Зиндæр ба уæмæ ци фæккастæй?

***15-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Зумæг»**

**Темæ: «Зумæгон гъæдæн фенхус кæнæ»**

**Нисан:** – Федардæр æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнадтæ зумæгон царди туххæй, гъæддаг цæрæгойтæ æма Цæгат Иристони ци цæрæгойтæ цæруй, уони туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, ахур сæ канун хе гъудитæ раст дзорун æма хæтдзæгтæ кæнунбæл.

– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй æрдзæбæл ауодонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** тумбулæг «Алфанбулай дуйне» æнæ хузтæй, айдагъдæр ибæл къохи хузæ; «къохæйконд» æма «æнæкъохæйконд» предметти дуйней хузтæ; сабийти уати еу хаййи «зумæгон гъæдæ» арæзт; бацæттæ кæнун фарс кенæ фланелеграф мæргъти хузтæ ниййауиндзунмæ; аллихузон гъазæнтæ – цæрæгойтæ, мæргътæ (хузтæ).

**Иуарунмæ:** аллихузон хуæруйнæгти хузтæ кенæ сирдтæ ке хуæрунцæ уæхæн хуаллæгти хузтæ: къабуска, æпхæ, фид, дзол, нартихуар, хуасæ, æхсæртæ, цихт, гуркъотæ æма æнд.

**Рагагъонмæ куст:**

Исахур кæнун психогимнастикæ «Æгас цотæ».

## Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, гъæйдæ кæрæдземæн салам раттæн.

**С.** Æгас цотæ!

**Гъ.** Нур ба уи алкедæр æхецæн раттæд салам.

Æгас цотæ, къохтæ – къæрцц – къæрцц – къæрцц.
Æгас цотæ, къæхтæ – тъупп – тъупп – тъупп.
Æгас цотæ, ростæ – пъæрт – пъæрт – пъæрт,
Æгас цотæ, билтæ – къæнц – къæнц – къæнц.
Æгас цо, мæ фий – бипп – бипп – бипп.
Æгас цо, мæ лимæн! Баходæ!

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Мæнмæ гæсгæ, фегъæлдзæгдæр æйтæ æма мин уæ бон фенхус кæнун бауодзæй. Æркæсайтæ, нæ «алфанбулай дуйней» тумбулæгмæ, æ хузтæ цидæр фæцæнцæ. Корун уи, цæмæй аци гъуддаг исраст кæнунбæл байархайайтæ. Мæнæ уин тæбæгъи алли-хузон хузтæ. Уæ ихæслæвæрд: биццеутæ тумбулæги æвæрдзæнцæ «къохæйконд дуйней» хузтæ, кизгуттæ ба – «æнæкъохæйконд дуйней» хузтæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрдмæ гæсгæ, хузтæ æртасунцæ. Гъонбæгæнæг сæмæ æ гъос даруй, æма ку рарæдуйунцæ, уæд сæ исраст кæнун кæнуй.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз исæнхæст кодтайтæ ихæслæвæрд. *Райгъустæй телефони зæлланк.*

**Гъ.** Сабийтæ, кадæр нæмæ дзоруй. Алло, игъосун, гъо хе-стар къуар æй айæ. Гъо, Гъо, æрæги мах адтан гъæди бал-ций. Нæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Ци? Ци загътайтæ?! Æнæмæнгæ уин фенхус кæндзинан (телефон ниххуссун кæнуй.)

**Гъ.** Сабийтæ, гъæдæй нæмæ гъæдгæс æрбадзурдта æма загъта, гъæди сирдтæн байанхос кæнун гъæуй. Сирдтæ дан зин уавæри бахаудтæнцæ, ци бахуæронцæ е дæр син нæййес.  Цæттæ айтæ байанхос кæнунмæ? Цæмæй

тагъддæр бахъæртæн гъæдæмæ, уой туххæй нæ цæбæл рандæун гъæуй?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ, равзарунцæ «вертолет».*

**Гъ.** Уæ цæститæбæл рагъазун кæнтæ, цумæ вертолетти æнкъæйттæй исбадтан æма фæттæхæн.

*Сабийтæ цума хуæдтæхæги тæхунцæ, уой се 'змæлдæй æвдесунцæ. Къуари уати «зумæгон гъæдæ» арæзтгонд кæми æй, уой цори æрлæууунцæ. Еци рауæн ихæслæвæрдæн гъæуама уа цæрæгойти хузтæ кенæ гъазæнтæ.*

**Гъ.** Æрбахъæрттан гъæдæмæ. Ами цидæр æнахур æй. Æркæсайтæ лæмбунæг хузтæмæ (гъазæнтæмæ) æма цæрæгойти фæххецæнтæ кæнтæ уæхемæ гæсгæ, куд растдæр уодзæй, уотæ.

*Бæлæстæ, къотæртæ æма бæласи бунгæрдти бунти аллихузон цæрæгойти хузтæ (гъазæнтæ), кæцитæ цæрунцæ Цæгат Иристони, гъар бæстити æма уазал цæгаттаг полюси.*

**Гъ.** Балæдæрун кæнайтæ еугур сирдтæ куд рахецæн кодтайтæ? Уæдта цæмæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Иристони гъæди жираф зумæгон куд цæрдзæй? Страус ба –? Нур ба, мах гъæдти ци цæрæгойтæ цæруй, уони ранимайайтæ.

*Сабийтæ сæ нимайунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, зæгъайтæ, зумæгон еугур цæрæгойти дæр фæййинæн ес гъæди? Цæмæннæ?

**С.** Нæгъ, хелагæ зумæги даргъци бæласи буни цъаси фунæй фæккæнуй.

**С.** Узун дæр, къубулойнæ тугъдæй, фунæй фæккæнуй.

**С.** Арс ба уалдзæгмæ фæххуссуй æ лæгæти.

**Гъ.** Зумæгеуат кæнун ба син зин цæмæ æй?

**С.** Уомæн æма уазал фæууй, уæдта син хуæруйнаг дæр нæ фæууй.

**Гъ.** Сабийтæ, тæрхъостæ æма æхсæрсæттæгутæ ба сæ фест цæмæ ракалунцæ?

*Бавдесун æнгъезуй, зумæги ист, цæрæгойти хузтæ.*

**Гъ.** Сæ нæуæг гъун зæронд фести хузæн фæууй?

**С.** Нæгъ, æндæрхузон гъун сæбæл æрзайуй: æхсæрсæттæгбæл æвзестæхуз, тæрхъосбæл ба – уорс.

**Гъ.** Гъæйдæ, эксперимент искæнæн.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй, рагацау ци хузгин хæлттæ æрæвардтонцæ, уони æрæмбурд кæнncæ. Сæ æмбурд кæнун кæци рауæн æнцондæр æй: сæ хузæ фони хузæн кæми æй, уоми? Цæмæннæ? Сабийтæ! Тæрхъоси тогцъух сирд уорс метбæл зинтæй бафеппайдзæй, æхсæрсæттæги ба – метæй æмбæрзт бæласæбæл.*_

**Гъ.** Æма уæд берæгъ æма робас ба сæ хузæ цæмæннæ райиевунцæ?

**С.** Етæ хъаурæгиндæр æнцæ æма некæмæй тæрсунцæ.

**Гъ.** Æма цæгаттаг саг дæр тогцъух сирд æй?

**С.** Нæгъ. Е кæрдæгхалæ хуæрагæ цæрæгой æй.

**Гъ.** Берæгъ æма робасæй тæрсуй?

**С.** Нæгъ. Саг æй устур æма хъаурæгин, æ бон æй æ зæбæтæй хъæбæр ниццæвун дæр.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уи алкедæр райсæд еу цæрæгой æма рагъазæн гъазт «Цæбæл гъуди кæнуй цорæгой»-йæй. Алкедæр уи æ цæрæгоййи номæй гъæуама радзора, цæбæл гъуди кæнуй цæрæгой, уой.

Зæгъæн: «Æз дæн цъæх берæгъ. Æз гъуди кæнун хуарзадæ тæрхъосбæл». « Æз дæн уорс тæрхъос. Берæгъ мæ ку нийййахæсса, уомæй хъæбæр тæрсун». «Æз дæн æхсæрсæттæг. Зумæгмæ ци хуаллаг æрцæттæ кодтон, уобæл цийнæ кæнун».

*Сабийтæ, дзоргæй, мимикæ æма æзмæлдтитæй æвведесунцæ сæ цæрæгойти гъудитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Кæсайтæ, цæйбæрцæ цъеутæ нæмæ æрбатахтæй!

*Сабийти æнгæс æрдаруй бæласи къалеубæл хузæгонд цъуетæмæ.*

*Æнгъезуй испайда кæнун фланелеграф кенæ мольбертæй.*

**Гъ.** Сабийтæ, еугур цъеути бон æй махмæ зумæгеуат кæнун?

*Сабийтæ равзарунцæ гоцгæнагæ цъеути, зумæгеуатгæнгути ба ниууадзунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Зæгъайтæ, цæргæси бон гъæди цæрун æй?

**С.** Нæгъ, е бæрзонд хуæнхти цæруй. Уарзуй сæребарæ цард.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Кæсайтæ, мæнæ ами цæрæгойти фæдтæ ес. Ке фæдтæ æнцæ æма кумæ цæунцæ, уой исбæрæг кæнун гъæуй.

*Сабийтæ исбæрæг кæнунцæ: цъеуи фæдтæ бæласæмæ цæунцæ, тæрхъоси фæдтæ ба – къотæрмæ; робаси фæдтæ æ цъасæмæ цæунцæ, берæгъæн ба – æ лæгæтмæ. Пъолбæл фæндæгти хузæн, сирдти фæдтæ кæбæл хузæгонд ес, уæхæн уадздзæгтæ æвæрд, кæцитæ цæунцæ цæрæгойти бунæттæмæ. Сабийтæ сæбæл цæрæгойтæ æрæвæрунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Гъæдгæс ма нин уотæ дæр ку загъта, цæрæгойтæ дан æстонг æнцæ, зæгъгæ. Ци амалæй син бай-анхос кæнæн?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хуарз! Æркæсайтæ мæнæ аци хуайрæгти хузтæмæ, æз сæ æрцæттæ кодтон цъеутæ æма сирдтæн. Нуртæккæ кизгуттæ равзардзæнцæ цъеути хуæруйнæгтæ, биццеутæ ба – сирдти хуæруйнæгтæ.

*Сабийтæ æртасунцæ хузтæ æма кæмæн циуавæр хуæруйнæгтæ æрцæттæ кодтонцæ, уони дзорунцæ.*

**Хузтæ:** *тæкъузгæ, сонхура, нæмгутæ, хуасæ, дзол, æпхæ,*

*къабуска, гуделтæ, назуй къалеутæ, фид, æхсæртæ, цихт. Хуайрагæн син сæ хæццæ æрæвæрæн ес мæнæ ауæхæн хузтæ дæр: къанфеттæ, тъорт, сæлдæг. Сабийтæ сæ цума райсæнцæ æви нæ, уомæ гæсгæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Мæнмæ гæсгæ гъæдгæси курдиадæ исæнхæст кодтан. Фал куд исбæрæг кодтан, уотемæй берæ цæрæгойти бон мах гъæди зумæгеуат кæнун нæ ’й æма уонæн ба ци гæнгæ æй?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ. Ами байархайун гъæуй, цæмæй сабийтæ зæгъонцæ аци цæрæгойти ба зоопаркмæ кенæ сирддонæмæ бакæнун гъæуй, зæгъгæ. Уой фæсте сабийтæ сирдти гъазæнтæ еу рауæнмæ æрæмбурд кæнунцæ кенæ си алкедæр райсуй.*

**1 вариант**

**Гъ.** Нæ бон фæстæмæ раздæхун уодзæй уæд, æма «зинбазонæн цæрæгойти» нæмттæ ку базонайтæ. Æз сæ 2-гай цæрæгойти нæмттæй æргъуди кодтон. Цæттæ айтæ? Бебас, Рорæгъ, тæрсаг, æхсæрзун, усæттæг.

**2 вариант**

*Æнгъезуй атæ дæр: сабийтæ сæхуæдтæ æргъуди кæнунцæ «зинбазонæн цæрæгойти» нæмттæ.*

Нур ба уæ цæститæ ницъцъундæ кæнетæ æма уин ци зæгъон уой кæнетæ. Дууæ ампъези размæ ракæнетæ, æрзелетæ, æртæ ампъези ракæнетæ æма къахæй æртъупп кæнетæ, еу ампъез ракæнетæ æма къохтæй æркъæрцц кæнетæ. Уæ цæститæ байгон кæнетæ! Рæвзурдан нæ къуари уати! Гъæди цæрагойтæн куд байанхос кодтан, е уæ зæрдæмæ фæццудæй? Зин уæмæ ци фæккастæй? Уæ зæрдæмæ хъæбæрдæр ци фæццудæй?

**Физминуткæ:**

Ритмикон æзмæлдтити импровизаци:

Алли рæнгъи дæр – 4 еухузон æзмæлди.

Арси хъæболæ – хур-хур;

Минкъий узун – хæр-хæр;
Берæгъи бæдолæ – хъур-хъур;
Минкъий тæрхъос – зир-зир;
Минкъий робас – сирт-сирт;
Саги бæдолæ – сæпп-сæпп;
Æхсæрсæттæг – гæпп-гæпп.

***16-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Националон дарæс»**
**Темæ: «Нæ къуари уарзон адæни дарæс»**
**Нисан:** – Сабийти зонундзийнæдтæ урухдæр кæнун националон хъæпбæлти туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, æримисунадæ æма сæ гъудитæ дзорун.

– Гъонбæл сæмæ кæнун адæмон истори æма хæзнатæмæ цæмæдес куд уонцæ, адæмæн ба кадæ куд кæнонцæ.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** сабийти къуари ци адæни хæттитæ ес, уони националон хъæпбæлтæ (хузтæ, иллюстрацитæ). Системон оператори экран.
**Иуарунмæ:** алли сабиййæн дæр фæлуст: хузгин хъæбæргæгъæдийæй конд нæлгоймаг æма силгоймаги дарæсти хæйттæ (хæлаф, дустæ, пъолци æма æндæртæ). Уорс гæгъæдийæй (ватмæнæй) конд аллихузон дарæси силуэттæ (пъолцити, уæллаггурти, дæллаггурти æма æнд.)
**Рагагъонмæ куст**
Исахур кæнун «сæумон салан» раттунбæл. Æрцæттæ кæнун иуаруйнаг фæлуститæ.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, уæ зæрдиуагæ куд æй ацибон? Гъæйдæ кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн æма кæрæдземæ баходæн.

Кæрæдземæн зæгъæн «Æгас цо». Нур ба алкедæр æхецæн зæгъæд «Сæумæ хуарз».
Уæ сæумæ хуарз, цæститæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, гъостæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, къохтæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, къæхтæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, сæр!
Райгъал дæ?
Цæститæ кæсунцæ (цæститæ æрæхгæнунцæ, байгон унцæ).
Гъостæ игъосунцæ (армитъæпæнтæ гъостæбæл байвæрунцæ).
Къохтæ æрдзæф кæнунцæ (армитъæпæнтæй къæрццитæ кæнунцæ).
Къæхтæй тъуппитæ (къæхтæй тъуппитæ кæнунцæ).
Сæр ба гъуди кæнуй (армитъæпæнæй æй æрсæрфунцæ).
Ура! Райгъал ан! (Къохтæ хæрдмæ).
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Гъæйдæ нур ба рагъæзæн. Ацибон хъæбæр берæ айтæ æма уæ куд фæндуй, уотæ фæкъкъуæрдтæ уотæ. Ци хузи ма ес фекъкъуæрдтæ ун? Нигкидæр ба ма?
Сабийтæ фæкъкъуæрдтæ унцæ: æнкъæйттæ, кизгуттæ *æма биццеутæ, хæлафгунтæ æма дæллаггургинтæ, даргъдзиккотæ æма цубурдзигкотæ, адæни хæттитæмæ гæсгæ. Кæд къулумпитæ кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг фенхус кæнæд.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Циуавæр адæни хæттитæбæл фæкъкъуæртæ айтæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, еумæйагæй æгас адæни хæттитæмæ ци ес?
**С.** Алли адæни хаттмæ дæр ес нæлгоймæгтæ æма

силгоймæгтæ, кизгуттæ æма биццеутæ, бабатæ æма нанатæ. Етæ сæ еугурæйдæр цæрунцæ, уолæфунцæ, косунцæ, сæ фаллад уадзунцæ. Алли адæни хаттмæ дæр ес æхе æгъдæуттæ.

**Гъ.** Сæ хъæпбæлтæ ба циуавæр æнцæ?

**С.** Аллихузон, алли адæни хаттæн дæр ес æхе уæледарæс.

**Гъ.** Сабийтæ, еумæ æркæсæн националон уæледарæстæмæ мæнæ телеуинунади куд фæууй, уотæ. Семах уодзинайтæ журналисттæ æма уи алкедæр æхе адæни уæледарæси туххæй радзордзæй.

*Сабийти къуари циуавæр адæни хæттитæ ес, уомæ гæсгæ, рацæунцæ фæйнæгмæ æма радзорунцæ сæхе адæни уæледарæси туххæй. Гъонбæлгæнæг син фарстати фæрци æнхус кæнуй.*

Дарæсти рæнгъæн æ кæрон ирон адæни уæледарæси хузæ. Уæледарæсбæл дзорунцæ мæнæ ауæхæн схемæмæ гæсгæ.

| Уæледарæс циуавæр адæни хатти æй? | Æ хузæ | Дæргъæ | Нивæфтуд, орнамент | Сæри дарæс |
|---|---|---|---|---|

*Дигорон уæледарæси туххæй дзоргæй, гъонбæлгæнæг гъæуама бунтон зонундзийнæдтæ ратта силгоймаги уæледарæси – къæртрæзти туххæй. Даргъ пъолций, пъолци буни даргъ дæллаггурæ, даргъ зæболдустæ, реуи æгънæгутæ, рæсугъд æма цæхæртæкалгæ ронæ. Бæрæгбони пъолци адтæй атлæсæй кенæ хъæдавæй нивæфтуд. Сæрбæл ходæ хизи хæццæ, къæхтæбæл ба – дзабуртæ.*

*Нæлгоймæгтæ сæ къæхтæбæл дардтонцæ дзабуртæ, æркъетæ, басмæхътæ æма зæнгæттæ, уæледарæсæн ба дардтонцæ: цохъа, цохъай буни ба хæдонæ, цохъай реубæл – бæрцитæ. Раги дзамани бæрцитæ бунати фæттæ дардтонцæ. Цохъай астæубæл уидæ ронæ хъæмай хæццæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, зæгъайтæ, нуртæгки рæстæги уæхæн уæледарæс алкæд дарун æнгъезуй? Цæмæннæ? Ауæхæн дарæс айдагъдæр кæд фæгъгъæууй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба нæ дессаги телевизори ци дарæс æвдист цæуй, уомæ æркæсæн.

| | | |
|---|---|---|
| | Кæми ес берæ? | |
| Ци адтæй? | Хъæпбæли хузæ? | Ци уодзæй? |
| | Хъæпбæли хузæ? | |

**Гъ.** Нур ба уодзинайтæ модельертæ. Æрæмбурд кæнетæ бæрæгбони дарæс.
*Сабийтæмæ хузгин хъæбæргæгъæдийæй лухконд уæледарæси хæйттæ: пъолций уæллаг хай, пъолций бунгаг хай, дустæ, хæлаф æма æнд. Сабийтæ сæхуæдтæ «æрæмбурд кæнунцæ» силгоймаги кенæ нæлгоймаги дæрæс.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз исарæхстайтæ! Зæгъайтæ, национ дарæси орнаменттæ гæнæн ес?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз, алкæмæн дæр уодзæй хæдзарæмæ куст. Райсдзинайтæ уæледарæси силуэттæ æма сæ уæхемæ маркертæ кенæ фломастертæй исрæсугъд кæнлзинайтæ аллихузон орнаментти хæйттæй.
*Сабийтæ æртасунцæ уæледарæси силуэттæ: пъолцитæ, дæллаггуртæ, хæлæфтæ æма æнд.*
**Гъ.** Сабийтæ, ацибон хуарз архайдтайтæ! Уæ зæрдæмæ хъæбæрдæр ци фæццудæй? Цæмæдессаг ба уæмæ ци фæккастæй?
Ауæхæн рæсугъд уæледарæс ба ка хуйуй?
**С.** Хуйгутæ.
**Гъ.** Нуртæгкæ ба рагъазæн. Бавдесайтæ хуйæг хъумац куд фæккæрдуй, содзийни халæ куд бацæвуй, содзийнæй куд фæххуйуй. Къохæй зелгæ хуйæн машийнæй куд фæххуйуй,

къахæй зелгæ хуйæн машийнæй ба?

Нур ба равдесетæ, манекенщицтæ цæттæ пъолцитæ куд февдесунцæ, уой.

*17-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Транспорт»**

**Темæ: «Аразæн нæуæг транспорт»**

**Нисан:** – Федардæр æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ транспорти туххæй. Транспорти хузтæ хецæн кæнуни (классификаци) æрæхсдзийнæдтæ сæмæ иæрзун кæнун.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун еститæ кæнунбæл, ескæмæ лæмбунæг игъосунмæ æма кæрæдзей æнтæстдзийнæдтæбæл цийнæ кæнун.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** системон оператор: ватмæни тъафæ (кенæ æрмæгæвдесæн фæйнæг) 5 □ (квадратебæл) дехтæгонд; аллихузон транспортти хузтæ: велосипед, вертолет, уæзласæн машийнæ, вездеход ·кенæ танкæ), джип, автобус.

**Иуарунмæ:** алли сабийййæн дæр хузти фæлуст: рæуæг машийнæ, уæзласæн машийнæ, хуæдтæхæг, поезд, велосипед, матоцикълет, ракъет.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, ацибон игъæлдзæг айтæ? Æма уæд гъазт «Гъо – нæгъ»-æй рагъазæн. Цæбæл дзордзинан, е хауй адæймаги къохæйконд дуйнемæ. Æз уæмæ дæддзæн фарстатæ сумах ба гъæуама базонайтæ ке туххæй цæуй дзубанди, уой.

*Ци æй лæдæруйнадæ – траспорт. Кæд сабийтæ къулумпи кæнонцæ, уæд сæмæ радтун гъæуй ауæхæн фарста «Цæй фæрци фæуусæн балций?»*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ацибон æцæгæй дæр транспорти туххæй дзордзинан. Фæндуй мæ, цæмæй сумах ацибон æргъудигæнгутæ уайтæ! Сумах ба фæндуй? Ёма æргъудигæнгутæ ка æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ æрхæстæг кæнун гъæууй, цæмæй зæгъонцæ аразгутæ ци æргъуди кæнунцæ æма ци исаразунцæ, етæ еугурæй дæр арæзт æрцæунцæ адæни царди фадуæттæ фæххуæздæр кæнунмæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Абони мах хуæнхбæсти куститæ кæнунмæ арæззинан нæуæг транспорт. Æма нæ уой туххæй ба базонун гъæуй транспорти туххæй алцидæр зонæн, æви нæ. Æркæсетæ мæнæ аци транспортти хузтæмæ æма циуавæртæ æнцæ, уомæ гæсгæ сæ фæкъкъуæрттæ кæнетæ.

*Сабийтæ транспортти хузтæ фæкъкъуæрттæ кæнунцæ: уæлдæфон, занхæбæл цæуæг, дони цæуæг, космосон, æфсæддон. Гъонбæлгæнæг æ гъос даруй сабийти æрхайдмæ æма син фарстати рæуаги анхос кæнуй.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Аци къуæрдтæ ма фæххецæнтæ кæнун æнгъезуй? Рагъуди кæнетæ.

*Сабийтæ уæзæласæн æма адæнласæн транспортти хузтæ фæхецæнтæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Хуарз. Нур ба нæ дессаги телевизори æркæсæн машийнæмæ.

| | | |
|---|---|---|
| | берæ кæми ес? | |
| ци адтæй? | машини хузæ | ци уодзæй? |
| | цæмæй конд æй? | |

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба равдесайтæ адæмæй идзаг автобус; дони устур цæхъæлтти бахауæг науи; саст машийнæ, хуæдтæхæг тæхгæй.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Нур ба дзуæппитæ радтетæ мæнæ ауæхæн фарстатæн:

– Гъæугæ бунатмæ ка раздæр бахъæртдзæй – велосипедбæл

цæуæг, мотоцикълетбæл цæуæг æви машийнæбæл цæуæг? Дони цæугæ транспорттæй кæци тагъддæр цæуй: бæлæгъ (лодка), науæ æви катер?

– Цæмæй вертолет истæха, уой туххæй æй истæхæн над гъæуй?

*Сабийтæ æнхæст дзуаппитæ дæдтунцæ.*

**Гъ.** Нур ба уи алкедæр райсæд хузти фæлуст æма сæ уæ рази хæлеу æрæвæретæ. Байгъосетæ ихæслæвæрдмæ. Æз зæгъдзæнæн дзурд, сумах ба æвдесдзинайтæ транспорти хузæ; шофир, скъæрæг (водитель), тæхæг, велосипедбæл цæуæг, мотоцикълетбæл цæуæг, космонавт.

*Гъонбæлгæнæг фæззæгъуй дзурд, сабийтæ ба хузтæ бавдесунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, æма уæд мæнæ аци дæснийæдти адæни ба циуавæр транспорт гъæуй: милици косгути, артхуссунгæнгути?

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй хузтæ, сабийтæ ба сæ дзорунцæ.*

**Гъ.** Ауæхæн транспорт сæрмагонд хуннуй.

**Гъ.** Сабийтæ, транспорт цæмæй цæуа, уой туххæй си ци нивгæнунцæ?

**С.** Биндзин, газ, соляркæ.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Нур ба нæ зæрди æрæфтауæн минкъий игъæлдзæг лæгти. Æз дзордзæнæн дзурдтæ, сумах ба дзурдтæмæ гæсгæ, фестдзинайтæ «тæнгъæдæ» (жидкий) кенæ «газхуз» (газообразный) минкъий лæгтæ. Цæттæ айтæ?

**Гъ.** Биндзин, газ, соляркæ.

*Иуаруйнаг æрмæги хæццæ алли сабиййæн дæр радтун æнгъезуй минкъий игъæлдзæг лæгти хузти фæтуст.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, æрдзæн биндзин кенæ солярки æсмаг пайда æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уæ, уæ зонундзийнæдтæ

багъæудзæнæнцæ. Æз дзордзæн естæй хайттæ, сумах ба ин æ ном. Цæттæ айтæ?

– цалх – вагон – къæразæ, е æй…поезд.

– къæразæ – къæбинæ, е æй…машийнæ.

– гуфæ – къæразæ, е æй…уæзласæн машийнæ.

– базуртæ – фий – цалх, е æй…хуæдтæхæг.

– цалх – æрбадæн – руль, е æй…велосипед.

**Гъ.** Хуарз. Нурба уин науæг фæлварæн. Нуртæкки уи алкеддæр райссæй 2 хузи.

**Ихæслæвæрд:** дууæ хузи цæмæй хецæн кæнунцæ, уой гъæуама зæгъайтæ.

*Алли сабий дæр райсуй 2 хузи.* **Зæгъæн:** *трамвай – автобус, велсипед – мотоцикълет, поезд – хуæдтæхæг æмæ у.и.*

**Гъ.** Сабийтæ, хуарз зонетæ транспортти хузтæ. Куд кæсун, уотемæй уæ бон нæуæг тарнспорт æргъуди кæнун дæр бауодзæй. Зæгъайтæ мин Иристонбæл ба циуавæр транспорти хуæздæр æй балций цæун?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**С.** Горæти – трамвайии, троллейбуси; машийни, велосипедбæл, мотоцикълетбæл ба республикæбæл балци кæнгæй.

**Гъ.** Æма уæд бæрзонд хуæнхбæстæмæ ба цæбæл цæун гъæуй?

**С.** Машийнæбæл. Фал хуæнхбæсти уæхæн нарæг нæдтæ ес æма сæбæл машийнæ нæ бацæудзæй, гъæуй сæбæл бæхбæл, хæрæгбæл кенæ ба фестæгæй цæун.

**Гъ.** Сумах нуртæккæ æргъуди кæнтæ уæхæн транспорт, кæцибæл хуæнхбæсти тæккæ бæрзонддæр гъæумæ, нарæг æма тæссаг нæдтæбæл, ка иссæуа. Фал уи иронх ма уæд, гъæуама уæ транспорт ци артагæй коса, е æрдзæ ма цъумур кæна. Æримисгæ транспортти хузтæ дæр ес æргъуди кæнун. Уæ бон æй ци транспортти хузтæ зонетæ, уони хæйттæй испайда кæнун, кенæ ба уæхуæдтæ æргъуди кæнетæ æндæртæ.

*Ærmægævdesæн фæйнæгбæл (мольберт кенæ ковролинбæл æма æнд.) вертолети, хуæдтæхæги, джипи, танки, велосипеди хузтæ. Сабийтæ ци нæуæг транспорти хузтæ æргъуди кодтонцæ, уони хузтæ кæнунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ацибон сумах адтайтæ æцæг аразгутæ! Мæнмæ гæсгæ, ескæд, уæ æргъудигонд цæуни фæразнитæ, адæни зæрдитæ рохс кæндзæнцæ. Уæхе зæрдæмæ ба абони ци фæццудæй? Зин ба уæмæ ци фæккастæй? Гъæйдæ нæхецæн æрдзæф ракæнæн! Хъæбæр хуарз ан!

***18-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Дæснийæдтæ»**
**Темæ: «Еугур куститæ дæр хуарз æнцæ, равзарæ си»**
**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ дæснийæдти туххæй.

– Сабийтæн балæдæрун кæнун, алли куст дæр кæронмæ кæнгæ ке æй, уæдта дæснийади фæззинд еу адæймаги нæ, фал берети ке гъæуй, уой.

– Ирæзун кæнун логикон гъудикæнунадæ, æма сæ гъудитæ раст дзоруни арæхсдзийнадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун еске кустæн аргъ кæнунбæл.

**Ærмæг**
**Ævдесунмæ:** тумбулгæг «алфанбулай дуйне». Таблицæ – дæснийæдти классификаци техникон прибори хузи хæццæ, 2 хузи, еу уодæгас æрдзи хузæ иннæ ба – адæймаги; саст æма æнæгъæнæ дзаумæутти хузтæ, адæймаги царди гъæугæ предметти хузтæ.
**Иуарунмæ:** дæснийæдти хæццæ баст хузтæ; аллихузон дæснийæдтæн гъæугæ косæндзаумæутти хузтæ (зæгъæн: дохтирæн – тæвдæбарæн, ахургæнæгæн – амонæн фæйнæг, гъæди кустгæнæгæн – фæрæт æма æнд.) предметтæ аллихузон дæснийæдти хæццæ æстъæлфитæй баст кæми æнцæ, уæхæн къарточкитæ; хузгин фломастертæ.

**Рагагъонмæ куст**

Бакæсун С. Михалкови «Сумахмæ ба цийййес» æма Маяковскийи «Кем быть».

**Ахури цуд**

*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Уæ армитъæпæнтæ кæрæдзебæл тагъд рахафайтæ. Нур ба сæ уæ ростæбæл райвæрайтæ. Ци банкъардтайтæ?

**С.** Гъар.

**Гъ.** Еци гъар алке медæгæ дæр ес. Гъæйдæ æма нæ гъарæй кæрæдземæн бахæй кæнæн. Кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцайтæ. Уæ кæрæдзей гъар æнкъаретæ? Нур ба кæрæдземæ медбилти баходетæ. Сабийтæ, æзинæ мах бакастан дууæ цæмæдессаг уадзимиси «Ка уон» æма «Сумахмæ ба цийййес». Нæ зæрди æрæфтауæн, цæбæл си цудæй дзубæнди?

**С.** Дæснийæдтæбæл.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Мæн фæндуй цæмæй сумах минкъий философтæ фестайтæ. Философ ка æй, уой уи еске зонуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, философ æй, дуйней конд æма арæзт ка ахур кæнуй, аллихузон хатдзæгтæ æма æсгарæн куститæ ка кæнуй, иннæ адæмæн циуавæрдæр наукон фарстатæн дзуапп ка радтуй, уæхæн адæймаг. Куд гъуди кæнетæ философ дæснийадæ æй æви нæ ’й?

**С.** Дæснийадæ æй.

**Гъ.** Мадта мах абони нæ еугур дæр рæстæгмæ уодзинан философтæ æма исбæлвурд кæндзинан еу фарста, ци æй дæснийадæ æма адæймаги цæмæн гъæуй, уой. Æрбадайтæ горцъебæл.

*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ, сæ рази аллихузон дæснийæдти хæццæ баст хузтæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, ке уи ци дæснийадæ райсун фæндуй, уой хæццæ баст хузæ райсæд.

*Сабийтæй алкедæр райсуй хузæ, зæгъуй дæснийадæ æма циуавæр куст кæндзæй, уой.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба æркæсетæ аллихузон дæснийæдти гъæугæ косæн дзаумæутти хузтæмæ. Алкедæр уи æ дæснийади хæццæ баст хузæ равзарæд æма ибæл ести радзорæд.

*Искæнун æнгъезуй еумайаг хузæ, лотой хузæ: косæн дзаумæуттæ ватмæнбæл хузæгонд кенæ нихæст, сабийтæ ба сæ айдагъдæр дæснийæдти хузтæй æрæмбæрзунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба нæ философтæн нæуæг ихæслæвæрд.

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй «Алфанбулай дуйней» тумбулæг.*

**Гъ.** Айæ ци æй?

**С.** Е æй «Къохæйконд æма æнæкъохæй конд» дуйней тумбулæг.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Уа зæрди æрæфтауайтæ æнæкъохæйконд дуйнемæ цитæ хауй, уой.

**С.** Цардæгас æма æнæуод æрдзæ.

**Гъ.** Æнæуод æрдзæмæ ба цитæ хауй?

*Сабийтæ сæ ранимайунцæ.*

**Гъ.** Цардæгас æрдзæмæ ба?

*Сабийтæ сæ ранимайунцæ.*

**Гъ.** Æма уæд къохæйконд дуйнемæ ба цитæ хауй?

*Сабийтæ сæ ранимайунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, адæймаг æ кусти медæгæ цæй хæццæ фæййархайуй, уомæ гæсгæ дæснийæдтæ фæкъкъуæрдтæ кæнун æнгъезуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Раст гъуди кæнетæ! Кæсайтæ мæнæ уин таблицæ æрцæттæ кодтон. Ци уинетæ таблици?

| техникон прибори хузæ | цардæгас æрдзæй ист хузæ | адæймаги хузæ |
|---|---|---|

*Сабийтæ таблици ци уинунцæ, уой дзорунцæ; таблицæ цæмæн гъæуй, уой туххæй ба хатдзæгтæ кæнунцæ.*
**Гъ.** Аци таблицæ æй, адæймаг æ кусти медæгæ цæйити хæццæ фæййархайуй, уони æвдесæг. Таблицæ дæснийæдти къарточкитæй байдзаг кæнетæ.
*Испайда кæнун æнгъзуй раздæри ихæслæвæрди хузтæй, уой туххæй сабийтæн зæгъун гъæуй, цæмæй «лото»- йæй сæ хузтæ райсонцæ.*
*Техникон прибортæ æма æнæуод æрдзи хæццæ – шофир, геолог, инженер æма æнд.; цардæгас æрдзи хæццæ – фонси дохтир, ферми косæг, гъогдоцæг, хъалагъур æма æнд.; адæймаги хæццæ – ахургæнæг, дохтир, уæйæгæнæг æма æнд.*
*Аци ихæслæвæрд дзоргæй дæр æмбæлуй исæнхæст кæнун, уой туххæй сабийтæ дæснийæдти хузтæ æвæруни бæсти сæ дзоргæ кæнæнтæ.*
**Гъ.** Хуарз. Нур ба рагъазæн. Æз дзордзæн аллихузон дæснийæдтæ, сумах ба сæ уе ’змæлдтитæй бавдесиайтæ.
*Сабийтæ фæйнæ рауæнти æрлæуунцæ. Гъонбæлгæнæг зæгъуй дæснийадæ, сабийтæ ба æй æвдесунцæ, зæгъæн: зарæг, хузгæнæг, скрипач, будзæу, аразæг, дохтир, кафæг æма и.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба зæгъайтæ уæ нийиергутæ ба цæмæйти косунцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æма цæмæ косунцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Адæймаг косуй æхе туххæй удта иннæ адæми туххæй.
*Аци темæбæл лæмбунæг æрдзорунцæ.*
**Гъ.** Искæнæн мадта хадзæг. Фæллойнæ кæнун гъæуй? Кæронмæ рахъæртун кæнетæ гъудиадæ «Косун гъæуй, цæмæй…».
*5–6 сабиййи кæронмæ рахъæртун кæнунцæ гъудиадæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, кæмæн æнцондæр цæрæн æй: косгæ ка нæ кæнуй, еци магосайæн, æви косгæ ка кæнуй, еци адæймагæн?
*Сабийтæ хатдзæгтæ кæнунцæ: æркæсун æнгъезуй хузти дууæ варианттемæ – сæ еуети, æнæ косгæй ци уодзæй, е, иннети ба – фæллойнæгæнæг адæни кусти ци пайда ес, е. Зæгъæн: æнæхснад æма кæдзос дзаумæуттæ; зулун саст горен æма рæсугъд хурст раст горен; саст æма равдзæ къела æма у.и.*
**Гъ.** Сабийтæ, нур ба искæнетæ хатдзæг: ци æй хуарз æма ци æй лæгъуз?
*Сабийтæ хатдзæгтæ кæнунцæ, гъонбæлгæнæг ба æ гъос даруй сабийти дзубандий уагмæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, адæймаг æ дæснийади куст райгурцæй фæззонуй?
**С.** Нæгъ, дæснийадæбæл ахур искæнуй.
**Гъ.** Дæснийæдтæбæл кæми ахур кæнунцæ?
**С.** Институтти, техникумти, училищити.
**Гъ.** Адæймаги кусти гъæдæн ахедундзийнадæ ес?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Алкедæр уи райсæд дæснийади хузæ æма кæронмæ рахъæртун кæнæд гъудиадæ «Æз лæгъуз ку…, уæд…»
Æз дæр хузæ есун æма ибæл фиццаг дзорун.
«Æз дæн фиййау. Æз лæгъуз ку хезон фустæ, уæд ниххæлеу уодзæнцæ æма фæдздзæгъæл уодзæнцæ».
Нур ба сумах райсетæ хузтæ.
Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.
**Гъ.** Гъæйдæ, косун куд гъæуй, уой туххæй хатдзæг искæнæн.
**С.** Куст зонун гъæуй удта хуарз косун гæуй.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба рагъуди кæнетæ æма зæгъетæ нæ горæт æма республики циуавæр дæснийæдти хæццæ гъæуй адæн.

*Сабийтæ ранимайунцæ дæснийæдтæ.*

**Гъ.** Нур ба фæйнæ къарточки райсетæ. Къарточкитæбæл ци æстъæлфитæ ес, уони ку баеу кæнайтæ, уæд си хузæ рауайдзæй. Райдайетæ архайун.

*Сабийтæ баеу кæнунцæ æстъæлфитæ æма сæ къарточкитæбæл аллихузон предметти хузтæ рауайуй.*

**Гъ.** Ци уæмæ рауадæй æма цæмæн гъæуй?

*Сабийти дуæппитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Гъæйдæ еумæ нæ ацибони кустæн хатдзæг искæнæн. Ка адтайтæ ацибон? (философтæ.) Дæснийæдтæ æма кусти туххæй циуавæр хатдзаг искæнун æнгъезуй? Куститæ сæ еугур дæр хуарз æнцæ? Гъæйдæ, мадта, еумæ зæгъæн гъудиадæ «Еугур куститæ дæр хуарз æнцæ, равзарæ си ду дæр.»

***19-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Спорт»**

**Темæ: «Кæд дæ фæндуй æнæнез ун»**

**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ спорти туххæй, уæдта фæразон æма æнæнез унæн спортæй архайун ке гъæуй, уой. Балæдæрун син кæнун «къомандон» æма «еунæгон» спорти еристи хузтæ.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма гъосдарунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун æнæнез царди уаг кæнунмæ куд тундзонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** тумбæлгæг «Анзи афæнттæ».

**Иуарунмæ:** аллихузон спортæй архайæг адæни хузтæ; аллихузон спорти хузти гъæугæ дзаумæутти (атрибутти) хузтæ (клюшкæ, къозо, лентъæ, штангæ æма æнд.)

## Ахури цуд

*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, уæ зæрди уагæ циуавæр æй? Гъæйдæ еугурæй дæр еумæ кæрæдземæн салам радтæн. Еумæ зæгъæн: Æгас цо!

Нур ба алкедæр æхецæн салам радтæд.

«Æгас цотæ, мæ гогкитæ»– къæрцц, кæрцц, къæрцц (æрдзæф кæнунцæ).

«Æгас цотæ, мæ гæгкитæ» – тъупп, тъупп, тъупп.

«Æгас цотæ, мæ билтæ» – цъæм, цъæм, цъæм.

«Æгас цотæ, мæ дæндæгутæ» – къæсс, къæсс, къæсс.

«Æгас цæуай, мæ минкъий фий» – бипп, бипп, бипп.

«Мæ хуарз æмбал, æгас цæуай! Дæ медбилти мæмæ баходæ!»

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, зонетæ салам дæдгæй кæрæдземæн æрфæ дæр ке фæккæнунцæ, уой. Дзæбæх уо, æнæнез уо, зæгъгæ, цæмæ фæззæгъунцæ кæрæдземæн?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

Æнæнез цæмæй уай, уой туххæй ци кæнун гъæуй?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ. Æрхæстæг сæ кæнун гъæуй ауæхæн гъудимæ – физкультурæ æма спорттæй архайун гъæуй.*

**Гъ.** Рæвдауæндонæмæ ку æрбацæуетæ, уæд сæумæй еумæ ци фæккосетæ? Еуæй еу хатт музики хæццæ, иннæ хæттити ба – æнæ музикæй.

**С.** Сæумон гимнастикæ, физзарядкæ.

**Гъ.** Уæ къохтæ исдарайтæ, хуцаубони сæумæй, уæхемæ, гимнастикæ ка фæккæнуй, етæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Рæвдауæндони ма спортæй кæци рауæн фæййархаетæ?

**С.** Спортивон зали – физкультури ахури усми рæстæг; къуари уати – спортивон къуми; гъазуни рæстæгi ба – гъазæн фæзи.

**Гъ.** Æма спортæй архайун ба кæми æнгъезуй?
**С.** Хæдзари, стадионти, спорти галауанти.
**Гъ.** Сабийтæ, горцъебæл тумбул зилдæй æрбадайтæ æз ба уин радтон дессаги ихæслæвæрд.
*Горцъебæл уæлбун тæбæгъи æвæрд, аллихузон спортæй архайæг адæми хузтæ æма тумбулæг «Анзи афæнттæ».*
**Гъ.** Зæгъайтæ, горцъебæл циуавæр тумбулæг уинетæ?
**С.** «Анзи афæнтти» тумбулæг.
**Гъ.** Нур ба æркæсайтæ спорти хæццæ баст хузтæмæ. Аци хузтæ аллихузон къуæрттæ фæккæнун æнгъезуй, фал мæн фæндуй, цæмæй сæ анзи афæнттæмæ гæсгæ фæкъкъуæрттæ кæнайтæ: зумæгон æма сæрдигонтæбæл.
*Сабийтæ анзи афæнттæмæ гæсгæ æвæрунцæ хузтæ. Ихæслæвæрдбæл косгæй, гъонбæлгæнаг сабийти бафæрсуй, хузтæ аци сектори цæмæ æвæрд цæунцæ, уобæл, удта исбæлвурд кæнунцæ циуавæр спорти хузтæй фæййархайнцæ фæззæг æма уалдзæги.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нуртæккæ сумах дæр уодзинайтæ спортсментæ. Æз дзордзæнæн спорти аллихузон архайгути, сумах ба син сæ архайд уе ’змæлдтитæй æвдесетæ
*Зæгъæн: футболист, теннисист, штангист, гимнаст, хоккеист æма у.и.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба нæуæг ихæслæвæрд. Мæнæ аци хузтæй уи алкедæр райсæд еу æма зæгъæд, циуавæр хузæ райста, уой. Аци хузтæ еумæ куд исхонун æнгъезуй?
**С.** Спортивон атрибуттæ кенæ инвентарь.
*Æрхæстæг сæ кæнун гъæуй аци дзуапмæ, кенæ ба син гъонбæлгæнæг, æхуæдæг, аци лæдæрунадæ байамонæд.*
**Гъ.** Нур ба уи алкедæр зæгъæд, æ атрибут циуавæр спорти хузæмæ хауй, уой.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, сумахæй ба еске спортивон секцимæ цæуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, спорт ма фæууй «еумæуон» (къомандон) æма «еунæгон». Цума уотæ цæмæ хуннунцæ? Циуавæр къомандон спорти хузтæ зонетæ, уони ранимайайтæ.
**С.** Футбол, волейбол, хоккей æма у.и.
**Гъ.** Циуавæр еунæгон спорти хузтæ зонетæ?
**С.** Гимнастика, штангæ, æма æнд.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, æма спортсментæ еристи кæми фæуунцæ, мæнæ кубоктæ æма майдантæ ку рамолунцæ, уæд?
**С.** Олимпиадити, дуйнеон æма европæйаг еристи æма æнд.
**Гъ.** Хуарз! Мах абони дзурдтан спорти æма спортсменти туххæй. Гъæйдæ искæнæн хатдзæг. Зæгъайтæ, спорт айдагъдæр спорсментæн æй?
*Æрхæстæг сæ кæнун гъæуулй мæнæ ауæхæн дзуаппмæ.*
**С.** Нæгъ, спорт спортсменти гъæуй, цæмæй сæ Райгурæн бæсти кадæ бæрзонд кæнонцæ. Адæн æма сувæллæнтти ба спорт гъæуй, цæмæй хъаурæгин, æнæнез æма цæрдæг уонцæ цийфæнди уавæрти дæр.
**Гъ.** Нур ба еумæ зæгъæн, зарядки фæсте, арæх, ци дзурдтæ фæззæгъæн, уони. «Зарядкæй боз ан, не ’нæнездзийнадæ федар уодзæй»!

***20-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»**
**Темæ: «Бæстæ гъæуайгæнгутæ»**
**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ Уæрæсей æфсади туххæй;
– Ахур сæ кæнун æфсæдти хузтæ сæ символтæмæ гæсгæ, хецæн (классификаци) кæнун
– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ.
– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй уарзонцæ Уæрæсей æфсад æма си сæрустæр уонцæ.
**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** асæй фæйнæхузон тумбулæгтæ: æрвхуз, сурх, кæрдæгхуз, бор; предметон æма æфсæдти хузти хæццæ баст къарточкитæ.
**Иуарунмæ:** маркертæ; къарточкитæ æфсæдтон техники хузти хæццæ, сæ уæле ба 1–10-ей уæнгæ цифритæй бæрæггонд æстъæлфитæ (еу къарточкæбæл еунæг хузæ).
**Рагагъонмæ куст**
Сабийти хæццæ рагъазун гъазт «Куд цæретæ».

### Ахури цуд

*Сабийтæ зилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Нæ зæрди æрæфтауæн гъазт «Куд цæретæ?»
– Фунæй куд кæнетæ?
– Цæститæ цъундæ, армитъæпæнтæ ба рости бун;
– Куд рауæлæ уотæ?
– Къохтæ фæрсæрдæмитæ ракæнгæй, нæхе райвазæн;
– Хуæргæ ба куд фæккæнетæ?
– Едугæй мæнæ атæ;
– Тагъд ба куд фæккæнетæ?
– Къохтæ æрæмбуйнитæбæл къæдзтæгонд, къæхтæй ба медбунати мæнæ атæ догъ фæккæнæн;
– Цæугæ ба куд кæнетæ?
– Мæнæ атæ сабургай;
– Заргæ ба куд кæнетæ?
– Мæнæ атæ нæ гъæлæси дзаг;
– Цæргæ ба куд кæнетæ?
– Мæнæ атæ, сабийтæ тумбул къохтæ устур æнгулдзити хæццæ æвдесунцæ.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба горцъебæл æрбадæн. Зæгъайтæ мин, циуавæр планетæбæл цæрæн?
**С.** Планетæ «Зæнхæ»-бæл.
*Гъонбæлгæнæг райсуй устур æрвхуз тумбулæг æма æй горцъебæл æрæвæруй.*
**Гъ.** Зæгъайтæ циуавæр бæсти цæрæн?

**С.** Мах цæрæн Уæрæсей.
**Гъ.** Устур сурх тумбулæг райсуй æма æй æрвхузбæл æрæвæруй. Æма цæргæ ба циуавæр республики кæнæн?
**Гъ.** Зæгъайтæ, циуавæр бæсти цæрæн?
**С.** Республикæ Цæгат Иристо – Аланий.
*Гъонбæлгæнæг минкъий кæрдæгхуз тумбулæг райсуй æма æй сурх тумбулæгбæл æрæвæруй.*
**С.** Дзæуæгигъæуи.
*Гъонбæлгæнæг райсуй кæрдæгхуз тумбулæгæй минкъийдæр бор тумбулæг æма æй кæрдæгхузбæл æрæвæруй.*
**Гъ.** Æркæсайтæ, мæнæ нæмæ ци рауадæй, уомæ. Райдайæн ци горæти цæрæн, уомæй.
**С.** Дзæуæгигъæу æй Цæгат Иристони, е æй Цæгат Иристони сæйраг горæт. Цæгат Иристон ба æй Уæрæсей æма æй Уæрæсей хай. Уæрæсе ба планетæ «Зæнхæ»-бæл æй æма æй планети хай.
**Гъ.** Хуарз! Æма ма Уæрæсей æндæр республитæ дæр ес? Циуавæртæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нæ планетæбæл ба ма æндæр бæститæ ес? Циуавæртæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Æма цума горæттæ, республикитæ бæститæ цæмæй хецæнгонд æнцæ кæрæдземæй?
**С.** Етæ хецæнгонд æнцæ арæнтæй.
**Гъ.** Раст загътайтæ! Рагъуди кæнетæ æма зæгъайтæ арæнти гъæуай кæнун гъæуй æви нæ? Кæд гъо, уæдта кæмæй?
**С.** Арæнтæ арæнгъæуайгæнгутæ гъæуай кæнунцæ æзнæгтæ æма фудгæнæг адæмæй.
**Гъ.** Сабийтæ, комахсæни (феврали) мæйи бабæй адæн циуавæр бæрæгбон бæрæг кæндзæнцæ? Еци бон арфитæ фæккæнунцæ бабатæ, дадатæ удта еугур нæлгоймæгтæн дæр.
**С.** Фидибæстæ гъæуайгæнгути бон.

**Гъ.** Ке бон æй Райгурæн бæстæ гъæуай кæнун, удта æй гъæуама ка гъæуай кæна?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Раст загътайтæ. Æркæсайтæ, цæйбæрцæ хузтæ мæмæ ес, уомæ. Аци хузтæй равзаретæ æфсади хæццæ баст ка æй, уони æма сæ тумбулæги æрæвæретæ.

*Устур уæлбун тæбæгъи аллихузон предметти хузтæ, се ’хсæн æфсæдтонти хæццæ баст хузтæ дæр: уæлдæфон (шлем, кæсæнцæститæ, хуæдтæхæг, вертолет, парашют); деннгизон флотти (якорь, ервæзунгæнæг тумбулæг, æнæкъæзирок къепкæ); зæнхон тухтæ (автомат, каскæ, цулухътæ, танкæ, уæзласæн машийнæ.*

*Сабийтæ архайунцæ, гъонбæлгæнæг сæмæ æ гъос даруй æма син анхос кæнуй.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба радзорæн циуавæр æфсæдтæ нæ гъæуай кæнуй, уони туххæй. Нæ арæнтæ нин ка гъæуай кæнуй?

**С.** Арæнгъæуайгæнгутæ.

**Гъ.** Мадта етæ арæнгъæуайгæнæг æфсæдтæ (пограничные войска) æнцæ.

**Гъ.** Арв æма нæ уæлдæфæй ба ка гъæуай кæнуй?

**С.** Уæлдæфон æфсæдтæ, тæхгутæ (летчиктæ).

**Гъ.** Денгизи æрдæги нæ ка гъуай кæнуй, еци æфсæдтæ ба куд хуннунцæ?

**С.** Денгизон æфсæдтæ. Денгизон флот.

**Гъ.** Мах ма гъæуай кæнунцæ зæнхон æфсæдтæ дæр, хунгæ ба кæнунцæ сорзæнхон æфсад (пехотæ). Мæнæ уин ауæхæн ихæслæвæрд: 4 къуари фæуууотæ, æфсæдтон тухти хузти хузæн æма уи алкедæр равзарæд циуавæр хузтæ имæ хауй, уони.

*Сабийтæ хузтæ æвзарунцæ æма гъонбæлгæнæги хæццæ хатдзæгтæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз бакустайтæ ихæслæвæрдбæл! Зæгъайтæ,

салдæттæ гъæуама цæхæнттæ уонцæ?
**С.** Хъаурæгин, зундгин æма цæрдæг.
**Гъ.** Кизгутти бон дæр æй Æфсади службæ кæнун?
*Сабийти аллихузон дзæппитæ.*
**Гъ.** Æма сæ бон ци куст кæнун æй. Æфсади?
**С.** Медицинон хуæртæй, цæмæй салдæтти дзæбæх кæнонцæ; æфсæдтон скъолати салдæтти хуæруйнаг кæнунбæл ахур кæнун. Сæ бон æй салдæттæ ун дæр.
**Гъ.** Зæгъайтæ, сумахæй ба Æфсадмæ ка цæудзæй? Цæмæ?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хуарз! Нур ба рагъазæн. Гъазт хуннуй «Ма фæррæдуйæ». Ци кæнун гъæуй, уой уин дзордзæнæн æма æй сумах хæццæ кæндзæнæн. Æма сумах ба лæмбунæг кæсетæ æма æрмæстдæр ци дзорон, уой кæнетæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ исхæслæвæрд, зæгъæн: къохтæ – хæрдмæ, гъонбæлгæнæг ба сæ бунмæ æруадзуй; къохтæ – бунмæ, гъонбæлгæнæг ба – хæрдмæ æма у.и.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Лæмбунæг унбæл архайдзинан. Куд гъуди кæнетæ Æфсади хуарз æй æви лæгъуз. Гъæйдæ рагъазæн гъазт «Хуарз – лæгъуз»-æй. Ранимайайтæ, Æфсади «лæгъузæй» цийййес?
**С.** Салдæттæ сæ хæдзæрттæ æма нийййергутæй идард ке æнцæ, тæссаг æма си зин ке æй, раги истун æма си берæ косун ке гъæуй æма у.и.
**Гъ.** «Хуарзæй» ба си цийййес?
**С.** Райгурæн бæстæ гъæуай кæнун, берæ зонун, хъаурæгин æма цæрдæг исун нийййергутæ ни сæрустур куд уонцæ, уотæ æма у.и.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба рагъуди кæнайтæ æма зæгъетæ, цæмæй дуйне сабур уа, тугъд мабал уа, æма арæнтæ гъæуай кæнун мабал гъæуа, уой туххæй ци кæнгæ æй?
**С.** Адæн гъæуама хæларæй цæронцæ, кæрæдзей уарзонцæ, кæрæдзей ма æфхуæронцæ, кæрæдземæн кадæ кæнонцæ.

**Гъ.** Раст загътайтæ! Фал нуртæккæ дуйне бунтон сабур нæма æй æма нæ уомæ гæсгæ гъæуй Æфсад. Нур ба ма уин еу ихæслæвæрд дæдтун. Стъолтæбæл уин ци къарточкитæ ес, уонæн се ’стъæлфитæ цифритæмæ гæсгæ (1…10 уæнгæ) гъæуй баеу кæнун къариндасæй. Раст сæ ку баеу кæнайтæ, уæд уæмæ рауайдзæй æфсæдтон техники хузтæ. Райдайетæ æрхайун.

*Сабийтæ æстъæлфитæ еу кæнунцæ æма къарточкитæбæл исбæрæг унцæ хузтæ, зæгъæн: танкæ, хуæдтæхæг, вертолет, уæзласæн машийнæ æма æнд.*

**Гъ.** Циуавæр транспорт уæмæ рауадæй æма циуавæр æфсади гъæуй?

**1-аг сабий:** Мæнмæ хуæдтæхæг рауадæй. Гъæуй уæлдæфон флоти тæхгути.

**2-аг сабий:** Мæнмæ ба рауадæй танкæ. Гъæуй сорзæнхон æфсæдти.

**3-аг сабий:** Мæнмæ ба уæзласæн машийнæ рауадæй. Аци машийнæ гъæуй арæнгъæуайгæнгути, сорзæнхон æфсæдти, сауæнгæ ма уæлдæфон æма денгизон флотти дæр гъæуй.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ацибон цæй туххæй дзурдтан (Æфсади туххæй). Ци нæ балæдæрдтайтæ? Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй?

***21-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Уалдзæг»**

**Темæ: «Ци кæнæн æнæ уалдзæг»**

**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ уалдзæги туххæй, гъæддаг сирдтæ æма мæргъти царди туххæй, уæдта цардæгас æма æнæуод æрдзи бастдзийнæдти туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ æма æримисунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун æрдзæ куд уарзонцæ æма ’й куд гъæуай кæнонцæ.

**Ærmæг**
**Ævdesunmæ:** морфологон таблицæ «Е кæд фæууй», тумбулæг «Анзи афæнттæ»; хузтæ: хор, зайæгойтæ, минкъий цæрæгойтæ, цæрæгойтæ, адæймаг, деденæг.
**Иуарунмæ:** маркертæ, анзи еугур афæнтти хæццæ баст хузтæ (фулдæр уалдзигæнттæ)
**Рагагъонмæ куст**
Сабийтæн байамонун гъазт «Мудибиндзитæ».

### Ахури цуд

*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, уæ зæрдиуагæ цæхæн æй? Кæрæдзей зæрдитæмæ цотæ? Æма æй, уæд, кæрæдземæн зæгъетæ.
*Алли сабий дæр æ рази лæуæг сабийи къохбæл æрхуæцуй æма ин фæззæгъуй «Мæ зæрдæмæ цæуй…» зæгъæн – дæ зæрдиуагæ, дæ зæрди хатт, дæ медбилти баходт æма у.и. Фиццаг райдайуй гъонбæлгæнæг.*
**Гъ.** Ауæхæн дзубандити фæсте адæймагæн æ зæрдиуагæ зингæ фæххуæздæр уй. Раст нæ зæгъун? Нур ба байгъосетæ ирон поэт Цæгæрати Гигой æмдзæвгæ – бацеу-бацеумæ. Лæмбунæг имæ байгъосетæ, æ фæстаг дзурд ин сумах гъæуама загъайтæ.

Зумæг нæма ’й иронхи,
Фал æй уалдзæг афуй.
Æртавуй хор и хонхи,
Зæрин тунæ уафуй.

> Уорсзæнгæ бæрзи хæццæ
> Радумги кафт – цæрдæг.
> Иссæнцæ хуæр æмхæццæ
> Фæсалæ ’ма кæрдæг.

**Сабийтæ:** Уалдзæг!
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Базудтайтæ æй. Сабийтæ, æма уалдзæг ба ци æй?
**С.** Уалдзæг анзи афонæ æй.

**Гъ.** Циуавæр уалдзигон мæйтæ зонетæ?
**С.** Кæрдæгæзмæлæн (мартъи), хумидайæн (апрель), ханси (маййи) мæйæ.
**Гъ.** Гъæйдæ нур ба рагъазæн гъазт «Хуарз – лæгъуз»-æй. Зæгъайтæ уалдзæги «лæгъуз» ци фæууй?
**С.** Къупбурæй нæбал фæууй цонæгъбæл гуруни фадуат, метин лæг кæнун æма мети къубæрттæй гъазун æма у.и.
**Гъ.** Хуарз ба цæмæй æй уалдзæги?
**С.** Мет æртайуй, æрдзæ æригъал уй, мæргътæ æрбатæхунцæ, гъар хъæпбæлтæ кæнун нæбал фæгъгъæуй.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уæ цæститæбæл рауайун кæнетæ, цума зумæг уалдзæги не ’рбауагъта æма уалдзæг нæ ралæудтæй. Æрдзи читæ цæудзæй æма адæймаг ци фæууодзæй?
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй горцъемæ бахезонцæ.*
**Гъ.** Кæсайтæ, æз уин ци дессаги таблицæ бацæттæ кодтон. Дзæбæх имæ æркæсетæ æма æй багъуди кæнетæ.
*Морфологон таблицæ «Е кæд фæууй», Æвзарунцæ анзи дууæ афони: «Уалдзæг» æма «Зумæг». Сабийтæ схематикон уагбæл таблицæбæл хузтæ кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг фарстати фæрци анхос кæнуй сабийтæн.*

| | Уарунтæ | зайæгойтæ | бон | минкъий цæрæгойтæ | хор |
|---|---|---|---|---|---|
| Зумæг | * * | фунæй кæнунцæ | | фунæй кæнунцæ | * (нæ тавуй) |
| Уалдзæг | * | райгъал унцæ, деденæг æфтаунцæ | | æригъал (æригас) унцæ | * (тавуй, тæвдæ кæнун райдæдта) |

**Гъ.** Хуарз исарæхстайтæ! Зумæг æма уалдзæг рабарстан. Нур ба ардæмæ æркæсæн, айæ циуавæр тумбулæг æй?
**С.** Анзи афонти тумбулæг.

**Гъ.** Аци хузти кæрæй айдагъдæр уалдзæгмæ кæцитæ хаунцæ, уони равзаретæ æма сæ тумбулæги ниввæретæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ сæ архайд лæдæрун кæнгæй.*
**Гъ.** Хуарз. Æрбацæуайтæ фланелеграфи размæ (кенæ магнитон фæйнæгмæ). Нур ба уа цæститæбæл рагъазун кæнетæ, цума уалдзæг нæ ралæудтæй, ци æрцæудзæй уæд æрдзи? Хор ци кæндзæй? (гъонбæлгæнæг хори хузæ æрæвæрруй).
*Гъонбæлгæнæг магнитон фæйнæгбæл æвæруй хузтæ, сабийтæ ба дзорунцæ, æрдзи цитæ цæуй, уони. Багъæуаги син гъонбæлгæнæг сæ дзуæппитæ исраст кæнуй.*
**С.** Хор нæ тавдзæй. Ирд ке нæ кæссæй, уомæ гæсгæ ба уодзæй уазал.
**Гъ.** Æма кæд хор нæ тавдзæй, уæд ци не 'рцæудзæй?
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй зайæгойти хузæ.*
**С.** Зайæгойтæ мети бунæй не сзайдзæнцæ, бæлæстæ къомбох нæ рафтаудзæнцæ, нæ сæбæл уодзæй сифтæ, кæрдæг мети буни байзайдзæй.
**Гъ.** Циуавæр уалдзигон деденгутæ æма зайæгойтæ зонетæ?
**С.** Дзæкъолон, хъумбула, гигинæ æма у.и.
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй биндзити хузтæ.*
**С.** Биндзитæ дæр нæ райгъал уодзæнцæ, уомæн æма уазал æй удта зайæгойтæ дæр нæййе.
*Гъонбæлгæнæг æврæуй мæргъти хузтæ.*
**С.** Мæргътæ гъар бæстæй нæ тæхунцæ, уомæн æма уазал æй уæдта син хуæруйнаг (биндзитæ) дæр нæййес. Астъæнттæ дæр нæ искæндзæнцæ уæдта бæдæлттæ дæр нæ рауадздзæнцæ.
**Гъ.** Уалдзæги нæмæ циуавæр цъеутæ æрбатæхуй?
**С.** Зæрбаткутæ, цъахтæ, къиматæ, борæмæлгъитæ æма æнд.
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй арси хузæ.*
**Гъ.** Уæд цæрæгойти дуйнеййи ба ци æрцæудзæй? (Хузтæй пайда кæнун æнгъезуй, сабийтæ ба дзорунцæ.)

**С.** Арс, узун, хелæгтæ æма хæпситæ не ’ригъал уодзæнцæ; тæрхъос æма æхсæрсæттæг ба сæ гъунти хузтæ нæ раййевдзæнцæ. Тæрхъоси уорс кæрцæ нæ исфунукхуз уодзæй; æхсæрсæттæг ба сурх-морахуз нæ исодзæй фал фунукхузæй байзайдзæнæй.
**Гъ.** Робас æма берæгъ дæр сæ фест нæ ракалдзæнцæ æма сæ зумæгон гъар кæрцити цæудзæнцæ. Æма цума цæрæгойтæн бæдæлттæ фæззиндзæй?
**С.** Нæгъ, уомæн æма цæрæгойтæн уалдзæги фæззиннуй бæдæлттæ, уæд гъар фæуууй уæдта хуæруйнаг гъæуагæ дæр нæ фæуунцæ.
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй адæймаги хузæ.*
**Гъ.** Адæймагæн ба æ царди уагæ раййевдзæй?
**С.** Адæн дæр сæ зуймон гъар хъæпбæлти цæудзæнцæ. Нæ байтаудзæнцæ сæ хумтæ, не ’рзайдзæй рæзæ æма халсартæ. Сæ фарони æвæрæнтæ ку фæууонцæ, уæд син нæугутæ нæ уодзæй æма нæ хуæрдзæнцæ, берæ витаминтæ кæми ес, еци рæзæ æма халсартæ. Хæдзайрон фонсæн ци хуæрун кæндзæнцæ, е дæр сæмæ нæ уодзæй, уомæн æма уонæн гъæуй кæрдæг, хуасæ, хуар.
**Гъ.** Æма уæд сæрдæ ба ралæудзæй?
**С.** Сæрдæ дæр нæ ралæудзæй, уомæн æма е раййевуй уалдзæги, уæдта ма фæззæг дæр нæ уодзæй, уомæн æма е ба – сæрдæ раййевуй.
**Гъ.** Уæ зæрдæмæ цæуй айдагъдæр зумæгон цард кæнун? Цæмæннæ?
**С.** Нæгъ! Уæд нæ уодзæй æртайун, хормæ фæллад уадзун, деденгутæ æмбурд кæнун æма у.и.
**Гъ.** Мæнæн дæр мæ зæрдæ баунгæг æй? Фал нæ амондæн, алци дæр æ рæстæги æрцæуй. Анзи афæнттæ дæр кæрæдзей æййевдзæнцæ, æрдзæ дæр райгъал уодзæй, мудибиндзитæ дæр æрбатæхдзæнцæ деденгутæй муд æмбурд кæнунмæ. Уæ цæститæбæл рагъазун кæнетæ, цумæ мудибиндзитæ

айтæ. Изæрæй æрæмбурд æйтæ еу минкъий æрдози æма бафунæй айтæ.

*Сабийтæ дзодздзæги æрбадунцæ æма сæ цæститæ ницъцъундæ кæнунцæ.*

Сæумæй ба…

*Гъонбæлгæнæг кæсуй æмдзæвгæ, сабийтæ ба æмдзæвги дзурдтæмæ гæсгæ æзмæлунцæ.*

Сæумæ мудибиндзитæ райгъал æнцæ,
Сæхе райвазгæй, баходунцæ,
Сæхе æртæхи рахсунцæ,
Æрзелунцæ зелдогътæ,
Æрбадунцæ сабургай.
*(1–2 хатти æй ракæнунцæ).*

Раистунцæ æма сæ цæститæ расæрфунцæ.
Баходунцæ æма сæ иуæнгтæ райвазунцæ
«Сæхе нихснунцæ»
зелдох кæнунцæ.
æргубур кæнунцæ æма ъ æрбадунцæ.
«Тæхунцæ æма дув-дув кæнунуцæ».

**Гъ.** Дзæбæх мудибиндзитæ адтайтæ. Нур ба рагъуди кæнетæ æма зæгъетæ, зæрбатуг халони цæбæл бафæрсидæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

Æма уæд берæгъ ба уалдзæги арси цæмæй бафæрсидæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ацибон мах ци базудтан? Ци нæ балæдæрдтайтæ? Гъæйдæ мадта, нæ ахури усми кæрон уалдзигон дзурдтæй искæнæн рæхис, цæмæй уалдзæг махæй ма рандæуа.

*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ, кæрæдземæ деденæг дæдтгæй си алкедæр «уалдзигон» дзурд зæгъуй.*

***22-аг ахури усмæ***

**Еумæйаг темæ: «Уалдзæг»**

**Темæ: «Уалдзигон куститæ»**

**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти

зонундзийнæдтæ адæни уалдзигон кустити туххæй: будурти, хумти, дзæхæрадæнтти, рæзбунти, паркти.

Предметти æхсæн асоциативон æма ситуативон бастдзийнади æуууæлтæ бæлвурддæр кæнун, урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ алфанбулай дуйней туххæй.

– Гъонбæл сæ кæнун будури хумтæ, дзæхæрадæнттæ æма рæзбунти уалдзигон куститæ ка кæнуй, уони кустæн аргъ кæнунбæл.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** магнитон фæйнæг (кенæ æрмæгæвдесæн фæйнæг); хузти фæлуститæ: бел, пахса, дзæкъолон, трактор, бæласæ (æндæр хузтæ дæр æнгъезуй, фал гъæуама ихæслæвæрди медесмæ гæсгæ уонцæ), системон оператор.

**Иуарунмæ:** «Уалдзæг»-и темæмæ гæсгæ сюжетон хузтæ, кæцити æвдист цæуй будури, парки, дзæхæрадони æма рæзбуни куститæ. Цъæх гъæдиндзæ, фидхуасæ æма басгæрдæги (петрушки) муггæгтæ тауæн фæрæзнитæ.

## Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилд лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ базонайтæ аци бацеу-бацеу.

Изолмæ игъусунцæ,<br>Мæргъти цъæхснаг гъæлæстæ.<br>Думги хæццæ гъазунцæ,<br>Рæзæдæттæг бæлæстæ.

*(Уалдзæг)*

**Гъ.** Раст загътайтæ. Уалдзæги ралæуд адæнæн куд æхцæуæн фæууй, уой равдесайтæ. Нæхе хормæ тавæн, куд æхцæуæн нин æй, уой равдесайтæ.

**Гъ.** Хуарз, нур ба уин бафæлварон уæ гъосдард æма лæмбунæгдзийнадæ. Зæгъайтæ, уалдзæгмæ ка хауй, уæхæн дзурдтæ цæйбæрцæ зонетæ.

**С.** Къанау, дзæкъолон, итаун, къомбох, нæрсун æма у.и.

**Гъ.** Сабийтæ, мах абони гъæуама исбæлвурд кæнæн, адæни уалдзигон куститæ.

*Сабийтæ хузтæ райсунцæ. Хузти ци уинунцæ, уони дзорунцæ. Уой фæсте гъонбæлгæнæг сабийти магнитон фæйнæги размæ æрбакæнуй.*

**Гъ.** Нур ба уин ихæслæвæрд. Фæйнæгбæл ци аллихузон предметтæ ес, уони нæмттæ зæгъайтæ. Нур ба лæмбунæг игъосетæ ихæслæвæрдмæ: Æз дзордзæнæн дзурдтæ, сумах ба дзордзинайтæ дзурдтæмæ ци хузтæ хауй, уони.

*Гъонбæлгæнæг дзоруй: будур, гъæдæ, игуæрдæн, дзæхæрадонæ, бæласæ. Фæйнæгбæл ба хузтæ: бел, пахса,* дзæкъолон, бæласæ, кæрдæг, сифтæ, трактор. Сабийтæ алли дзурдæн дæр æ хузи ном фæззæгъунцæ.

Зæгъæн: дзæхæрадонæ – бел, будур – трактор æма у.и.)

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба ци дзурд зæгъон, уомæ гъæуама гъæугæ дзурд иссерайтæ.

Сабийтæ, къахгæ ци фæккæнунцæ?

**С.** Зæнхæ.

**Гъ.** Фæлмæн ба ци фæккæнунцæ?

**С.** Дзæхæрадони зæнхæ, татха.

**Гъ.** Гъæцæнтæ цæбæл фæккæнунцæ?

**С.** Хумзæнхæбæл.

**Гъ.** Аразгæ (садзгæ) ци фæккæнунцæ?

**С.** Муггæгтæ.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба радзубанди кæнæн мæнæ ауæхæн фарстабæл: уалдзæги адæн бæлæстæ, къотæртæ æма дæденгутæ садзунмæ цæмæ фæттагъд кæнунцæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Къолхозонтæ будурти тракторбæл цæмæ фæккосунцæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Адæн дзæхæрадæнттæ æма татхати муггæгтæ цæмæ ниссадзунцæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ. Сабийтæ раст ку нæ*

*дзоронцæ, уæд сæ гъонбæлгæнæг исраст кæнуй.*

**Гъ.** Хуарз. Нур ба æркæсæн нæ дессаги экранмæ æма фæййинæн, бæласи царди фæндæгтæ.

*Системон оператори хæццæ куст. Тъафæ 9 хаййи гонд. Астæуй бæласи хузæ. Идарддæр дзоргæй, кенæ ба экрани алли хаййæн дæр хузти фæрци архайун æнгъезуй.*

| | | |
|---|---|---|
| * * 6 | гъæдæ, парк рæзбун 3 | 9 |
| 4 | бæласæ 1 | 7 |
| 5 | 2 | 8 |

**Контролон фарстатæ:**

1. Айæ ци æй? Бæласи бон ци æй?

2. Циуавæр хæйттæй арæзт æй? (Едагæ, зæнгæ, къалеутæ). Цæмæн æй гъæунцæ аци хæйттæ?

3. Кæми фæууинун æнгъезуй бæласæ? (гъæди, парки, раз-буни). Ка æнцæ е ’мбæлттæ? Цæмæй ирæза, уой туххæй æй ци гъæуй?

4. Раздæр цæхæн адтæй? Кæцæй фæззиндтæй?

5. Циуавæр хæйттæ ин адтæй? (Минкъий едагæ, æвзар, минкъий сифтæ.)

6. Куд фæззиндтæй? Цæмæй устур æма хъаурæгин исуа, уой туххæй ци гъæуй?

7. Бæласæ æ исон-бонмæ куд раййевдзæй? Ци си рауайдзæй?

8. Æ хæйттæ куд раййевдзæнцæ? (Æ зæнгæбæл фæззиндзæй гъуна, æ къалеутæ бахускъæ уодзæнцæ æма у.и.)

9. Æрдзæбæл куд исбæрæг уодзæй? «Хуарз» кæмæн уодзæй? (Нæуæг бæлæстæмæ рохс фулдæр хъæртдзæй, цæрдзæнæнцæ си аллихузон цæрæгойтæ: хъæбузатæ, золкъитæ, æхсæрсæттæгутæ, цъеутæ; «Лæгъуз» ба цæмæй уодзæй? (Уæлдæфи кислород кæдзосгонд нæ цæудзæй.)

**Гъ.** Искæнæн хатдзæг. Бæласæ (æвзарæ, деденæг æма у.и.) цæмæй ирæза, уой туххæй æй гъæуй: гъар, рохс, дон,

уæлдæф, ахедгун бауæргъæдтæ (питательные вещества). Уомæ гæсгæ, бæласæ уалдзаги «æригъал» уй.

*Райсун æнгъезуй бæласæ нæ, фал æндæр зайæгой дæр, зæгъæн пъамидор, финддæс боней болгæ, фæткъубæласæ æма у.и. Сабийти активон архайдмæ гæсгæ уæдта растæг куд амона уомæ гæсгæ, æнгъезуй 9 экранемæй равзарун 5. Уой фæсте, уæгъдæ рæстæги ба иннæ экрантæмæ æркæсун æнгъеззæй.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ нур ба мах еумæ ниссадздзинан рагагъон халсартæ æма зайæгхалтæ.

*Рагацау зæнхи сау мæри хæццæ ци тас бацæттæ кодтонцæ, уоми сабийтæ садзунцæ: фидхуасæ, басгæрдæг, гъæдиндзæ, финддæс боней болгæ, æпхæ æма æнд.*

**Гъ.** Хуарз байархайдтайтæ аци ихæслæвæрдбæл дæр. Нур ба æнгъæлмæ кæсдзинан, кæд исæвзурдзæнцæ, уомæ. Цæмæй тиллæг хуæздæр æрзайа, уой туххæй ци кæнун гъæуй?

**С.** Зæнхæ фæлмæн кæнун, уæдта æвзартæбæл дон кæнун.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ацибон куд архайдтайтæ, е мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Сумах зæрдæмæ ба ци фæццудæй?

***23-аг ахури усмæ***

**Темæ: «Тасдзийнадæмæ гъосдард»**

**Темæ: «Тергади кæнтæ,– зинг»**

**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ сугъдæрцуди туххæй;

– Ирæзун кæнун сабийти гъудикæнунадæ æма гъосдарунадæ.

– Сабийти гъонбæл кæнун зингхуссункæнæги дæснийадæн аргъ куд кæнонцæ удта багъæуаги ба сæхе бон дæр зинг ниххуссун кæнун куд уа.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** Сугъдæрцуди тематикон плакаттæ.

Ærmægævdesæn фæйнæг, хузтæ: спичкитæ, арт, зингхуссунгæнæн машийнæ; 2 тумбулæги: бор æма кæрдæгхуз; аллихузон уавæртæ æведесæг хузтæ æма еци хузтæмæ архайд æвдесæг хузтæ.

**Иуарунмæ:** алли сабиййæн дæр сигналон къарточкæ: еуæрдæги кæрдæгхуз, иннердæгæй ба – сурх.

**Рагагъонмæ куст**

Бакæсун С. Маршакки уадзимистæ «Пожар» æма «Рассказ о неизвестном герое». О.Иоселианий уадзимис «Пажарная команда»,

## Ахури цуд

*Сабийтæ æрмæгæвдесæн фæйнæги рази къæлæтзилдæй лæуунцæ. Сæ рази минкъий стъолæбæл ба хузтæ: спичкитæ, арт (зинг), зингхуссунгæнæн машийнæ æма 2–3 æндæр (цийфæнди) хузи.*

**Гъ.** Сабийтæ, бацеу-бацеутæ уарзетæ? Нуртæккæ уæ бавзардзæнæн. Æз уин бацеу-бацеутæ кæндзæн, сумах ба син сæ дзуæппитæ хузти гъæуама иссерайтæ æма сæ амонæн фæйнæгбæл æрæвæрайтæ. Уой фæсте ба еци хузтæмæ гæсгæ уæхуæдтæ гъæуама базонайтæ, ацибон цæй туххæй дзордзинан, уой. Цæттæ айтæ?

1. Тар хæдзари, æнгонæй,
Берæ хуæртæ цæруй.
Алке бон дæр си æй,
еу хирриттæй иссодзун.

*(Спичкитæ)*

2. Гиризгæнгæ, гъазгæ-ходгæй,
Хъуæцæ кæнунтæ райдайуй.
Тавун содзун ку байдайуæ,
Уорамæн ин нæбал фæууй.

*(Арт)*

3. Цъæх цæститæ никъолгæ,
тæхуй, уасуй – над коргæ.

Артмæ тундзуй æдарстæй,
Зинг æ финкæй рхустæй. *(Зингхуссунгæнæн машийнæ)*
**Гъ.** Абони цæбæл дзордзинан?
**С.** Мах дзордзинан зинги туххæй, сугъдæ кутемæй æрцæуй æма зингхуссунгæнгути туххæй.
**Гъ.** Сабийтæ, зæгъайтæ зинг «хуарз» æй æви «лæгъуз». *Сабийтæ фиццаг дзорунцæ «хуарз» зæгъæн, гъар дæдтуй, рохс, хуæруйнаг ибæл исфицæн.*
**С.** Хæдзарæ гъар даруй, хуæруйнаг ибæл исфицунцæ. Раздæр ба æзнагæй тæссаг ку уидæ, уæд мæсуги медæгæ арт иссодзионцæ æма хабар уотемæй иннæ гъæутæмæ фегъосун кæниуонцæ.
**Гъ.** Æнæ спичкитæй ба арт кутемæй ес иссодзун?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æма уæд «лæгъуз» ба цæмæ æй зинг?
**С.** Зинг содзгæ кæнуй, басодзуй дзаумæуттæ, хæдзæрттæ, гъæдæ, цæрæг æрдзæ.
**Гъ.** Куд загътан, уотемæ зинг «зæрдæхæлар» дæр æма «мæстгун» дæр фæууй. Æма цума мæстгун ба цæмæ исуй зинг? Ке фудæй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нуртæкки мах рагъаздзинан гъазт «Æнгъезуй – не ’нгъезуй»-æй. Райсетæ фæйнæ сигналон къарточки. Куд гъуди кæнетæ, «ци æнгъезуй», уой циуавæр къарточкæй бæрæг кæнгæ æй? (кæрдæгхуз); ци не ’нгъезуй, уой ба? (сурхæй). Æз дзордзæн сугъдæ не ’рцæуни домæнтæ, сумах ба къарточки гъæугæ хузæ æвдессинайтæ. Цæттæ айтæ?
– Сугъдæ ку æрцæуа, уæд иннæ уатмæ ледзгæй, хæдзари дзаумæутти буни рамæхсун гъæуй.
– Содзгæ спичкæ гæлдзгæ æй.
– Сугъдæ ку æрцæуа, уæд фæффæдес кæнун гъæуй.
– Спичкитæй гъазун.
– Сугъдæ ку æрцæуа уæд æ ниххусун мадзæлттæй архайун.

– Туй кенæ цайдан токбæл æфтудæй ниууадзун.
– Зингхуссунгæнгутæмæ фæдздзорун
– Сабийтæн пец иссодзун
– Цæмæй хъуæци ма фенод уонцæ, уой туххæй уомæл къохмæрзæнæй фий æма гъæлæс нихгæнун.
*Багъæуаги цит гъонбæлгæнæг фенхус кæнæд сабийтæн.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уин зиндæр ихæслæвæрд ратдзæнæн. Мæнæ аци дууæ тумбæлæгеми ес хузтæ. Кæрдæгхуз тумбæлæги ес фарстатæ, бори ба – дзуæппитæ. Алкедæр уи райсæд кæрдæгхуз тумбулæгæй хузæ (фарста) æма ин бор тумбулæги ба æ дзуапп – хузæ иссерæд.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæввæрд, сæ æвзурст «хузтæ» дзуæппитæ балæдæрун кæнгæй.*

| Уавæр: | Дзуæппитæ |
|---|---|
| Арт иссугъдæй | телефонæй «01»-мæ дзорæ |
| Телевизор исхъуæцæ кодта | телевизор ниххуссун кæнæ. |
| Дæ уæлебæл дарæс содзуй | Гъæддзолæй æй фенод кæнæ. |
| Дæ уат хъуæцæй байдзагæй æма дæ бон уолæфун нæбæл æй. | Дуари æрдæмæ пъолбæл дæ губунбæл рабурæ. |
| Хъуæци дин зин уолæфун æй. | Фийбæл уомæл къохмæрзæн (пъæсту) бакæнæ æма уотемæй уолæфæ. |

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба куд къæрцгъос айтæ, уой исбæрæг кæнæн. Æз уæмæ фарстатæ дæтдзæн, сумах ба еумæ гъæуама дзуапп дæдтайтæ «Е æз дæн, е æз дæн,– етæ еугурдæр мах ан». Фал лæмбунæг игъосетæ, еугур фарстатæн дæр ауæхæн дзуапп дæтдун гъæудзæй.
– Сугъди æсмаг базонгæй, ка фегъосун кæнуй?
– Сумахæй, хъуæцæ фæййингæй, ка нигъгъар кодта «содзæн»,– зæгъгæ!
– Сæумæ уа, рæфтæ кенæ изæр ка уи гъазуй зингæй?

– Уати медæгæ гази æсмаг балæдæргæй ка фегон кæнуй дуар æма къæрæзгитæ?
– Минкъий сабийтæй спичкитæ ка баримæхсуй?
– Æрттитæ ка нæ фæккæнуй æма иннети дæр ка нæ фæуудзуй?
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Аци ихæслæвæрд дæр исæнхæст кодтайтæ. Нур ба лæмбунæг плакатмæ æрбакæсайтæ æма зæгъайтæ, адæни зингæй ка гъæуай кæнуй?
*Сабийтæ сæхе хæстæгдæр баесунцæ зингхуссунгæнгути плакаттæмæ.*
**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, зингхуссунгæнгутæбæл цæхæн уæледарæс ес? Æма уотæ арæзт цæмæ æнцæ?
*Сабийтæ сæ гъудитæ дзорунцæ. Гъонбæлгæнæг син анхос кæнуй, цæмæй æрхæстæг уонцæ мæнæ ауæхæн гъудимæ: ес сæбæл сæрмагонд дарæс, сæ сæртæбæл – шлемтæ, уолæфунмæ – аппараттæ, сæ къохтæбæл – къохæрходтæ, сæ къæхтæбæл ба – цулухътæ.*
**Гъ.** Зинг кæми иссодзуй, уордæмæ зингхуссунгæнгутæ циуавæр транспортбæл бахъæртунцæ?
**С.** Зингхуссунгæнæн машийнæбæл.
**Гъ.** Арт ба цæмæй никхуссун кæнунцæ?
**С.** Шлæнгти дон кенæ финкæй фæххуссун кæнунцæ арт.
**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, зингхуссунгæнæги дæснийадæ тæссаг æй æви нæ? Адæми ба гъæуй?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Циуавæр гъæуама уонцæ зингхуссунгæнгутæ?
**С.** Хъаурæгин, æнæнез, æндеуагæ, зундгин, зæрдæхæлар æма фæразон.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Ацибон цæбæл дзурдтан? Нæ ахуыри усми кæрон нæ зæрди æрæфтауæн цæй фудæй æрцæуй сугъдæ æма ци не ’нгъезуй кæнун. Гъазт хуннуй «Гъæугæ дзурд зæгъæ».
1. Хдзарй цугй нихххуссун кн ... (туй, рохсит).

2. Хъуц фуунгӣ, телефонӣ бадзор мн аци номербл ... (01).
3. Сувллнтт гъуам ма гъазонц ... (спичкитӣ).

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур сумах базудтайтæ, арт кутемæй иссодзуй æма ци кæнгæ æй, цæмæй ма иссодза, уой туххæй. Артæй хе гъæуай кæнуни зонундзийнæдтæ уе 'мбæлттæн дæр байамонетæ.

*24-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Зундгин машинттæ»**

**Темæ: «Нæ анхусгæнгутæ» («Зундгин машинттæ»)**

**Нисан:** – Исбæлвурд æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ царди медæгæ гъæугæ аллихузон техники туххæй, кæци адæймаги къох рæуæгдæр кæнуй.

– Ирæзун кæнун сабийти æримисунадæ фантази. Ахур сæ кæнун уæхæн нæуæг косæн дзаумæуттæ (прибортæ) æргъуди кæнунбæл, кæцитæн уа нæуæг функцитæ.

– Гъонбæл сæ кæнун адæймаг ци дзаумæуттæй архайа, уонæбæл куд ауодонцæ. Сæ гъос син æрдарун гъæуй еци техникæ адæймаг ке æргъуди кодта æма æ фæххуæздæр кæнун дæр æхемæ ке кæсуй, уомæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** хузти сериаци, кæцитæй равзарун гъæуй техникон фæразнити хузтæ; тæли; хузти хæццæ къарточкитæ:

а) миксер; фидкæрдæн, кофиинсæн;
б) къофифицæн, самовар, электроцайдан;
в) ругцъиræн, хъæпбæлæхснæн машийнæ;
г) фен, къохмæрзæн;
д) цъилин, щеткæ;

æрмæгæвдесæн фæйнæг; 3 хатæнон таблицæ.

**Иуарунмæ:** сæ гъудимæ гæсгæ æнкъæйттæконд къарточкитæ; цъилин – ругцъиræн, тас – хъæпбæлæхснæн машийнæ, содзийнæ – хуйæн машинæ, хори сахат – электрон сахат, пец – гази пец, уæрдун – машийнæ, бæлæгъ

(лодка) – пароход, нимайæн къæбæлтæ – калькулятор кенæ компьютер æма у.и.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, уæ зæрдиуагæ циуавæр æй? Еугуремæй фулдæр ба ци кæнун уарзетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*

Æма гъуди кæнун ба уарзетæ?
Æма цума е ци æй – «гъуди кæнун»?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хуарз! Ацибон мах кæрæдземæн равдесдзинан, гъуди кæнун куд зонæн, уой! Уой фæдбæл уин мæнæ мæ фиццаг ихæслæвæрд, зæгъайтæ æма уæ зæрди æрæфтауайтæ ци æй «техникæ», уой?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ. Зæгъæн техникæ æй берæ аллихузон косæн дзаумæуттæ прибортæ, механизмтæ, кæцитæ адæймагæн, царди медæгæ, анхос æнцæ.*
**Гъ.** Раст айтæ! Æма цума еци техникæ ка æргъуди кодта æма æй ка исаразта? Зæгъайтæ сæ.
**С.** Адæймаг æхуæдæг, ахургæндтæ, мастертæ æма инженертæ.
**Гъ.** Нур ба æркæсайтæ горцъебæл уæмæ ци хузти кæрæ кæсуй, уомæ. Еци хузтæй техникæмæ кæцитæ хауй, уони рахецæн кæнетæ æма сæ тæлий хурфи ниввæретæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд. Гъонбæлгæнæг сæмæ е 'нгæс даруй, багъæуаги ба син предметти нæмттæ дæр фæззæгъуй.*
**Гъ.** Хуарз. Нур ба байгъосетæ бацеу-бацеутæмæ æма син сæ дзуæппитæ хузти медæгæ иссеретæ.
Къæхтæбæл хæдзарæ,
Астæуæй – къæразæ.
Сæумæй изæрмæ,
Æвдесуй кинотæ. *(Телнвизор)*

Хætæлфий æфсæнбæх,
Нæ бугътæ цъируй.

*(Ругцъирæн)*

Сæрдæй зумæгæй,
Халас – æвæрдæй.

*(Уазалгæнæг, холодильник)*

*Сабийтæ, сæхуæдтæ, предметти минеугутæ зæгъгæй, сæ бон æй кæрæдземæн бацеу-бацеутæ кæнун.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз исæнхæст кодтайтæ ихæслæвæрд. Нур ба рагъуди кæнетæ æма зæгъетæ, еуæй-еу прибортæ æма машинттæ цæмæ хуннунцæ элекрон?

**С.** Уомæн æма етæ косунцæ электрон токкæй.

**Гъ.** Нур ба уи алкедæр райсæд фæйнæ хузи. Уæ цæститæбæл рагъазун кæнетæ, цума ци хузтæ райстайтæ, уæхæн прибортæ фестадайтæ, уой. Нур уи алкедæр зæгъæд, цæмæн гъæуй? Æнæ сумахæй ес цæрæн? Цæхæн предметтæбæл уæ æнгъезуй баййевун?

*Сабийти дзуæппитæ. Зæгъæн, æз дæн уазалгæнæн. Хæдзари гъæун, цæмæй хуæруйнæгтæ ма лагъуз кæнонцæ. Хуæруйнæгтæ ма, мæ бæсти, æвæрун æнгъезуй уæрми кенæ уазал дони дæр, фал сæ куст фулдæр уогæй, хуæруйнæгтæн ба хуæздæр нæ уодзæй.*

**Гъ.** Хуарз. Нур ба лæмбунæг кæсетæ æма гъуди кæнетæ нæуæг ихæслæвæрдбæл. Æрмæгæвдесæн фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæууайтæ. Сумах гъæуама, лæвæрд предметтæн, сæ еумæйаг минеуæг зæгъайтæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл хузтæ райвæруй. Аци ихæслæвæрд æнгъезуй дзоргæй (æнæ хузтæй) дæр кæнун.*

а) фидгæрдæн,  миксер, кофиинсæн;
(фæрзеу листæг кæнунцæ)
æ) электроцайдан, къофифицæн, самовар.
(тæвдæ цумуйнаг сæбæл цæттæ кæнун æнгъезуй)

б) хъæпбæлæхснæн машийнæ, ругцъирæн.

(хæдзари куститæ рæуæгдæр кæнунцæ)

в) фен, къохмæрзæн

(дзигкотæ сор кæнунцæ)

г) цъилин, щеткæ, ругцъирæн

(æфснайуни куститæ рæуæгдæр кæнунцæ)

**Гъ.** Сабийтæ, еу ахургонд архайдта æ куст фæррæуæгдæр кæнунмæ зундгин машийнæ æргъуди кæнун. Æма циуавæр машийнæ æргъуди кодта, уой нуртæкка мах еумæ исбæрæг кæндзинан.

Райсетæ фæйнæ къарточки, лæмбунæг сæмæ æркæсетæ æма мæнæ аци хузти æхсæнæй уæ къарточкитæн æнкъæйттæ иссеретæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнуцæ ихæслæвæрд. Гъонбæлгæнæг ба сæмæ æнгæс даргæй еу 4–5 сабийéй бафæрсуй. Зæгъæн. Цъилин–ругцъирæн, тас – хъæпбæлæхснæн машийнæ, содзийнæ – хуйæн машийнæ, пец – гази пец, уæрдун – хуæдтолгæ машийнæ, нимайæн къæбæлтæ (счеты) – компьютер кенæ калькулятор æма у.и.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба нæхуæдта дæр уодзинан минкъий ахургæндтæ æма æргъуди кæндзинан нæуæг техникон фæразнитæ. Уой туххæй исараздзинан таблицæ.

| | |
|---|---|
| I | электрон прибортæ: туй, ругцъирæн, цирагъ, фен |
| II | радио прибортæ: телевизор, радио, магнитофон, видеомагнитофон, приемник |
| III | электрон дзаумæуттæ: хуйæн машийнæ, гази пец, фидкæрдæн, телефон, компьютер |

*Дууæ хатæнемæй ист, дууæ приборемæй, рауайуй нæуæг машийнæ, нæуæг минеугути хæццæ. Зæгъæн: баеу кæнæ телевизор æма гази пец. Маддæлтæн си рауайдзæй æнцон архайæн прибор. Духовки бæсти экран æма тагъд музыкæ, уотемæй рæфтад тагъд рацæттæ уодзæй. «Прибори»*

*кино ку цæуа, удта газ сабургай цæудзæй æма хуæруйнæг æрæгæмæ исцæттæ уодзæй. Нæ нæуæг прибормæ гъæндзийнæдтæ ба ес?*

**Гъ.** Алцидæр нин хуарз рауадæй, фал нæ ахури усмæ кæронмæ æрхъæрттæй. Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Зин уæмæ ци фæккастæй? Æма нæ ахури аци усмæ ку фæуууæ, уæд ма гъуди кæнун зондзинан?

### *25-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Космос»**

**Темæ: «Космонавтики музейбæл балци»**

**Нисан:** – Сабийтæн Космос, Зæнхæ æма Мæйи туххæй радтун лæдæрунади фиццаг зонундзийнæдтæ.

– Ирæзун кæнун сабийти æримисунадæ, логикон гъудикæнунадæ, хатдзæгтæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй нæуæг зонундзийнæдтæмæ цæмæдес уонцæ.

**Æрмæг**

**Иуарунмæ:** иллюстрацитæ, хузтæ: стъалугин авр, планетæ, Зæнхæ, Мæйæ, космосон музыкæ магнитофони лентъæбæл финст.

**Иуарунмæ:** гæгъæдий тъафæ; бор, сурх æма æрвуз къариндæстæ кенæ ба 1 ватман æма бор, сурх, æрвхуз маркертæ.

**Рагагъонмæ куст**

Æркæсун «Планетити» иллюстрацимæ; сабийтæн бакæсун аргъау «Веселая семейка». Цардæй Дуйнети – дуйней æнгон бийнонтæ – Хори системæ. Сæ мадæ хуннуй Хор, æ сабийтæ ба – планетитæ. Цъеутæ карки аливарс куд фæззелунцæ, уотæ планетитæ дæр зелдогъ кæнунцæ Хори алливарс. Хор сæ еугурей дæр уарзуй æма сæ гъар тавуй. Сæ еугуремæй цæрдæгдæр биццеу хуннуй Мерку- рий, еугуремæй рæсугъддæр кизгæ ба – Венерæ, тæккæ

зæрдæхæлардæр ба æй – Зæнхæ. Сæ хилкъахæгдæр ба æй – Марс. Тæккæ устурдæр æма туппурдæр ба хуннуй – Юпитер. Уран æма Нептун ба æнцæ хъаурæгин æма ездон. Сатурн ба æй игъæлдзæг. Сæ еугуремæй минкъийдæр æма кæуагæ дæр ба æй Плутон. Планетитæн ес æмбæлттæ – спутниктæ. Зæгъæн, Зæнхи хуæздæр æмбал æй Мæйæ. Етæ кæрæдземæй некæд цох кæнунцæ. Мæйæ æ бор сарафани æнонси дæр зæнхи алфанбулай зелдогъ кæнуй, æ цæститæмæ дæр ин арæх бакæсуй. Æнæ хæлардзийнадæй хъæбæр зин æй космоси.

### Ахури цуд

*Сабийтæ тумбулзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, гъæйдæ кæрæдземæн салам радтæн, æрмæст алкедæр фæйнæ хузи.

*Сабийтæ кезугай, æ фарсмæ лæууæгмæ разелгæй, кæрæдземæн салам дæдтунцæ: æгас цо, салам, дæ уинд мин æхцæуæн æй æма у.и.*

**Гъ.** Нур ба бацеу-бацеутæ базонайтæ:
Бони рохсмæ нæ зиннунцæ,
Æхсæвæ ба æрттевунцæ.

**С.** Стъалутæ.

**Гъ.** Æма стъалутæ ци æнцæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Стъалутæ æнцæ сурхзинг газон шартæ. Хузæй дæр æма асæй дæр æнцæ аллихузæнттæ. Фал арвæй махмæ зиннунцæ æрттевагæ æстъæлфити хузæн. Цумæ цæмæ гæсгæ?

**С.** Уомæн æма махæй хъæбæр идард æнцæ.

**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, космос ба ци æй?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Космос æй устур бийнонти хæдзарæ. Еци бийнонтæмæ хаунцæ хор æма планетитæ сæ хæццæ мах зæнхæ дæр. Æз уæ ацибон хонун Космоси сосæгдзийнæдтæ базонунмæ балций. Арази айтæ? Космосмæ балций кутемæй цæугæ æй?

**С.** Космосон науæбæл, космосон станций кенæ ракъетæбæл.
*Сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ уæд сæ гъонбæлгæнæг æрхæстæг кæнуй дзуапмæ.*
**Гъ.** Космосмæ алке бон дæр æй фæттæхун?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Космосмæ ка фæттæхуй, еци адæни куд хонунцæ?
**С.** Космонавттæ.
**Гъ.** Космонавт гъæуама цæхæн уа?
**С.** Хъаурæгин, æнæнез, зундгин æма бæгъатæр.
**Гъ.** Раст айтæ, гъæуама берæ зона æма алцæмæ дæр арæхса. Мæнмæ гæсгæ нин æнæ сæрмагондæй бацæттæ гæнгæй хъæбæр зин уодзæй космоси. Æма уомæ гæсгæ мах бацæун гъæуй космонавтики музеймæ. Табуафси, мæ фæсте рацотæ.
*Къуари уати еу хай Музейи хузи фæлуст æй: космосон теми хæццæ баст хузтæ, стъалигун арв, планетитæ, Зæнхæ æма Мæйæн хецæн глобус.*
**Гъ.** Сабийтæ, мæнæ айæ ци æй?
**С.** Глобус.
**Гъ.** Æма глобус ба ци æй?
**С.** Глобус зæнхи къорей модель æй.
**Гъ.** Глобуси конд цæхæн æй?
**С.** Тумбул.
**Гъ.** Планетæ Зæнхæ ба?
**С.** Е дæр тумбул.
**Гъ.** Космоси цидæриддæр планетитæ ес, етæ дæр тумбултæ æнцæ. Сæхе уæзи рæуаги космоси истумбул унцæ.
*Гъонбæлгæнæг сабийти бахонуй планетити хузæмæ.*
**Гъ.** Ци уинетæ аци хузи?
**С.** Хори алливарс уинæн аллихузон планетитæ.
**Гъ.** Гъæйдæ банимайæн, цума хори системи цал планети ес.
**С.** Фараст.

**Гъ.** Раст загътайтæ, планетитæ æнцæ 9 æма син хъæбæр рæсугъд нæмттæ ес: Меркурий, Венерæ, Земля (Зæнхæ), Марс, Юпитер, Сатурн, Уран, Нептун, Плутон. Алли поланетæ дæр цæуй (зелуй) æхе фæндагбæл – орбитæбæл. Ауæхæн фæткæвæрд ес Космоси. Нæ планетæ – Зæнхæ иннæ планетитæй цæмæй хецæн кæнуй?

**С.** Æй рæсугъд, ирд, æрвхуз.

**Гъ.** Сабийтæ, æма æрвхуз цæмæ æй?

**С.** Уомæн æма зæнхи цъарæн æ фулдæр æхгæд æй дæнттæй: денгизтæ, океантæ, цадтæ æма цæугæдæнттæй.

**Гъ.** Донæй уæлдæй ма зæнхи цъарæбæл цитæ ес?

**С.** Хуæнхтæ, гъæдтæ æма будуртæ.

**Гъ.** Гъе уой туххæй нæмæ зæнхæ аллихузон æма игъæлдзæгхуз зиннуй. Куд гъуди кæнетæ, цумæ Зæнхæ гъар планетæ æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, стъалутæй фæстæмæ, еугур планетитæ дæр æма се 'спутниктæ дæр уазал æнцæ. Цума стъалутæ рохс (æрттевгæ) цæмæ кæнунцæ?

**С.** Уомæн æма сурхзинг æнцæ.

**Гъ.** Планетити ба рохс ци даруй?

**С.** Хор.

**Гъ.** Раст айтæ. Махмæ уотæ кæсуй, цума Хор арвбæл цæуй. Фал æцæгæй ба, Зæнхæ зелуй Хори алливарс. Нуртæккæ æй хузи равдесдзинан. Райсетæ гæгъæдий тъæфтæ æма къариндасæй тумбулæг искæнетæ – е уодзæй Хор, нур ба ин æ фæрсæй исхузæ кæнтæ æрвхуз тумбулæг – е ба уодзæй зæнхæ. Нур ба сурх къариндасæй исхузæ кæнæн, зæнхæ Хори алливарс ци надбæл фæззелуй, уой. Еци надбæл Зæнхæ анзмæ еунæг хатт æрзелуй. Еци рæстæги анзи æфæнттæ кезугай кæрæдзей раййевунцæ: уалдзæг раййевуй зумаги, сæрдæ – уалдзæги, фæззæг – сæрди æма бабæй зумæг ралæууй.

*Аци ихæслæвæрд æнгъезуй еумæ æнæгъæнæ ватмæнбæл исхузæ кæнун.*

**Гъ.** Сабийтæ, Зæнхæ айдагъ Хори алливарс нæ зелуй, фал ма æхе сæмæнбæл дæр. Æрбакæсайтæ глобусмæ. Кæсайтæ, глобус куд зелуй?

**С.** Тагъд.

**Гъ.** Глобус рæуæг æй, фал Знхæ ба агъазиау æма уæззау, зелгæ дæр сабургæй кæнуй. Суткæмæ еу зилд æркæнуй æ сæмæни алливарс. Æма еци рæстæги кæрæдзей раййвунцæ, цитæ?

**С.** Сæумæ, бон, изæр, æхсæвæ.

Гъ. Зæнхæн хорæрдæмæ ци фарс фæууй, уоми фæууй бон, иннердæгæй ба – æхсæвæ. Идарддæр фæццæуæн. Ци уинетæ аци экспонатбæл?

**С.** Зæнхæ æма Мæйæ.

**Гъ.** Мæйæ æй Зæнхи спутник. Еумæ цæрунцæ лимæнæй. Мæйæ æхсæвæй бонæй зелдогъ кæнуй Зæнхи алливарс. Æнкъæйттæй æрлæууайтæ. Уæ еу уодзæнæй Зæнхæ, иннæ ба – Мæйæ. Мæйæ зелуй Зæнхи алливарс, Зæнхæ ба æхе сæмæнбæл – медбæстæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Фал Мæйæ аллихузæнттæ фæууй. Цæхæнттæ? Æркæсайтæ.

**С.** Фæууй устур тумбулæг, тумбулæги æмбес кенæ ба – листæг æхсирфи хузæн.

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, мæйæ алиихузæнттæ цæмæ фæууй?

**С.** Мæйи рохс даруй Хор. Махмæ си фæззиннуй Хори рохс кæмæ фæххауй, еци хай.

*Сабийти раст дзуаппмæ æрхæстæг кæнун гъæуй, кенæ ба син æй куд нæуæг æрмæг, уотæ радзорун.*

**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ Мæйæбæл еске цæруй?

**С.** Мæйæбæл неке цæруй, уомæн æма ибæл нæйес цæугæдæнттæ, зайæгойтæ æма цæрæгойтæ.

**Гъ.** Цæмæннæ си цæрунцæ? Куд гъуди кæнетæ, цæрунмæ си ци нæ фагæ кæнуй?
**С.** Зæнхæбæл ес дон æма уæлдæф, Мæйæбæл ба нæййе.
*Фарстати фæрци сабийти раст дзуаппмæ æрхæстæг кæнун.*
**Гъ.** Зæнхæн ма ес еу минеуæг – æхемæ æлвасун, æхецæй нæ уадзун. Мæйæ дæр æлвасуй æхемæ, фал берæ фæлмастдæр. Мæнæ нур ба æркæсайтæ стъалугун арвмæ. Цæй хузæн æй?
**С.** Цума горцъебæл берæ æрттевагæ фæрдгутæ ниппурх æй, уой хузæн.
**Гъ.** Нуртæккæ сумах фестдзинайтæ фæрдгутæ – стъалутæ; уодзинайтæ аллирдæмитæ тунтæ ка уадзуй, уæхæн æстъæлфитæ.
*Сабийтæ, кæрæдзей нæ хъор кæнгæй, сæ гуртæ, къохтæ æма къæхтæй аллихузон æзмæлдтитæ кæнунцæ. Архайд цæуй музыкæмæ гæсгæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! (Музыкæ идарддæр игъусуй). Нур ба горцъебæл æрхуссетæ, уæ цæститæ ницъцъундæ кæнетæ æма уæ цæститæбæл рагъазун кæнетæ, цума космосон итигъдади тæхетæ. Ци уинетæ космоси?
*Сабийтæ цъундæй дзорунцæ сæ гъудитæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Фал нæ балци кæронмæ æрхъæрттæй. Уæ зæрдæбæл нæ балций ци бадардтайтæ? Нур ба рагъазæн гъазт «Космосон дзурд»-тæй.
*Сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ æма кæрæдземæ дзурдтæ «радтунцæ». Зæгъæн: Мæйæ, Зæнхæ, Хор, кометæ, ракъет æма у.и.*

***26-аг ахури усмæ***

**Темæ: «Мæргътæ»**
**Темæ: «Мæргъти дуйне»**
**Нисан:** – Урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ мæргъти туххæй. Мæргъти бауæри хæйттæ, ци хуæрунцæ

æма куд хуннунцæ, уой ниффедар кæнун. Сабийти зæрди æрæфтаун зумæгеуатгæнæг æма гоцгæнагæ мæргътæ ке йес, уой.

– Сабийтæн ирæзун кæнун сæ гъудикæнуйнади арæхстдзийнæдтæ æма сæ гъудити цæстæнгас бæлвурддæр кæнун.

–Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй уодæгас æрдзæ уарзонцæ æма ибæл ауондонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** къæндони айки хæццæ; аллихузон мæргъти хузтæ: хæдзайрон, гъæддаг, гоцгæнагæ, зумæгеуатгæнæг, гъарбæсти цæрæг. Къарточкитæбæл мæргъти хузтæ: æхсæрæцъеу, зæрбатукк, гъæдкъуæр; магнитофони лентъæбæл финст «Мæргъти зард»; аромотерапийæн нæзи кенæ гъæддаг деденгути эфирон сойнитæ.

**Иуарунмæ:** фломастертæ, æстъæлфитæй арæзт цъеути хузти хæццæ карточкитæ.

**Фæсæуонмæ куст.** Фæлварæн «Накæгæнгути уæледарæс».

**Æрмæг:** вазелин, пакъутæ, дони авгæ (бутылкæ) донпурхгæнæни хæццæ.

Исбæлвурд кæнун дони накæгæнгутæ цæмæннæ нихъулунцæ æма ехæн цæмæннæ кæнунцæ. Къох вазелинæй байсæрдун æма ибæл дон æркалун. Сабийти гъос æрдарун, дон æртæхгай куд ледзуй, вазелинæй хурст къохæй.

## Ахури цуд

*Сабийтæ тумбул зилдæй горцъебæл бадунцæ.*

**Психологон гимнастикæ.**

**Гъ.** Сабийтæ, гъайдæ мæнæ ауæхæн гъазт ракæнæн. Кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн. Мах берæ ан, еумæ ба – еу устур къуар. Горцъебæл бадгæй кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй мах лæдæрæн нæ еудзийнадæ æма нæ хъаурæ. Нур ба кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй ислæууæн. Нур ба кæрæдзей фæдбæл тумбул зилди цæуæн. Уæ рахес

къохтæ уæ разæй цæугути галеу усхъитæбæл æрæвæретæ. Æрлæууетæ. Уæ цæститæ ницъцъундæ кæнгæй æма кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй æрбадетæ горцъебæл. Кæрæдзей къохтæ нилхъеветæ æма кæрæдземæ баходетæ.

Нур ба уæ цæститæ байгон кæнетæ. Ци банкъардтайтæ?

Мæнæ мæ къæндони циуавæрдæр предмет римæхст æй æма æй, сумах гъæуама базонайтæ.

Рагъазæн гъазт «Уо – Нæгъ»-æй. Испайда кæнун æнгъезуй «Алфанбулай дуйне»-й тумбулæгæй. Сабийти æрхæстæг кæнун гъæуй дзуапп «айкæ»-мæ.

**Гъ.** Гъæйдæ никкæсæн къæндонæмæ. Æцæгæй дæр си айкæ ку йес! Цума цæй айкæ æй? Æма айкæй ци рантæсуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æрбакæсайтæ, мæнæ мæмæ ци берæ мæргъти хузтæ ес. Цæхæн къуæрттæбæл сæ фæххецæнтæ кæнун æнгъезуй? Фæкъкъуæрттæ сæ кæнетæ, æрмæст уæ архайд лæдæрун кæндзинайтæ.

Хузтæ фæкъкъуæрттæ кæнæн ес: хæдзайронтæбæл, гъæддæгтæбæл, гоцгæнæгтæ, зумæгеуатгæнгутæ, дони наккæнгутæ æма гъар бæсти цæргутæбæл. Гæнæн ес æма сабийтæмæ мæнæ ауæхæн фарстатæ фæззиндзæй: тотий хæдзари дæр цæруй æма гъар бæсти дæр; саумæлгъæ ба – гъæди дæр æма хæдзари дæр.

*Сабийтæ, мæргъти хузтæ къуæрттæ кæнунцæ сæ нæмттæ син дзоргæй.*

**Гъ.** Хуарз. Нур ба равзаретæ нæ республики цæрæг мæргъти хузтæ. Зæгъайтæ кæми цæрунцæ, уой (горæти æви гъæуи? Дони накгæнæг мæргътæ иннетæй цæмæй хецæн кæнунцæ?

**Гъ.** Гъæди фестун уæ фæндуй? Æма уæд уæ цæститæ ницъцъундæ кæнетæ æма лæмбунæг игъосетæ.

*Игъусуй аллихузон мæргъти зарун. Æнгъезуй аромотерапи искæнун – нæзий кенæ гъæддаг деденгути эфирон сойнити игъæстæ бæмпæг иссодзун.*

**Гъ.** Уæ цæститæ байгон кæнетæ.
Ци банкъардтайтæ, гъæди ку фестадайтæ, уæд?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æма мæргътæ цæрæгойтæй цæмæйти хецæн кæнунцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Еумæйагæй ба сæмæ ци йес?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Мæргъти пакъутæ цæмæн гъæуй?
**С.** Пакъутæ мæргъти уазалæй дæр æма тæвдæй дæр гъæуай кæнунцæ удта сæхе баримæхсунмæ (маскировкæн).
**Гъ.** Мæргътæ дæр цæрæгойти хузæн сæ пакъу раййевунцæ. Зумæгеуатгæнæг мæргътæбæл зумæгмæ æрзайуй гъар æма хæмпос пакъутæ. Æма мæргътæй еуети зумæгеуатгæнæг цæмæ хонунцæ, иннети ба – гоцгæнагæ.
**С.** Зумæгеуатгæнæг мæргътæ зумæг дæр æма сæрди дæр еу рауæн цæрунцæ, гоцгæнагæ мæргътæ ба фæззæги гъар бæстæмæ фæттæхунцæ, уалдзæг ба фæстæмæ æрбатæхунцæ.
**Гъ.** Цума цæмæ фæттæхунцæ гоцгæнагæ мæргътæ гъар бæстæмæ?
**С.** Уомæн æма аци уазал зумæги сæ бон хуæруйнаг иссерун нæй.
**Гъ.** Мæргътæ фæззæги еугурæй æмхузонæй нæ фæттæхунцæ. Раздæр фæттæхунцæ биндзхуартæ, уони фæсте ба – нæмугхуартæ удта гъæддаг бабузтæ æма хъæзтæ. Нуртæккæ сумах уæ еугурдæр фестдзинайтæ мæргътæ. Фал бал бавзарæн цъеутæ куд уасунцæ, уой бафæнзун. Æз кезугай æвдессæн цъеути хузтæ, куд уасунцæ, уой амондзæн, сумах ба мæ фæсте цъеути уаст фæнзинайтæ.

Æхсæрæцъеу – цъипп–цъипп–цъипп.
Зæрбатуг – цъви – цъви – цъви.
Халон – хъуахъ – хъуахъ – хъуахъ.
Гъæдкъуæр – къуæр – къуæр – къуæр.

Нур ба уæмæ æвдессæнæн цъеуи хузæ, сумах ба уæхæн

цъеу фестдзинайтæ æма цъеуау уасгæ дæр кæндзинайтæ æма тæхгæ дæр.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Гъæйдæ нур ба æндæр хъазт ракæнæн.
**Гъазт «Гъæугæ дзурд равзарæ».**

| | |
|---|---|
| Хъуахъ – хъуахъ кæнуй … | (*халон*) |
| Цъви – цъви кæнуй … | (*зæрбатук*) |
| Бапп – бапп кæнуй | (*бабуз*) |
| Рæсугъ заруй… | (*бæлæмæргъæ*) |

**Гъ.** Мадта мин нур ба мæ фарстæн дзуапп раттетæ.
Еумæйагæй ци йес биндзæ, цъеу æма цъæрæхснæгмæ?
**С.** Сæ еугуребæл дæр ес базуртæ æма тæхун зонунцæ.
**Гъ.** Æма уæд уæртгун хæпсæ, хелагæ æма цъеумæ ба еумæйагæй ци йес?
**С.** Сæ бæдæлттæ айки хурфæй ралæсунцæ.
**Гъ.** Тæбæгъ æма астъонæмæ ба?
**С.** Сæ дууæ дæр тумбултæ æнцæ.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Сабийтæ, æма цъеутæ астъæнттæ цæмæ фæккæнунцæ?
**С.** Цæмæй си бæдæлттæ рауадзонцæ.
**Гъ.** Æрбакæсайтæ мæнæ фæйнæгбæл ци цъеути хузиститæ йе, уонæмæ æма син сæ нæмттæ зæгъетæ.
**С.** Зæрбатуг, саумæлгъæ, цъах, кæсалглас, гæкког.
**Гъ.** Зæгъайтæ, ка си кæми фæккæнуй астъæнттæ? Гæккоги астъонæ ци рауæн агоргæ æй?
**С.** Гæккогæн астъонæ нæййес. Гæкког æ бæдæлттæ дæр æхуæдæг нæ рауадзуй.
*Кæд æй сабийтæ нæ зононцæ, уæд син æй куд нæуæг æрмæг, уотæ гъонбæлгæнæг балæдæрун кæнуй.*
Гæккоги цъеу иннетæй раздæр ку фæззиннуй, уæд астъони ци æйкитæ фæууй, уони арæх рагæлдзуй. Æ «кæнгæ» ниййергутæ ба æй фæххæссунцæ, цалинмæ тæхун базонæ, уæдмæ.
**Гъ.** Гъæйдæ, рагъазæн гъазт «Зæгъæ бæдоли».

Гæкког – гæккоги бæдолæ;
Цъах – цъахи бæдолæ;
Кæсалглас – кæсалгласи бæдолæ;
Саумæлгъæ – саумæлгъи бæдолæ;
Донихъаз – донихъази бæдолæ.

**Гъ.** Хуарз! Сабийтæ, æма ци пайда æнцæ мæргътæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æнæ мæргътæй дуйне циуавæр адтайдæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Мах бон ести æй, цæмæй мæргъти цард фæххуæздæр уа, уомæн?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æз уин нуртæккæ балæвар кæндзæнæн дессаги хузтæ (къарточкитæ).

Къарточкити æстъæлфитæ 1-емæй 10-ей уæнгæ раст ку баеу кæнайтæ, уæд уæмæ хузæ рауайдзæй.

*Сабийтæ æстъæлфитæ фломастертæй баеу кæнунцæ æма си разиннуй цъеуи хузæ.*

**Гъ.** Ке хузæ уæмæ рауадæй?

Ацибон цæбæл дзурдтан? Мæргътæмæ циуавæр цæстæй кæсун гъæуй?

***27-аг ахури усмæ***

**Темæ: «Минкъий цæрæгойтæ» («биндзитæ»**

**Темæ: «Мухæ-Цокотухи æмбæлттæ»**

**Нисан:** – Урухдæр æма бæлвурддæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ биндзитæ æма биндзити минеугути туххæй (сæ еугуребæл дæр 6-гай къæхтæ ес.)

– Ирæзун кæнун сабийти исфæлдистадон арæхстдзийнæдтæ æма гъудикæнунадæ. Минеугути еудзийнадæ æма сæ хецæндзийнæдтæ хецæн кæнун куд зононцæ удта сæ балæдæрун кæнун дæр.

– Балæдæрун æма ниффедар кæнун уой, æма æрдзæ

цидариддæр исфæлдистадæ, уони æхсæн «уæлдайæнæгъæугæ» ке неци ес.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** аллихузон биндзити хузтæ; пълан балций цæунмæ, пъланбæл 1-æй 4-ей уæнгæ цифритæ кенæ фатæгæй бæрæггонд бунæттæ: бæласи бунгард, къотæр, бæласæ, цадæ; магнитофон, дискетбæл финст «Гъæди изæлтæ». 4 хузи: хор, бæласи сифæ, золкъæ, цъеу; хузтæ: гæбæло, цъæрæхснæг, саскъæ, мудибиндзæ, хæлаур.

**Иуарунмæ:** алли сабиййæн дæр хузти фæлуст «Гæбæлой æвзонг догæ»: бæласи сифæбæл (кенæ гæгъæдий тъафæбæл) гæбæлой æтдзæг.

Алли сабиййæн дæр къарточкæ «Хузгæнæгæй ци феронх æй исхузæ кæнун»: къарточкитæбæл хузгонд биндзитæй кæбæлдæр гурæ нæййес, кæбæл базуртæ, къæхтæ; фломастер.

**Рагагъонмæ куст**

Бакæсун æма исахур кæнун К. Чуковскиййи «Мухæ-Цокотуха»-æй скъуддзæгтæ.

## Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, уæ уинд мин хъæбæр æхцæуæн æй. Еугурей дæр еумæ кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн æма кæрæдземæн сабургай зæгъæн «Дæ сæумæ хуарз». Нур ба гъæрдæрæй. Нур ба хъæбæр гъæрæй. Кæрæдземæн зæгъæн «Дæ сæумæ хуарз!».

**Гъ.** Сабийтæ, æрбакæсайтæ ци киунугæ уин æрбахастон, уомæ. Киунугæ базудтайтæ? Ке туххæй æй?

**С.** Гъо, йе Мухæ-Цокотухи тухххæ æй.

**Гъ.** Нæ зæрди æрæфтауæн, аргъау куд райдайуй, уой.

*Сабийтæ гъонбæлгæнæги хæццæ аргъау «Мухæ-Цокотухи» райдайæн сæ зæрди æрæфтаунцæ мæнæ аци дзурдти уæнгæ: «Æрбацотæ, хъæбузатæ æз уин цай ратдзæн». Сабийти бон*

*кæсун ку уа, уæд си алкедæр кезугай, еу рæнгъæ бакæсæд.*
**Гъ.** «Мухæ»-мæ (биндзæмæ) иуазæгуати катæ æрбацудæй?
*Сабийтæ сæ ранимайунцæ.*
**Гъ.** Ка æй бафхуардта?
**С.** Хæлаур æй бафхуардта, саскъæ ба æй фæйййервæзун кодта.
**Гъ.** Сабийтæ, Мухи дæр æма йе уазгути дæр еузагъдæй куд исхонун æнгъезуй?
**С.** Минкъий цæрæгойтæ.
**Гъ.** Сабийтæ, æма биндзитæ ба кæми цæрунцæ? Ӕрдзи сæ циуавæр анзи афонæ фæууинун æнгъезуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Раст загътайтæ. Нур ба цæуæн гъæдæмæ æма си ци аллихузон дессæгтæ йес, уони фæууинæн удта Мухи æмбæлтти дæр байагорæн. Арази айтæ мæ хæццæ? Мадта уæхе æрцæттæ кæнетæ. Цæмæй гъæди ма фæдздзæгъæл уæн, уой туххæй нæ цæун гъæудзæй пъланмæ гæсгæ.
*Сабийтæ гъонбæлгæнæги фæсте цæунцæ къуари уати астау ци «аразгæ» гъæдæ ес, уордæмæ дзоргæй:*

«Еумæ балций мах цæуæн,
Берæ дессæгтæ уинæн.
Раст цæуæн кæрæдзей фæсте
Гъæдтæ æма цъæх будурти».

**В.** Мæнæ æрбахъæрттан. Уæ цæститæ ницъцъундæ кæнетæ. Ци уæмæ игъусуй, уой дзоретæ цъундæй.
*Сабийтæ ци игъосунцæ, уой дзорунцæ.*
**Гъ.** Исуолæфетæ гъæди зæрдæмæдзæугæ уæлдæфæй æма уæ цæститæ байгон кæнетæ. Гъæйдæ нур ба райдайæн гъæди сюрпризтæ ахур кæнун удта Мухи æмбæлттæ æма æзнæгти агорун. Ес нæмæ пълан. Пъланмæ гæсгæ нин фиццаг кумæ цæугæ æй?
**С.** Бæласи бунгардмæ.
**Гъ.** Ӕрбакæсайтæ, атæ ци æнцæ?
**С.** Аллихузон биндзити хузтæ.

**Гъ.** Кæсайтæ, хузтæ хъæбæр берæ æнцæ æма сæ фæкъкъуæрдтæ кæнæ? Мадта сæ фæкъкъуæрдтæ кæнæн, куд, уой ба мин балæдæрун кæндзинайтæ, уой фæсте.

Сабийтæ минкъий цæрæгойти хузтæ къуæрдтæ кæнунцæ, зæгъæн: тæхагæ, знаггадæгæнгутæ, пайдахæсгутæ, сæ хуарæнти хузтæмæ гæсгæ æма у.и. Куд фæнди дæр сæ ку фæкъкъуæрдтæ кæнонцæ, уæддæр гъæуама сабийтæ сæ архайд балæдæрун кæнонцæ.

*Гъонбæлгæнæг æ гъос даруй сабийти архайдмæ, байгъосуй син сæ дзуæппитæмæ, балæдæрун син кæнуй сæ еуетæ æзнаггадæхæссæг цæмæ æнцæ удта тæссаг.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Мæнæ кæсайтæ, бунгарди цори сифти буни ци хузæ иссердтон.Айæ ци æй?

**С.** Хор.

**Гъ.** Мæнмæ гæсгæ ма нæ аци хузæ багъæудзæнæй. Идарддæр нин кумæ цæугæ æй?

**С.** Къотæрмæ.

**Гъ.** Æма ами ба ци иссердтан?

**С.** Ами дæр минкъий цæрæгойти хузтæ.

**Гъ.** Æз уин бацеу-бацеутæ дзордзæнæн, сумах ба син дзуæппитæ хузти æхсæн ердзинайтæ:

Нæй сирд, нæй маргъ,
Æ фий ба даргъ.
Гъоси æ зар ракæнуй,
Минкъий тог дæр рацъируй.

*(Саскъæ)*

Кустуарзон æма лимæн,
Еумæ аразунцæ цæрæн.

*(Мулдзугутæ)*

Бонигон кæнуй тæхгæ,
Æхсæвигон ба – хусгæ.

*(Биндзæ)*

Рæсугъд æ базуртæ,

Уиндæй – хуæрзконд.
Истелуй къабузтæ,
Истæхуй бæрзонд.

*(Гæбæло)*

**Гъ.** Хуарз исарæхстайтæ аци ихæслæвæрдмæ! Куд гъуди кæнетæ, цæмæн гъæунцæ биндзитæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æрбакæсайтæ, мæнæ ами дæр хузæ римæхст ес. Хузи ци уинетæ?

**С.** Сифæ.

**Гъ.** Гъæйдæ нæ хæццæ æй райсæн. Нур ба нин кумæ цæугæ æй?

**С.** Бæласи æрдæмæ.

**Гъ.** Сабийтæ, ами дæр бабæй хузтæ ес. Уæхе куддæриддæр фæндуй, уотæ, аци хузтæ кæрæдзей фæсте æрæвæретæ.

*Сабийтæ райсунцæ хузти фæлуститæ æма си «Гæбæлой æвзонг догæ» райвæрунцæ. Се 'вæрд архайд ба лæдæрун кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг ба бæлвурддæр æма уруxдæр кæнуй сабийти зонундзийнæдтæ, мæнæ атæ:*

**Гъ.** Сабийтæ, гæбæлотæ, хъæбузатæ æма биндзитæ минкъийтæ некæд адтæнцæ, гъома бæдæлттæ. Етæ дуйнемæ устуртæй фæззиннунцæ. Мæнæ гæбæло æтдзæг (берæ æйкитæ) æрæвардта. Еци æйкитæн сæ еу хай мæргътæ бахуæрунцæ, мулдзугутæ æма си хъæбузатæ дæр бахуæрунцæ. Фал ма си уæддæр байзайуй. Еци æйкитæй æлуизтæ (гусеницы) рантæсуй. Рацæудзæй рæстæг æма æлуиз искъубарæ (куколкæ) уодзæй. Уой фæсте ба кубарæй фæззиндзæй гæбæло. Æ базуртæ хулуй пъæстуйау гæллеу фæккæнунцæ. Еу сахатти фæсте базуртæ басор унцæ. Гæбæло æ базуртæ базмæлун кæнуй æма æнæгъæлæги ратæхуй.

**Гъ.** Мæнæ, ами дæр ма еу хузæ ес. Е æй æлуизи хузæ. Аци хузæ дæр нæ хæццæ райсæн. Байзадæй ма нин еунæг объект-цадæ. Цума нæмæ уоми ба ка æнгъæлмæ кæсуй?

Кæсайтæ, хæпусæ ба ами ци косуй? Цума кæмæ æнгъæлмæ кæсуй?
**С.** Е саскъитæ ахæссуй удта сæ бахуæруй.
**Гъ.** Биндзитæ сæ еугурæй дæр фæттахтæнцæ, фал нин ниууагътонцæ сюрприз. Райсетæ фæйнæ къарточки. Аци къарточкæбæл хузгæнæг биндзитæн сæ кæцидæр хæйттæ феронх æй, исхузæ кæнун. Райсетæ сæ æма сæ кæронмæ исхузæ кæнетæ. Уой фæсте зæгъдзинайтæ, ка ма уи ци хузæ искодта, уой.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Хуарз! Мæнæ ма си еу хузæ ес. Ке хузæ æй?
**С.** Цъеуи.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз. Нур ба гъæди балци гæнгæй, ци хузтæ иссердтан, уони баеу кæнтæ æма сæ, куд уæ фæндуй, уотæ æрæвæретæ.
*Сабийтæ гъонбæлгæнæги хæццæ æрæвæрунцæ къарточкитæ: хор, сифæ, æлуиз, цъеу. Гъонбæлгæнæг æхуæдæг кенæ сабийти хæццæ искæнунцæ хатдзæг: Уалдзигон хори гъар тунтæй зæнхæ багъар уй, мет тайун райдайуй, кæрдæг фæцъцъæх уй, бæлæстæбæл сифтæ фæззиннуй. Фæззиннунцæ зайæгой хаур биндзитæ æма хъæбузатæ. Гъар бæстæй æрбаздæхунцæ цъеутæ, уомæн æма син фæззиннуй хуæруйнаг – зайæгойтæ, биндзитæ æма хъæбузатæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, хуарз рабалци кодтан æма нин фæстæмæ æздæхун афонæ æй, нур ба. Фæстæмæ дæр цæудзинан, ардæмæ ци пъланмæ гæсгæ æрбацудан, уомæй пайда кæнгæй. Гъеууотемæй, мах хæстæгдæр базонгæ ан Мухæ-Цокотухи æмбæлттæ æма æзнæгти хæццæ.
Зæгъайтæ мин, æрдзи медæгæ нæгъæугæ биндзитæ æма хъæбузатæ ес? Цæмæннæ? Мæнмæ гæсгæ, биндзитæ æма хъæбузати туххæй уотæ берæ базудтан, æма гъæди балций уогæй, нæ бон бауодзæй аргъау «Мухæ-Цокотухи» бавдесун дæр.

**Темæ: « Уæлахези бон»**
**Темæ: «Цæстисуг кæлгæ бæрæгбон»**

**Нисан:** – Ниффедар æма урухдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ адæни æскъуæлхундзийнæдти туххæй. Фидибæсти устур тугъди рæстæг æма сæ «Уæлахези Бони» хæццæ бабæттун.

– Ирæзун кæнун сабийти гъудикæнунадæ æма зæрдæбæл бадарунадæ. Ахур сæ кæнун гъудий фæрци хатдзæгтæ кæнунбæл.

– Гъонбæл сæ кæнун цæмæй сæ Райгурæн бæстæй сæрустур уонцæ, тугъди ветерантæн ба кадæ æма æгъдау куд кæнонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** аллихузон бæрæгбæнтти хæццæ баст хузтæ: Нæуæг анз, 23-гаг февраль, 8-аг мартъи, Уæлахези бон; «Æнæбасæтгæ æма легендарон» хузти альбом. Фидибæсти устур тугъди бæгъатæрти циртдзæвæнбæл деденгутæ æвæруни хузæ (Вечный огонь) ; предметон хузтæ: деденгутæ, майдантæ, салют, ордентæ; тумбулæг «Анзи афæнттæ».

**Иуарунмæ:** хузтæ: тæхæг, танкист, моряк, арæнгъæуайгæнæг, парашютист, ракетчик.

**Рагагъонмæ куст**

Сабийти хæццæ æркæсун аллихузон хуарзæнхити (награды) хузтæмæ: майданти, орденти, кади гæгъæдити; тугъди теми хæццæ баст иллюстрацитæ æма хузти репродукцитæмæ æркæсун. Бакæсун Р. Рождественскиййи æмдзæвгæ «Реквием».

## Ахури цуд

**Психологон гимнастикæ.**

**Гъ.** Гъæйдæ кæрæдземæн салам радтæн. Нуртæккæ æз

мæхе разелдзæнæн мæ рахес фарс ка лæууй, уомæ, æ номæй имæ исдзордзæнæн æма ин зæгъдзæн, дæ уинд мин хъæбæр æхцæуæн æй, зæгъгæ. Е дæр æ рахесфарс ка лæууй, уомæ æхе разелдзæй æма ин, е дæр мæнау, салам ратдзæй. Гъеуутотæ, уæ еугур дæр кæрæдземæн салам раттетæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Стъолбæл аллихузон бæрæгбæнтти хæццæ баст ка æй, уæхæн хузтæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, бæрæгбæнттæ уарзетæ? Æма бæрæгбон «хуарз» æй, æви «лæгъуз»? Бæрæгбони лæгъуз гъæуама ци уа?
**С.** Арæх нæ фæууй, тагъд фæййевгъуйуй удта имæ цæттæ кæнун фæгъгъæууй.
**Гъ.** Хуарз ба цæмæй æй?
**С.** Бæрæгбони игъæлдзæг фæууй, фæууй си берæ деденгутæ, адæн фæккафунцæ æма фæззарунцæ æма у.и.
**Гъ.** Стъолæмæ хæстæгдæр æрбацотæ æма фæйнæ хузи райсетæ. Алкедæр уи зæгъæд, циуавæр бæрæгбони хузæ имæ æрхаудтæй, уой æма балæдæрун кæнæд æцæгæйдæр еци бæрæгбони хузæ ке æй, уой.
**Гъ.** Сабийтæ, кæсайтæ мæнæ айæ нæ «Анзи афæнтти» тумбулæг æй. Тумбæлæг 4 хаййи конд æй: зумæг, уалдзæг, сæрдæ, фæззæг.
**Гъ.** Нур ба уæ хузтæ анзи афæнттæмæ гæсгæ тумбæлæгбæл æрæвæретæ. Æркæсæн, ци нæмæ рауадæй, уомæ.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæ, ка уи зæгъдзæй, 9 Маййи ба циуавæр бæрæгбон фæббæрæг кæнæн?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Е æй райдзаст æма зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон.

Уæлахези Бæрæгбон,
Нур – абони, æй дæ бон!
Сæумæ раги ветерантæ.
Искæнунцæ сæ майдантæ!

Сабийтæ, хонун уæ Уæлахези бони галереймæ.
*Сабийтæ, хузтæ федаргонд кæбæл æнцæ, еци фарсмæ*

*бацæунцæ. Хузти æвдист цæуй: Уæлахези бон, æноси цæфсгæ арт (вечный огонь), ветеранти хузтæ æма у.и.*

**Гъ.** Сабийтæ, аци хузи ци уинетæ?

**С.** Салдæттæ тохунцæ, танкитæ æмпурсунцæ, аллардæги ихæлдтитæ.

**Гъ.** Æзнæгтæ нæ бæстæмæ æрбалæбурдтонцæ æма адæн исистадæнцæ Райгурæн бæстæ багъæуай кæнунмæ. Нæлгоймæгтæ тугъдмæ рандæнцæ, силгоймæгтæ, зæрæнттæ æма сувæллæнттæ ба хæдзæртти байзадæнцæ, фал уæддæр æнхус кодтонцæ салдæттæн. Кустонцæ заводтæ æма фабрикити.

Æркæсайтæ мæнæ аци хузæмæ, сабийтæ си кумæ бацудæнцæ?

**С.** Сабийтæ циртдзæвæнмæ æрбацудæнцæ.

**Гъ.** Цума кæмæн конд æй аци циртдзæвæн?

**С.** Тугъди ци бæгъатæртæ фæммардæй, уони кадæн.

**Гъ.** Цæбæл тох кодтонцæ нæ адæн?

**С.** Адæн тох кодтонцæ сæ Райгурæн бæсти сабурдзийнадæбæл.

**Гъ.** Цума кæд æрбацудæнцæ сабийтæ циртдзæвæнмæ?

**С.** 9-æймаг маййи, Уæлахези бони.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Уомæн æма берæ æнзти размæ 1945 анзи 9-æймаг Маййи нæ салдæттæ æзнагбæл фæуууæлахез æнцæ, багъæуай, кодтонцæ æгас дуйней сабурдзийнадæ. Еци тугъди Иристонæй дæр хъæбæр берæ салдæттæ тох кодтонцæ. Етæ адтæнцæ æндиудт, бæгъатæр æма æнæбасæтгæ. Иристони ес берæ тугъдон бæгъатæртæ, уони фæрци Иристони кадæ иссæй хъæбæр бæрзонд. Етæ адтæнцæ Фидибæстæ æма Райгурæн бæстæ гъæуайгæнгутæ.

Сабийтæ, тугъди ци бæгъатæртæ фæммардæй, уонæн берæ циртдзæвæнттæ исаразтонцæ, сæ кади туххæй ба содзуй Æносон арт. Цума, уотæ цæмæ хуннуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Аци бæрæгбон цæмæн хуннуй цæстисуг калгæ Бæрæгбон?
**С.** Уомæн æма еци тугъди фæммардæй хъæбæр берæ адæн.
**Гъ.** Æма аци Бæрæгбон куд фæббæрæг кæнунцæ?
**С.** Ветерантæн арфæ ракæнунцæ, радтунцæ син деденгутæ, лæвæрдтæ, бавдесунцæ син концерт. Циртдзæвæнтæбæл деденгутæ ниввæрунцæ, изæрæй ба бæрæг бони туххæй фæууй салют.
**Гъ.** Кæдæй тугъд фæцæй, уæдæй берæ рæстæг рацудæй, фал адæнæй ба уæддæр сæ бæгъатæрдзийнадæ не 'ронх кæнуй. Сæ кадæн ниффинстонцæ заргутæ æма æмдзæвгитæ, исаразтонцæ кинотæ, хузгæнгутæ сæ хузти бавдистонцæ. Циуавæр цæстæй кæсун гъæуй тугъди ветерантæмæ?
**С.** Гъæуй син æнхус кæнун, æгъдау дæдтун æма кадæ кæнун.
**Гъ.** Сабийтæ, æма Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ ба сабур рæстæги ци фæккосунцæ?
**С.** Нæ Райгурæн бæсти арæнтæ гъæуай кæнунцæ.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Арæнтæ ка гъæуай кæнуй, еци адæн ба куд хуннунцæ?
**С.** Арæнгъæуайгæнгутæ.
**Гъ.** Нæ Райгурæн бæсти уæлдæф ба нин ка гъæуай кæнуй?
**С.** Летчиктæ, тæхгутæ.
**Гъ.** Æма танкæ ка тæруй, е ба?
**С.** Танкист.
**Гъ.** Циуавæр æфсæддон дæснийæдтæ ма зонетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Цæмæй нæ бæстæ багъæуай кæнонцæ, уой туххæй æ гъæуайгæнгутæ гъæуама цæхуæнттæ уонцæ?
**С.** Æнæнез, бæгъатæр, хъаурæгин, зундгин.
**Гъ.** Нуртæкки уæ æз бавзардзæнæн сумах куд лæмбунæг æма зундгин айтæ, уобæл. Тумбул зилдæй æрлæууайтæ. Рагъазæн гъазт «Фæнзгæй ма фæррæдуйæ».
*Сабийтæмæ туруса раттун æнгъезуй:*

Æригон – зæронд – бæгъатæр; нифсхаст – бæгъатæр – хъаурæгин – зундгин; зундгин – бæгъатæр – нифсгун; æдарст – гуппурсар – æнæбасæтгæ.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уи алкедæр райсæд хузæ. Зæгъун уæ гъæудзæй циуавæр æвсæддон дæсниадæ дæмæ ес æма æфсæддони ци гъæуй, уой.
*Зæгъæн, æз дæн танкист. Мæн гъæуй танкæ. Æз дæн арæнгъæуайгæнæг. Гъæуй мæ арæнтæ, автомат, куй æма у.и.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба мæ фæндуй, цæмæй ветерантæн искæнæн лæвæрттæ. Уонæн ес сæхе хуæрзеугутæ: майдантæ, ордентæ, кади нисантæ. Мах ба син искæндзинан æстъалутæ.
**Æстъалу куд искæнун æнгъезуй.**
*Скъолай зал бæрæгбонмæ фæлосгæй æнгъезуй хузгин гæгъæдитæй фондзтегъон æстъалутæ искæнун (асæй аллихузæнттæ.*

**Хатдзæг.**
**Гъ.** Сабийтæ, ацибон циуавæр бæрæгбони туххæ дзурдтан? Цæмæ нин æй уотæ хъазар аци бæрæгбон?

***29-аг ахури усмæ***

**Темæ: «Телеуинунадæ. Театр»**
**Темæ: «Къоппитæ сюрпризти хæццæ»**
**Нисан:** – Урухдæр æма арфдæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ телеуинунади удта си ка косуй, уони туххæй.
– Ирæзун кæнун сабийти имисунадæ, артисти дæснийади арæхсдзийнадæ.
–Театрмæкудцæуонцææматеатралонисфæлдистадæмæ цæмдес куд уонцæ, уотæ сæ гъонбæл кæнун.
**Æрмæг**

**Ӕвдесунмæ:** Телевизор, телевизори пульт (ку нæ уа, уæд телевизори хузтæ кенæ телевизори макет), нæ горæти театрти иллюстрацитæ, спектаклътæй ист хузтæ; минкъий стъол; аллихузон архайгути хъæпбæлти хæйттæ (детальтæ); театрмæ билет; 2 къоппи – сæ еуебæл уæлæмхасæн ес дуггаг мæнгæ бун.

**Иуарунмæ:** сюжетон хузтæ.

Къуари уати исаразт: уати еу хай ткатри хузæн арзт: бадæнтæ рæнгъæй æвæрд (бадæнтæ номирти хæццæ, кæройнæгтæбæл ба ма, рæнгъити номиртæ дæр). Кубиктæй кенæ æндæр естæмæйти, бадæнти разæй «сценæн» бунат арæзт. «Сцени» фæсте ести декорацитæ зæгъæн: бæласæ кенæ хæдзарæ.

**Уати хай:** астæуæй телевизор кенæ æ макет, сабийтæн ба æ нихмæ бадæнтæ.

### Ахури цуд

*Сабийтæ къæлæтзилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, гъæйдæ, кæрæдземæн салам радтæн.

**С.** Ӕгас цо.

**Гъ.** Нур ба мæтъæл гъæлæсæй.

*Сабийтæ салам дæдтунцæ.*

**Гъ.** Нур ба фарсти хузи.

*Сабийтæ салам дæдтунцæ.*

**Гъ.** Рæвдаугæ гъæлæсæй.

*Сабийтæ салам дæдтунцæ.*

**Гъ.** Нур ба игъæлдзæгæй.

*Сабийтæ салам дæдтунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, кæсайтæ, æз уин дууæ къоппи сюрпризти хæццæ æрбахастон. Сæ еуемæ бал си никкæсæн, æрмæст æ хурфи ци йес, уой бавзаретæ базонун.

**Сабийти дидактикон гъазт «Гъо – нæгъ»-тæ.**

*Гъонбæлгæнæг фарстати фæрци сабийти æрхæстæг кæнуй дзуаппмæ, къоппи ке ййес телевизори пульт.*

**Гъ.** Цæмæн гъæуй пульт? Куд искосун, кенæ ниххуссуг кæнун гъæуй телевизор? Пульт ма цæмæн гъæуй?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Уæ ниййергутæ цæмæ фæккæсунцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Сумах ба циуавæр равдиститæмæ уарзетæ кæсун?
*Сабийти дзуæппитæ. Кæд къуари уати телевизор ес, уæд сабийтæн барæ радтун гъæуй, цæмæй пультæй каналтæ раййев-баййев ракæнонцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, равдиститæ куд аразунцæ, уой зонетæ? Уæ телевизорти еци равдиститæ куд фæззиннунцæ?
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй Останкини æма Цæгат Иристони телемæсгути хузтæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, аци телемæсуг æй мæскуй. Уордæги мах телемæсугмæ равдистити сигналтæ æрвист æрцæунцæ. Мах уон  сæ æрахæссуй, æма сæ мах телевизортæмæ æрбарветуй, цæмæй сæмæ мах бакæсæн. Æма цума, еци равдиститæ аразгæ ба, ка кæнуй?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, зæгъайтæ, æндæр горæттæ æма бæстити адæн куд цæрунцæ, уой ке фæрци базонæн?
**С.** Кореспондентти фæрци.
*Сабийтæ къулумпу ку кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг æхуæдæг хузтæ æвдесуй æма дзоруй. Кореспондентти хæццæ фæуунцæ оператортæ дæр. Етæ едадзугдæр еумæ фæццæунцæ. Адæни хæццæ дзоргæй, берæ æрмæг исесунцæ камерæмæ. Уой фæсте æрмæг студимæ æрбахæссунцæ, уоми ма ибæл бакосунцæ æма си равдист рауайуй.*
**Гъ.** Равдист раст арæзт æй, æви нæ, уой ба исбæрæг кæнуй редактор. Равдист ка фæййамонуй, еци лæг ба куд хуннуй?
**С.** Амонæг.
**Гъ.** Фæстаг хабæрттæ ба ка фæдздзоруй?
**С.** Диктор.

**Гъ.** Нуртæккæ сумах дæр дикторæ уодзинайтæ. Райсетæ хузтæ æма телевизорæй хабæрттæ фегъосун кæнетæ.
Сабийтæ, хъæбæр гæгъæдийæй конд телевизори макеттæй, испайда кæнунцæ, æма сæ хабæрттæ фегъосун кæнунцæ. Зæгъæн: Къостай гъæуи æрæмбурд кодтонцæ «гъæздуг тиллæг», нæ горæтмæ «цирк æрцудæй» æма у.и.
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Хуарз дикторæ уи рауадæй: арæхстгун æма зæрдæхæлартæ. Нур ба уин раддзæн хæдзарæмæ куст. Сумах уодзинайтæ нæ къуари уати кореспонденттæ æма оператортæ. Уæ изæр куд рарвистайтæ, уой исхузæ кæндзинайтæ, æма нин æй исон радзордзинайтæ. Багъуди кодтайтæ ихæслæвæрд? Нур ба иннæ къоппмæ æркæсæн. Фиццаг бал æй байгон кæнæн. Кæсайтæ, æ хурфи ку неци ес. *Æвæдзи* ести æнахур-дессаг дзурдтæ зæгъун гъæуй. Сумах циуавæр дзурдтæ зонетæ?
*Сабийтæ дзорунцæ, гъонбæлгæнæг ба къопп иннердæмæ æрзелуй æма си театрмæ билет исесуй.*
**Гъ.** Сабийтæ, айтæ ци æй?
**С.** Киномæ кенæ театрмæ билет.
**Гъ.** Раст зæгъетæ, театрмæ билет. Æма нæ горæти театртæ ес? Циуавæр театртæ зонетæ?
*Сабийтæ дзорунцæ, гъонбæлгæнæг ба иллюстрацитæ æвдесуй.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, театр ци æй?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æз уæ театрмæ хонун. Райсетæ фæйнæ билетти æма уæ бунæттæ иссеретæ.
Билæттæбæл бунæттæ аллихузон геометрион фигуритæй бæрæгонд æнцæ, бадæнти рæнгъитæ ба – нимæдзтæй.
**Гъ.** Уæ зæрдæбæл бадаретæ театри гъæрæй дзорун ке не ’нгъезуй, уой. Уæ еугур дæр уæ бунæттæ иссердтайтæ æма цæттæ айтæ спектаклмæ кæсунцæ. Æма кæд нуртæккæ спектаклмæ кæссинайтæ, уæд уæ исхонун æнгъезуй?

**С.** Мах ан кæсгутæ.

**Гъ.** Спектакльи архайд кæми цæудзæй, еци бунат ба куд хуннуй?

**С.** Сценæ.

**Гъ.** Сценитæ аллихузон фæуунцæ. Ес устур сценæ дæр æма минкъий дæр. Фал алли сценæбæл дæр бунат фæууй спектаклъæн, фæссценæн, декорацитæн. Декорацитæ ба ци æнцæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Спектаклъи сценæбæл ба ка фæгъгъазуй?

**С.** Артиститæ.

**Гъ.** Спектакль ба ка æргъуди кæнуй?

**С.** Автор.

*Сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ, уæд сæ гъонбæлгæнæг, фарстатæ дæдгæй, раст дзуаппмæ æрсайуй, кенæ ба син æй нæуæг æрмæги хузæн радзоруй – автор æргъуди кæнуй спектакльи сюжет, режиссер ба артиститæн разамунд фæддæдтуй.*

**Гъ.** Сабийтæ, артиститæн уæледарæс ба ка æргъуди кæнуй?

**С.** Дарæстæ хузгæнæг.

**Гъ.** Спектакльтæн декорацитæ ба æргъуди кæнунцæ хузгæнæг – декоратортæ. Артистти сæ архайгути æнгæс ка искæнуй, еци адæймаг ба куд хуннуй?

**С.** Гример.

*Сабийтæ дзуапп ку нæ зононцæ, уæд син гъонбæлгæнæг фенхус кæнуй.*

**Гъ.** Нур ба сабургай исистетæ æма мæ размæ «сценæмæ» рацотæ. Нур ба ка айтæ?

**С.** Нур ба ан артиститæ.

**Гъ.** Раст загътайтæ! Нуртæккæ базондзинан искурдийадгун артисттæ айтæ æви нæ, уой. Тумбул зилдæй горцъебæл рабадетæ æма рагъазæн гъазт «Фестдзæнæн»-æй. Сабийтæ, мæ къохи циййес?

**С.** Къ{рускæ.

**Гъ.** Нуртæккæ сумах аци къ}рускæ кезугай кæрæдземæ дæтдзинайтæ æма си мимикæ, понтомимæ æма аллихузон имитаци кæнгæй, æндæр – æримист предмет рауайдзæй.

*Цæмæй сабийтæ гъазт хуæздæр балæдæронцæ, уой туххæй фиццаг гъонбæлгæнæг æхуæдæг райдайуй. Зæгъæн: къ}рускæ «фестдзæй» вазæ æма си деденгутæ ниввæрдзинан, идарддæр фестдзæй едуг, удта – ходæ æма у.и.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба уæлæмæ фестетæ æма ма еу гъазт ракæнæн. Гъазт хуннуй «Æз ка дæн?»

Гъæуамæ сумах мимикæй, къохти æзмæлдæй, аллихузон муртæй ести кенæ еске бавдесайтæ, цæмæй æй еугурæй дæр базононцæ. Алке дæр уи æ архайд гъæуамæ райдайа мæнæ ауæхæн дзурдтæй «Æз ка дæн?»

*Гъазт райдайуй гъонбæлгæнæг, уой фæсте ба сабийтæ кезугай.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сумах хуарз артиститæ айтæ. Фал ди цæмæй хъæбæр хуарз артист рауайа, уой туххæй ба берæ ахур кæнун гъæуй.

**Гъ.** Сабийтæ, спектакль айдагъдæр театри фæууинун æнгъезуй? Кæми ма бакæсун æнгъезуй спектакльмæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ. Гъонбæлгæнæг сабийти æрхæстæг кæнуй мæнæ ауæхæн дзуаппмæ, спектакль æнгъезуй фæууинун телевизори дæр. Спектакль пленкæбæл финст ку æрцæуй, уæд æй телевизорбæл дæр бавдесунцæ. Спектакль ма фæууинун æнгъезуй, артиститæ рæвдауæндонæмæ ку æрбацæуонцæ, уæд, кенæ ба нæхуæдтæ, нæ къуари уати аргъау ку рагъазæн.*

**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, спектаклмæ кæсун цæмæдесдæр кæми æй хæдзари æви театри, кæсгути зали?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Мæн фæндуй, цæмæй сумах изæри, аргъау равдесайтæ, ци дарæстæ нæмæ ес, уонæй испайда гæнгæй. Еумæ рав-

зардзинан гример æма хузгæнæг – декоратор. Мæ хæццæ арази айтæ. Нур ба мин зæгъайтæ, ацибон уæ зæрдæмæ фулдæр ци фæццудæй?

*Изæрæй сабийтæн хæдзарæмæ ихæслæвæрд сæ зæрди æрæфтаун кæнун, сæумæй ба исаразун «Телеравдист» кенæ «Нæ фæстаг хабæрттæ». Изæрæй сабийти хæццæ рагъазун цийфæнди уруссаг кенæ дигорон зонгæ аргъау.*

***30-аг ахури усмæ***

**Темæ: «Æгас цо, сæрдæ!»**

**Темæ: «Æрæмбурд кæнæ сæрди хузтæ»**

**Нисан:** – Урухдæр æма федардæр кæнун сабийти зонундзийнæдтæ сæрди туххæй, куд анзи афонæ, уотæ; æ характерон минейгути туххæй.

– Ирæзун кæнун сабийти игъосундзийнадæ, логикон гъудикæнунадæ, хе гъудитæ раст дзоруни арæхстдзийнадæ.

– Æнхус ке гъæуа, уомæн сæмæ фенхус кæнун куд фæндæ уа æма æрдзæбæл куд ауодонцæ, уотæ сæ гъонбæл кæнун.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** Паспорту кенæ рамкæ сæрдигон пейзажи хузистæн. Паспорту 6 квадраттебæл дехгонд, сæ медæгæ ба аллихузон, хузгин геометрион фигуритæ. Райсун æмбæлуй еу хузи хуарæнæй хурст, аллихузон фигуритæ кенæ, еу геометрион фигурæ, фал алли хузи хуарæнтæй хурститæ.

Хузист 6 хаййи гонд æй. Еци хæйттæ сабийтæ кезугай иссердзæнцæ. 6 уæхæн геометрион фигури ма æвæрд ес, сабийти уати, алли рауæнти. Тумбулæг – диаграммæ «Анзи афæнттæ», хузтæ «Æрдзи унæр» аудиофинстæй; хузти хæццæ къарточкитæ:

1) толдзæ, нæзи, назу, гæди, пальма;

2) дортæ, нинæгъ, легъон, цагъана;

3) ногъай сифæ, теуай синдзæ, хъаппæ-хъуппæ;

4) дзæбодур, зумаргъ, арс, гъæддаг хуй, кæфхъундар;
5) цæугæдон, денгиз, лæхцорæн (водопад);
6) гъæдкъуæр, дугоппон, зæрбатуг, уг, тотий.

**Иуарунмæ:** къарточкитæ минкъий цæрæгойти хузти хæццæ: хъæбуза, биндзæ, хæлаур, туасæг (стрекоза); фломастертæ; санс (клей) – къариндас, альбоми тъафæ.

## Ахури цуд

*Сабийтæ тумбул зилдæй горцъебæл бадунцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн æма кæрæдземæн гъæрæй зæгъæн «Дæ сæумæ хуарз!» Сабийтæ, уæ зæрдиуагæ циуавæр æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Мадта, æз ба æнкъард дæн. Балæвар мин кодтонцæ хъæбæр рæсугъд хузæ, хунгæ ба кодта «Сæрдæ». Уалинмæ, кæцæйдæр карз думгæ æрбадумдта, арв нигъгъæр кодта æма ферттивта. Æз фæттарстæн, хузæ мæ къохтæй æрхаудтæй æма цалдæр хаййи фæццæй. Хузи хæйттæ думгæ уæлдæфмæ исиста æма сæ фæххаста.

Æма ци кæнон, нæ зонун. Еунæгæй ку неци бакæнон. Сумах мин нæ фæййанхос кæндзинайтæ хузæ фæстæмæ хайгай æрæмбурд кæнунмæ?

*Гъонбæлгæнæги къохти и хузи паспорти кенæ æ рамкæ. Паспорту квадраттæбæл дехтæ конд æй. Квадратти медæгæ ба геометрион фигуритæ. Уæхæн геометрион фигуритæ ба ма, къуари уати, алли рауæнтæй дæр æвæрд ес.*

**Гъ.** Сабийтæ, еци дехтæгонд хузæмæ гæсгæ нин æнцондæр уодзæй, хузи хæйттæ баеу кæнун. Нæ къуари уати агордзинан геометрион фигуритæ, гъома æнхæст кæндзинан ихæслæвæрд.Хузи хæйттæй, гъæуамæ нæхецæн, искæнæн хуарз лæвар – хузæ.

*Хузи алли хайбæл дæр фæстегæй еу геометрион хузæ конд ес. Сабийтæ хуарз цæттæ ку уонцæ, уæд æнгъезуй, геометрион фигуритæ кæбæл нæ уа, уæхæн хузи хæйттæ райсун.*

**Гъ.** Цæттæ айтæ? Циуавæр фигурæ иссерун гъæуй фиццаг?
**С.** Сурх æртикъумæг.
*Гъазти еу хузи хурст фигуритæй пайда кæнун дæр æнгъезуй.*
*Сабийтæ къуари уати иссерунцæ уæхæн фигурæ æма ихæслæвæрд идарддæр æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба æркæсæн нæ «Анзи афæнтти» зилдæгмæ æма æ рази ци хузтæ ес, уонæмæ. Хузтæ, æвæдзи, анзи афæнттæмæ гæсгæ æвæрун гъæуй зилдæгбæл.
*Ихæслæвæрд нæуæгæй кæнгæй, сабийтæн зæгъуй, цæмæй «Сæрди» зилдæги секторбæл айдагъдæр сæрдигон хузтæ æвæронцæ, иннети ба сæ бунати уадзæнтæ.*
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Хуарз. Нур ба уæ гъæуй мæ фарстатæн дзуæппитæ радтун. Цæттæ айтæ?
Циуавæр анзи афони фæсте ралæууй сæрдæ? Сæрди мæйтæ ранимайайтæ.
Ами сабийтæн балæдæрун кæнун æнгъезуй ци æй арвигъæр, сах уарун.
Сах уаруни рæстæг ци фæууй? Арвигъæр тæссагдæр æй, æви æрвиæрттивд? Сах уарун бæрзонд бæласи буни римæхсун цæмæннæ æнгъезуй кенæ устур æфсæйнаг предметти рази лæуун? Ци æй сах уарун?
Къæвдай фæсте арвбæл ци фæууинун æнгъезуй?
Сослани æндурæбæл рабадун æнгъезуй? Цæун ба?
Сослани æндурæ æй хузгин къæлæт, кæци фæззиннуй арвбæл фæскъæвда. Арæзт æй листæг къæвдай æртæхтæй, кæцитæ хори тунтæмæ исхузгин унцæ. Сослани æндури циуавæр хузтæ ес? Ци æй æртæх, мегъæ?
Етæ дæр æнцæ листæг дони æртæхтæ, фæззиннунцæ уæлдæф ку æруазал уй, уæд. Еци æрдзон фæззиндтитæ фæуунцæ сæумæй.
*Сабийтæ хузи фиццаг хай иссерунцæ æма æй райсунцæ?*

**Гъ.** Гъæйдæ, нур ба иннæ хæйтти дæр агорæн. Ке мин байанхос кæндзинайтæ, уой зонун æма уомæ гæсгæ, мæ зæрдиуагæ фæххуæздæр æй.

*Сабийтæ æндæр фигурæ иссерунцæ нæуæг ихæслæвæрдти хæццæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, нур ба уæ цæститæ ницъцъундæ кæнетæ æма кæми бавзурдзинан, уой базонетæ. Цалинмæ уин æз зæгъон, уæдмæ уæ цæститæ ма байгон кæнетæ.

*Сабийтæ горцъебæл бадгæй сæ цæститæ ницъцъундæ кæнунцæ æма игъосунцæ магнитофонбæл финст «Æрдзи унæрмæ». Сабийтæ сæ цæститæ нæ байгон гæнгæй, дзорунцæ кæми æнцæ æма сæмæ ци игъусуй, уой.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Æцæгæйдæр мах гъæди февзурдан. Æма уин мæнæ нæуæг ихæслæвæрд.

*Гъонбæлгæнæг ранимайун аллихузон предметти кенæ фæззиндтити нæмттæ, сабийтæ ба, гъæуама, исбæрæг кæнонцæ Цæгат Иристонмæ си кæцитæ нæ хаунцæ æма син еу дзурдæй сæ ном зæгъонцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, æркæсайтæ къарточкитæмæ. Ци уинетæ, уой еу дзурдæй зæгъетæ æма исбæрæг кæнетæ Цæгат Иристонмæ си кæцитæ нæ хауй æма цæмæннæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Ихæслæвæрд исæнхæст кæнун æнгъезуй æндæр мадзалæй дæр: сабийтæ «Цæгат Иристони» макетбæл (кæд рæвдауæндони уа ауæхæн макет, уæд) æрæвæрунцæ хузтæ. Хузтæ ма æнгъезуй Цæгат Иристони къартæбæл æрæвæрун дæр.*

**Гъ.** Хуарз исæнхæст кодтайтæ аци ихæслæвæрд дæр. Райсæн нæ хузи хай æма идарддæр архайæн. Сабийтæ, райсайтæ къарточкитæ. Ке хузтæ си уинетæ?

**С.** Минкъий цæрæгойтæ.

**Гъ.** Сæрдигон минкъий цæрæгойтæ цæмæ исберæ унцæ? Уазал рæстæги ба кæми адтæнцæ? Ци пайда æнцæ? Зæран ба хæссунцæ? Æнгъезуй сæ æфхуæрун æви нæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Нур ба уин æз дзордзæнæн бацеу-бацеутæ, сумах ба син уæ къарточкити, ханхæй, сæ дзуæппитæ ниббæрæг кæнийайтæ. Цæттæ айтæ?

а) Фæззæг фæскъи бабуруй, уалдзæги ба ратæхуй. *(Биндзæ)*

æ) Заргæ, заргæ тæхуй,
   Тог цъирун æй фæндуй. *(Саскъа)*

б) Хæларзæрдæ ма косагæ,
   Еумæ дасунцæ хæдзарæ. *(Мулдзгутæ)*

в) Рæсугъд æ базуртæ,
   Уиндæй – хуæрзконд.
   Истелуй къабæзтæ,
   Истæхуй бæрзонд. *(Гæбæло)*

г) Содзийнæ райсун нæ зонуй,
   Уотемæй ба тунæ уафуй. *(Хæлаур)*

*Къарточкитæй еуей хузæбæл ма раханхæ кæнгæй, сабийтæн нæуæг ихæслæвæрд радтун: еци хузæбæл бацеу-бацеу æргъуди кæнун.*

**Гъ.** Аци ихæслæвæрд дæр искодтайтæ. Идарддæр архайун. Кæсайтæ, мæнæ ардæмæ, 2 фигури сæхе баримахст онцæ. Хъæбæр хуарз! Нæ хузи исцæттæмæ берæ нæбал гъæуй. Нур ба байгъосетæ ихæслæвæрдмæ!

Сумах искæнун гъæуй логикон хинцуйнаг! Исарæхссинайтæ?

Гъæди сæрти 3 кæсалги тахтæй, 2 си арбадтæй. Цал кæсалги ма фæттахтæй? Цал гудели æрзайдзæй назу бæласи муггæгтæй? Зонтикки буни цудæй 2 биццеуи æма 2 кизги, æма си еу дæр нæ ницъцъифæ ’й. Цæмæннæ? (къæвда нæ уардтæ.) Бæласæй харбуз тагъд кутемæй æртонун æнгъезуй?

Терки бегемот накæ кæнуй. Размæ тагъд цæуй. Махмæ кæд æрбанакæ кæндзæй?

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба фæстаг ихæслæвæрд. Æркæсетæ

хузтæмæ æма зæгъетæ, еумæйагæй сæмæ ци ййес удта цæмæйти хецæн кæнунцæ?

*Аци гъазти æнгъезуй алкæмæн дæр дугай хузтæ байуарун, кенæ ба, биццеутæ агорунцæ еумæйаг минеугутæ, кизгуттæ ба – хецæндзийнæдтæ.*

*Дæдгæ ба æй æнкъай хузтæ, зæгъæн:*

*гъог – бæх, арс – берæгъ, фус – сæгъæ, халон – æхсæрæ цъеу, астъонæ – хæдзарæ.*

*Ихæслæвæрд фæззиндæр кæнун дæр æнгъезуй, мæнæ ауæхæн хузтæ байуаргæй: пъæлæз – зонтик; тикис – фæткъу, бæх – барæг.*

**Гъ.** Сабийтæ, хузи хæйттæ иссердтан æма нин идарддæр ба ци гæнгæ æй?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æрæмбурд кæнун æй бавзарæн.

*Сабийтæ хузæ æрæмбурд кæнунцæ, æ хæйттæ ин альбоми тъафæбæл нихасунцæ æма цæттæ хузæ рамки байвæрунцæ.*

**Гъ.** Кæсайтæ, ци рæсугъд хузæ æй. Мæ зæрдæмæ хъæбæр цæуй! Сабийтæ, сумах ба сæрдæ цæй туххæй уарзетæ?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æз дæр берæ уарзун сæрдæ. Фал сæрдигон адæймаг гъæуамæ æхе алцæмæй дæр гъæуай кæна, æдасдзийнади æгъдауи фæткитæ ба æнхæст кæна. Ци не ’нгъезуй кæнун цæугæдæнтти, денгизи, цади? Хор бони нæ сæртæбæл гъæуамæ ци уа? Гъæди еугур гуделтæ æма гагарæзæ хуæрунмæ бæззунцæ? Ацибон хуарз байанхос кодтайтæ æма уин арфæ кæнун. Сумахæн ба уæ зæрдæмæ ци фæццудæй?

*Ахури усми рæстæг, сабийтæ ма гъæди ку «адтæнцæ», уæд идарддæр цæрæгойтæ фестуни гъазт кæнун æнгъезуй; фæнзун, арс куд цæуй кенæ тæрхъос куд гæппитæ кæнуй æма у.и. Кенæ деденæг фестгæй, думгæмæ куд ратасæ-батасæ кæнунцæ æма у.и.*

## Алфанбулай дуйней зонунади бæрцæ бæлвурдкæнун скъолаагъонмæ хестæр къуари (5–6-анздзуд) сабийтæн

| № | Сабиййи М. Н. Ф. | Еумæйаг царди гъуддæгтæ зонунадæ | | | | | | | | Æрдзæ зонунадæ | | | | | Предметон алфанбулай зонунадæ | | | Зонундзийнæдтæ базунди бæрцæ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Транспорти хузтæ; цæмæн гъæунцæ | Дæснийæдтæ зонунадæ, дæсни-йæдти косæн дзаумæуттæ (инстру-менттæ) | Хæдзарæ æма гъæунги хе багъæуай-кæнуни амæлттæ зонун | Арми (æфсад), æфсæдтон техникæ | Спортивон классификаци | Космос | Театр, телеуинунадæ | Фидибæсти Устур тугъди туххæй зонун, Уæлахези Бæрæгбони | Райгурæн бæстихаййи æрдзæ | Зонун æрдзи рæстæгон æййивдтити цуд (уалдзæги, сæрди, фæззæги, зумæги) | Мæргъти классификаци | Минкъий цæрæгойти классификаци | Уодæгас æма æнæуод æрдзи объектæ | Хумæтæги пълæнттæ аразун, алфанбулай итигъдади схемитæ (къуар, хай) | Зонун предметти минеугутæн харак-теристикитæ радтун | Предметтæ классификаци кæнун сæ алли-хузон бæрæггæнæнтæмæ гæсæг | |
| 1 | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 4 | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

1–2 – ниллæг – 16–32 (ниллæг); 3 – рæстæмбес – 48 (рæстæмбес); 4–5 – бæрзонд– 64–80 (бæрзонд)

СÆРГÆНДТÆ

Хестæр къуари ахурадон план ....................................................4
Ахури усмити темитæ хестæр къуари САУ.......................................5
Перспективон-тематикон план хестæр къуарæн...........................6
1-аг ахури усмæ. Темæ: «Бийнонтæ».............................................15
2-аг ахури усмæ. Темæ: «Алци зонун мæ фæндуй»......................19
3-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæ бæстихай».......................................23
4-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæ бæстæ»............................................28
5-аг ахури усмæ. Темæ: «Фæззæг»................................................33
6-аг ахури усмæ. Темæ: «Фæззæг»................................................38
7-аг ахури усмæ. Темæ: «Зæйæгойти дуйне»..............................44
8-аг ахури усмæ. Темæ: «Цæрæгойти дуйне»..............................51
9-аг ахури усмæ. Темæ: «Дæлдон дуйне»......................................56
10-аг ахури усмæ. Темæ: «Æрдзæ – нæ хæдзарæ».......................63
11-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæ бауæр»..........................................69
12-аг ахури усмæ. Темæ: «Фингæбæл хе даруни æгъдау».........76
13-аг ахури усмæ. Темæ: «Пайда æма хуæрзадæ хуæруйнаг»....80
14-аг ахури усмæ. Темæ: «Зумæг»................................................84
15-аг ахури усмæ. Темæ: «Зумæг»................................................91
16-аг ахури усмæ. Темæ: «Националон дарæс»...........................97
17-аг ахури усмæ. Темæ: «Транспорт».......................................101
18-аг ахури усмæ. Темæ: «Дæсниæдтæ»......................................105
19-аг ахури усмæ. Темæ: «Спорт»...............................................110
20-аг ахури усмæ. Темæ: «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ».........113
21-аг ахури усмæ. Темæ: «Уалдзæг»...........................................118
22-аг ахури усмæ. Темæ: «Уалдзæг»...........................................123
23-аг ахури усмæ. Темæ: «Тасдзийнадæмæ гъосдард»............127
24-аг ахури усмæ. Темæ: «Зундгин машинттæ»........................132
25-аг ахури усмæ. Темæ: «Космос»............................................136
26-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæргътæ»........................................141
27-аг ахури усмæ. Темæ: «Минкъий цæрæгойтæ»...................146
28-аг ахури усмæ. Темæ: «Уæлахези бон»................................152
29-аг ахури усмæ. Темæ: «Телеуинунадæ. Театр»............156
30-аг ахури усмæ. Темæ: «Æгас цо, сæрдæ».....................162
Алфанбулай дуйней зонунади бæрцæ бæлвурд кæнун скъола агъонмæ хестæр къуари сабийтæн...............................168

*Учебно-методическое издание*

**Тезиева Маргарита Солтановна**

Знакомство с окружающим миром;

Переводчик *Т. А. Тамаев*
Редактор *Э. Б. Скодтаев*
Корректор *А. Я. Кибиров*
Компьютерная верстка *З. Т. Добаевой*

Сдано в набор 28.04.2012. Подписано в печать 20.05.2012.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$.
Гарнитура шрифта «Times ». Печать цифровая.
Тираж 30 экз.